

RITUÈL POU SÉLÉBRÉ MARIAJ LA

SAKRÉMAN MARIAJ LA

Pro manuscripto

Port-au-Prince

3 avril 2016

Dimanche de la Divine Miséricorde
en l'Année Sainte de la Miséricorde

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Òrdo pou sélébré Mariaj la
Ordo celebrandi Matrimonium (1991)

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksyon kréyòl sa-a ak
otorizasyon

S. Em. Chibly Card. Langlois
Évèk o Kay
Prézidan Konfèrans Évèk Ayiti yo

3 avril 2016
Dimanch Divi-n Mizèrikòd
nan Ané Sint Mizèrikòd la

RITUÈL ROMIN


RÉNOUVLÉ APATI DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
ÉDITÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI
RÉVIZÉ DAPRÉ SOUIN PAP JAN PÒL II

ÒRDO POU SÉLÉBRÉ MARIAJ LA

DÉZIÈM ÉDISION TIPIK

1991





Imaj nòs Kana sa-a nan manuskri MS 108 ki nan bibliotèk lavil Amiens an Frans
Prima editio 1969 - Editio typica altera 1991
Typis polyglottis vaticanis



KONGRÉGASION POU KULT BONDIÉ-A
AVÈK DISIPLI-N SAKRÉMAN YO

Prot. N. CD 1068/89

DÉKRÈ

Rit pou sélébré Mariaj la, sa yo té jouinn lontan nan Rituèl Romin-an, dapré dékrè Konsil Vatikan II-a yo vi-n rénouvle-l nan ané 1969 la apati piblikasyon *Ordo pou sélébré Mariaj la* Sakré Kongrégasion Rit yo té fè-a.

Nan dézièm édision tipik sa-a sé minm Òrdo-a yo prezanté ki pi rich nan Sa pou yo noté anvan yo, nan rit yo ak priyè yo, nan kèk chanjman yo introdui, dapré règléman Kòd Doua Kanon yo pibliyé nan ané 1983-a.

Kongrégasion pou Kult Bondié-a ak Disipli-n Sakréman yo, apati lòd spésial Souvèrin Pontif Jan Pòl II té ba li, li té fè nouvo édision minm Òrdo sa-a vi-n nan doua piblik. Òrdo sa-a yo préparé nan dézièm édision tipik la ak lang latin-an l-ap kòmansé gin fòs tousuit lè-l parèt ; sa ki fèt nan lang pèp yo, lè Sièj Apostolik la fi-n déklaré traduksion-an valab, y-ap gin fòs apati jou Konfèrans Épiskopal yo ap fiksé-a.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Nan palè Kongrégasion pou Kult Bondié-a avèk Disipli-n Sakréman yo, jou 19 Mars 1990, nan solanité S. Jozèf.

EDUARDUS CARD. MARTINEZ

Préfè

✠ Ludovicus Kada
Arch. tit. Thibicensis
Sékrète



SAKRÉ KONGRÉGASION RIT YO

Prot. N. R. 23/969

DÉKRÈ

Òrdo pou sélébré Mariaj la, sa yo révizé dapré règléman dékrè Konstitision osijè sakré Litiji-a, ki vi-n pi anrichi, ki montré pi klè gras sakréman-an épi ki insisté sou ròl moun marié yo, Konsèy pou égzékité Konstitision osijè sakré Litiji-a té préparé-l. Souvèrin Pontif PÒL VI aprouvé minm rit sa-a avèk otorité apostolik li épi li té pasé lòd pou yo pibliyé-l. Sé poua, Sakré Kongrégasion Rit yo, apati lòd spésial li résévoua nan min Souvèrin Pontif la, li pibliyé-l antan li déklaré pou apati 1^é juiyé 1969 yo sèvi avèk li.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Nan palè Sakré Kongrégasion Rit yo, jou 19 Mars 1969, nan solanité S. Jozèf, Épou Sint Vièj Mari.

BENNO Card. GUT
Praefectus S. Congr. Rituum
et « Consilii » Praeses

✠ Ferdinandus Antonelli
Archiep. tit. Idicensis
S.C.R. a Secretis

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I

INPÒTANS AK DIGNITÉ SAKRÉMAN MARIAJ LA

1. Alians mariaj la ki fè yon gason ak yon fi fòmé yon sosiété k-ap diré pou tout lavi,¹ li résévoua fòs ak solidité sot nan kréasion-an : min an plis, pou krétyin yo, yo vi-n lévé-l nan yon dignité ki pi ro, paské yo vi-n konté-l nan pami sakréman nouvo Alians la.
2. Sé pa lintèmediè aliens moun marié yo, sètadi konsantman youn bay lòt yon fason yo pa kapab tounin sou li-a koté moun marié yo ak tout libèté yo youn rimmèt tèt li nèt bay lòt la épi résévoua lòt la nèt, ki fè vi-n gin Mariaj la. Min fidéлитé total moun marié yo épi unité lyin ki pa kapab défèt la, sou yon bò sé sa inion sa-a ant yon sèl gason ak yon sèl fi-a égzijé, sou yon lòt bò sé sa byin pitit yo mandé.²
3. Daprè karaktè natirèl li-a, institisyon Mariaj la minm ak amou dé moun ki marié yo, orienté pou anfanté épi édiké ti moun yo, yo minm ki sèvi tankou kouròn sou tèt li,³ épi pitit yo tout bon vré sé yo ki pi gran kado Mariaj la épi tou yo poté konkou pou pi gran byin paran yo.
4. Kominoté profon lavi-a ak rinmin-an ki fè moun marié yo « yo pa dé ankò min yon sèl chè-a »,⁴ sé Bondié Kréatè-a li minm ki té fè-l, li bati ak pròp laloua li épi li anrichi avèk bénédiksyon sa-a minm, li minm sèl chatiman péché orijinèl la pa-t ouété-a.⁵ Sé poussa lyin sakré sa-a, li pa dépann dé pròp libèté moun nan, min li dépann dé otè Mariaj la ki té vlé ba li byin avèk déstiné spésial.⁶

¹ C.I.C., can. 1055, § 1.

² Cf. Conc. Vat. II, Const. pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, n. 48.

³ Cf. *ibid.*

⁴ *Mt* 19, 6.

⁵ Cf. bénédiksyon nupsial.

⁶ Cf. Conc. Vat. II, Const. pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, n. 48.

5. Kris Granmèt la réyèlman, antan li fè kréatu nouvo épi tout bagay nouvo,⁷ li té vlé pou Mariaj la tounin nan premié fòm li-an avèk sinteté-l la, yon fason pou sa Bondié vi-n mété ansanm anba minm jouk la, moun pa séparé-l,⁸ min an plis pou-l té montré pi klè aliens sa-a ki pa kapab défèt la ant moun ki marié yo épi pou té fè-l vi-n tounin pi fasilman modèl aliens mariaj li ak Égliz la, li té lévé-l nan dignité Sakrèman.⁹
6. Gras a prézans li, li té poté bénédiksion avèk kè kontan nan nòs Kana-a, antan divin-an vi-n fèt apati dlo-a, konsa li montré davans lè aliens ki nouvo-a épi ki la pou tout tan-an : « Minm jan réyèlman lontan Bondié té vi-n rankontré pèp li-a nan yon aliens rinmin avèk fidèlité, konsa koulié-a Sovè moun yo »¹⁰ ofri pròp tèt li kòm Épou bay Égliz la, antan-l akonpli aliens avèk li nan mistè paskal li-a.
7. Gras a Batèm nan, sètadi sakrèman lafoua-a, yon gason ak yon fi, yon foua épi pou tout tan, yo angajé yo nan aliens Kris la avèk Égliz la yon fason pou, kominoté mariaj yo-a, charité Kris la pran-l épi anrichi-l ak pouvoua sakrifis li-a.¹¹ Apati nouvo kondision sa-a an konsèkans Mariaj valid moun ki batizé yo li toujou yon Sakrèman.¹²
8. Pa lintèmédiè sakrèman Mariaj la épou krétyin yo montré mistè unité avèk amou ki donnin frui ant Kris la avèk Égliz la épi yo patispé ladan-l ;¹³ sé poua ni antan yo anbrasé lavi mariaj la ni antan yo résévoua pitit yo épi yo édiké yo, youn édé lòt pou yo vi-n sin épi nan pèp Bondié-a yo ginyin plas yo épi pròp kado yo.¹⁴
9. Pa lintèmédiè Sakrèman sa-a Éspri-Sin-an fè pou minm jan Kris la rinmin Égliz la épi li té rinnèt tèt li pou li-a,¹⁵ konsa tou moun marié krétyin yo nan minm dignité-a, nan rinnèt youn rinnèt tèt li bay lòt la épi nan amou san pataj youn gin pou lòt la ki jayi sot nan sous charité Bondié-a, yo fè éfò pou yo nourri union yo anba minm jouk la épi pou yo dévlopé-l, antan yo

⁷ Cf. 2 Cor 5, 17.

⁸ Cf. Mt 19, 6.

⁹ Cf. Conc. Vat. II, Const. pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, n. 48.

¹⁰ *Ibid.*

¹¹ Cf. Ioannes Paulus II, Adhortatio Apostolica *Familiaris consortio*, n. 13: A.A.S. 74 (1982) 95; cf. Conc. Vat. II, Const. pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, n. 48.

¹² Cf. C.I.C., can. 1055, § 2.

¹³ Cf. Eph 5, 25.

¹⁴ Cf. 1 Cor 7, 7; Conc. Vat. II, Const. dogmatica de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 11.

¹⁵ Cf. Eph 5, 25.

asosié ni pou bagay Bondié ni pou bagay lèzòm ansanm, yo rété fidèl ni nan kò ni nan lèspri, nan bon tan ak mové tan,¹⁶ antan yo rété byin étranjé parapò a tout adiltè ak tout divòs.¹⁷

10. Véritab kult amou konjugal la avèk tout rézon vi familial la, san mété akoté lòt finalité Mariaj la, yo dirijé pou épou krétyin yo dispozé ak fèm konviksion pou yo kolaboré avèk amou Kréatè-a épi Sovè-a, li minm ki pa lintèmediè yo jou an jou ap dévlopé fanmi li-an épi ap anrichi-l.¹⁸ Sé poussa, antan yo mét konfians yo nan divi-n Providans la épi antan yo kultivé éspri sakrifis la,¹⁹ yo glorifié Kréatè-a épi yo fè éfò pou yo rivé nan pèfèksion nan Kris la, lè yo ranpli fonksion fè pitit la nan réponsabilité ki mandé jénérozité kòm moun épi kòm krétyin.²⁰

11. Bondié réyèlman ki té rélé épou yo pou Mariaj, li kontinué ap rélé nan Mariaj la.²¹ Moun yo ki marié nan Kris la sé avèk frui yo gin pouvoua sélébré mistè union Kris la avèk Égliz la nan lafoua paròl Bondié-a, viv li yon fason douat épi témouagné-l dévan tout moun yon fason piblik. Mariaj la yo dézire-a, yo préparé-a, yo sélébré-a épi yo minnin nan lavi chak jou-a nan limiè lafoua-a, sé li minm « Égliz la ini-an, li minm ofrann nan bay asirans la, li minm bénédiksion-an maké-a, li minm anj yo anonsé-a, li minm Papa-a konfirmé-a... Ala yon kalité jouk pou dé fidèl ki gin yon sèl éspérans, yon sèl disipli-n, minm sèvis ! Toulèdé frè, toulèdé konvèti, okinn séparasion ni lèspri ni chè. Épi sé tout bon dé nan yon sèl chè ; koté chè-a youn nan, éspri-a youn tou ».²²

II

DÉVOUA AVÈK MINISTÈ

12. Préparation Mariaj la ni sélébrasion-l, ki konséné toudabò moun ki gin pou marié yo épi fanmi yo, parapò a souin pastoral la épi litijik la, li dépann

¹⁶ Cf. Conc. Vat. II, Const. pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, nn. 48, 50.

¹⁷ Cf. *ibid.*, n. 49.

¹⁸ Cf. *ibid.*, n. 50.

¹⁹ Cf. *1 Cor* 7, 5.

²⁰ Cf. Conc. Vat. II, Const. pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, n. 50.

²¹ Cf. Ioannes Paulus II, Adhortatio Apostolica *Familiaris consortio*, n. 51: *A.A.S.* 74 (1982) 143.

²² Tertullianus, *Ad uxorem*, II, VIII: *CCL* I, 393.

dé Èvèk la, kuré parouas la épi vikè-l yo, épi, omouin yon sètèn fason, tout kominoté éklézial la.²³

13. Daprè règléman oubyin indikasyon pastoral, sa Konfèrans épiskopal la pétèt mété osijè préparasyon moun k-ap marié yo, oubyin souin pastoral mariaj la, sé Èvèk la ki pou réglé sélébrasyon avèk souin pastoral sakrèman-an nan tout diosèz la, antan li òdoné asistans yo doué bay fidèl yo sou kijan yo doué kinbé kondision mariaj la nan éspri krétyin-an épi kijan yo doué dévlopé-l pou-l fi-n apouin nèt.²⁴

14. Pastè nanm yo, yo doué fè atansyon pou nan pròp kominoté-a asistans sa-a toudabò doué ofri :

1) gras a prédikasyon-an, katéchèz ki adapté pou pi piti yo, jèn yo avèk adult yo, minm avèk sèvis instriman kominikasyon sosyal yo, pou fidèl yo jouinn fòmasyon osijè signifkasyon mariaj krétyin-an avèk fonksion moun ki marié yo avèk paran krétyin yo ;

2) gras a préparasyon pèsònèl pou antré nan mariaj la koté moun k-ap marié yo dispozé pou nouvo kondision sinteté-a épi dévoua yo ;

3) gras a sélébrasyon litijik mariaj la ki donnin frui, koté yo fè ouè kijan moun k-ap marié yo montré épi patisipé nan mistè unité avèk fécondité amou ant Kris la ak Égliz la ;

4) gras a sèkou yo poté bay moun ki marié yo pou yo kinbé avèk fidélité épi protéjé aliens mariaj la pou yo rivé jou an jou pou yo vi-n pi sin épi pou yo kondui vi fanmi-an pi byin.²⁵

15. Pou préparasyon mariaj la jan sa doué fèt la, yo bézouin yon tan sifizan, osijè nésésité sa-a fò yo avèti moun ki gin pou marié yo dépi anvan.

16. Pastè yo, antan yo kité amou Kris la kondui yo, sé pou yo résévoua fiancé yo épi sitou sé pou yo chofé lafoua yo épi pou yo nourri-l : sèké sakrèman mariaj la sipozé lafoua-a épi égzijé-l.²⁶

17. Daprè éléman fondamantal doktri-n krétyin-an, sa yo di osijè yo pi ro-a (nn. 1-11), antan yo raplé nan mémoua fiancé yo daprè nésésité, sé pou yo fè katéchèz pou yo ni osijè Mariaj la ak fanmi-an ni osijè sakrèman-an avèk rit li yo, priyè yo ak léktu yo yon fason pou yo kapab sélébré-l avèk konsians épi avèk frui.

²³ Ioannes Paulus II, Adhortatio Apostolica *Familiaris consortio*, n. 66: A.A.S. 74 (1982) 159-162.

²⁴ Cf. *ibid.*; cf. C.I.C., cann. 1063-1064.

²⁵ Cf. C.I.C., can. 1063.

²⁶ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 59.

18. Katolik yo ki poko rèsévoua sakréman Konfirmasion-an, anvan yo admèt yo pou mariaj la sé pou yo rèsévoua-l pou yo konplété inisiasion krétièn nan, si sa kapab fèt san grav inkonvénian. Yo rékòmandé fiancé yo pou, nan préparasion sakréman Mariaj la, yo rèsévoua sakréman Pénitans la, si sa nésésé épi pou yo proché la trè sint Ékaristi sitou nan sélébrasion Mariaj la minm.²⁷

19. Anvan yo sélébré Mariaj la, yo doué konstaté pa gin anyin ki anpéché pou sélébré-l yon fason valid épi lisit.²⁸

20. Nan préparasion ki gin pou fèt la, antan yo fè atansyon mantalite pèp la osijè Mariaj la ak fanmi-an, Pastè yo doué fè éfò pou anonsé nan limiè lafoua-a bòn nouvèl rinmin youn pou lòt la ki otantik la. Épi an plis, bagay ki égzijé dapré doua-a pou kontrakté yon Mariaj valid épi lisit kapab sèvi pou dévlopé yon lafoua vif épi yon amou ki donnin frui ant fiancé yo pou fè yon fanmi krétyin.

21. Sèlman si malgré tout éfò pou rédui sa-k ka anpéché mariaj la, fiancé yo klèman épi karèman déklaré yo réfizé sa Égliz la gin nan lidé-l la lè l-ap sélébré Mariaj moun ki batizé yo, Pastè nanm yo pa gin doua admèt yo nan sélébrasion-an, malgré bagay sa-a fè yo faché, sé pou-l rékonèt bagay la li-minm épi pou-l konvink moun yo sa intérése-a, sé pa Égliz la, min sé yo minm k-ap mandé sélébrasion-an ki anpéché-l nan kondision sa yo.²⁹

22. Osijè Mariaj la, pafoua gin ka patikilié ki prezanté tankou Mariaj avèk pati ki batizé ki pa katolik, avèk katékumèn, avèk yon pati ki pa batizé oubyin minm ak yon pati ki klèman réfizé lafoua katolik la. Moun ki ginyin pou okipé kèsion pastoral doué gin dévan jé yo régléman Égliz la pou kalité ka sa yo épi yo alé si ka-a prezanté koté otorité ki gin pouvoua-a.

23. Li konvnan pou sé minm prèt la ki té préparé fiancé yo ki pou fè oméli-a nan pròp sélébrasion sakréman-an, ki pou rèsévoua konsantman-an épi ki pou sélébré Mès la.

24. Diak la tou gin doua, antan li rèsévoua pèmision nan min kuré-a oubyin Òrdinè koté-a, pou-l prezidé sélébrasion Sakréman-an,³⁰ san ouété bénédiksjon nupsial la.

25. Koté pa gin prèt épi diak, Évèk diosézin-an, antan Konfèrans Épiskopal la davans poté nan sans sa-a épitou antan li rèsévoua pèmision Sièj Apostolik la, kapab délégé layik ki pou asisté Mariaj yo. Sé pou yo chouazi yon layik

²⁷ Cf. C.I.C., can. 1065.

²⁸ Cf. *ibid.*, can. 1066.

²⁹ Cf. Ioannes Paulus II, Adhortatio Apostolica *Familiaris consortio*, n. 68: *A.A.S.* 74 (1982) 165.

³⁰ Cf. C.I.C., can. 1111.

ki dign, ki gin kapasité pou trasnmèt fòmasyon bay fiancé yo, épi ki kapab kondui litiji Mariaj la jan sa doué fèt.³¹ Sé pou-l mandé konsantman moun kap marié yo épi résévoua-l onon Égliz la.³²

26. Dòt layik minm, nan divès fason, kapab patisipé soua nan préparasion spirituèl fiancé yo soua nan sélébrasion rit la minm. Fòk tout kominoté krétièn nan minm kolaboré pou témouagné lafoua-a épi montré tè-a amou Kris la.

27. Mariaj la, yo sélébré-l nan parouas youn nan dé fiancé yo oubyin yon lòt koté avèk pémision Òrdinè-a minm oubyin kuré-a.³³

III

SÈLÈBRASION MARIAJ LA

Préparasion

28. Kòm Mariaj la gin pou ròl pou li ogmanté épi sanktifé pèp Bondié-a, sélébrasion li doué montré yon karaktè kominoté ki mandé patisipasion ata kominoté parouasial la li-minm, omouin palintèmédiè sètin manb li. Antan yo fè atansyon abitud réjion yo, dapré nésésité, yo kapab sélébré anpil Mariaj nan minm moman-an oubyin sélébrasion Sakréman-an kapab fèt anndan asanblé dominikal la.

29. Sélébrasion Sakréman-an li-minm, sé pou yo préparé-l avèk souin épi, nan mézi sa kapab fèt, avèk fiancé yo. Mariaj la dòdinè sé nan Mès la yo sélébré-l. Sèlman kuré-a, antan li konsidéré sou yon bò nésésité souin pastoral la, sou yon lòt bò fason pou ni fiancé yo ni moun ki la yo patisipé nan lavi Égliz la, sé pou-l ouè èské li pa pi bon pou propozé sé pou yo sélébré Mariaj la anndan oubyin andéyò Mès la.³⁴ Sé avèk fiancé yo, dapré posibilité, yo chouazi léktu Ékritu Sint yo, sa yo gin pou ékspliké nan oméli-a, fason y-ap fè déklaré konsantman youn bay lòt la, fòmul pou bénédiksion bag yo, pou bénédiksion nupsial la, pou intansyon priyè inivèsèl la sètadi priyè fidèl yo épi pou kantik yo. Sitou fòk yo fè atansyon pou variasyon yo prévoua nan rit la, yo sèvi avèk yo yon fason ki bay avantaj, pou yo fè atansyon tou ni pou abitud réjion yo, sa yo kapab kinbé dapré avantaj.

30. Kantik pou yo chanté yo sé pou yo adapté pou rit Mariaj la épi sé pou yo montré lafoua Égliz la, antan yo konsidéré inpòtans Psòm rèsponsorial la

³¹ Cf. *ibid.*, can. 1112, § 2.

³² Cf. *ibid.*, can. 1108, § 2.

³³ Cf. *ibid.*, can. 1115.

³⁴ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 78.

anndan litiji paròl la. Sa yo di osijè chan yo li vo tou pou choua piès muzikal yo.

31. Karaktè fèt sélébrasion Mariaj la, sé pou yo montré-l yon fason ki adapté minm nan jan yo dékoré Égliz la. Ordinè koté yo minm, sé pou yo fè atansyon kanminm pou andéyò respè yo doué otorité sivil yo, dapré règléman litijik yo, pa gin okinn konsidérasyon pèsòn privé oubyin kondision sosyal.³⁵

32. Si Mariaj la sélébré yon jou ki prezanté karaktè pénitansièl sitou nan tan Karèm, kuré-a doué avèti moun k-ap marié yo pou yo fè atansyon natu spésial jou sa-a. Sélébrasion Mariaj la, li pa doué fèt ditou vandrédi nan Pasion Granmèt la épi Samdi Sin.

Rit pou yo anplouayé

33. Nan sélébrasion Mariaj anndan Mès, yo anplouayé rit ki dékri nan chapit I, nan sélébrasion san Mès sé pou rit la fèt apré litiji paròl la dapré règléman chapit II.

34. Chak foua yo sélébré Mariaj la anndan Mès la, yo anplouayé avèk vètman sakré koulè blan oubyin koulèt fèt Mès rituèl « pou moun k-ap marié yo ». Min si sa fèt nan jou ki anréjistré nan niméro 1-4 nan tab jou litijik yo, y-a anplouayé Mès jou-a avèk léktu-l yo, antan yo kinbé ladan-l bénédiksion nupsial la avèk, dapré avantaj, fòmul pròp bénédiksion final la.

Sèlman si sé nan tan Noèl avèk nan tan òdinè, Mès la koté Mariaj la sélébré nan jou dimanch, kominoté parouasial la patisipé ladan-l, yo anplouayé Mès dimanch.

Poutan kòm litiji paròl ki adapté pou sélébrasion Mariaj la gin anpil fòs pou transmèt katéchèz la osijè Sakréman-an minm avèk fonksyon moun marié yo, lè yo pa di Mès « pou moun k-ap marié yo », yo kapab pran youn nan léktu yo nan tèks yo prévoua pou sélébrasion Mariaj (nn. 179-222).

35. Sé pou éléman prinsipal sélébrasion Mariaj la fè ouè : litiji paròl la koté yo montré inpòtans Mariaj krétyin-an nan istoua salu-a, ròl li épi fonksyon li nan pran souin sanktifikasyon moun k-ap marié yo avèk pitit yo, konsantman moun ki fè kontra yo, sa moun k-ap asisté mariaj la mandé épi résévoua-a ; priyé sa-a ki mérité respè-a koté yo rélé bénédiksion Bondié sou madanm k-ap marié-a avèk mesié k-ap marié-a ; anfin Kominion ékaristik toulèdé moun k-ap marié yo ni rès moun ki prézan yo ki sitou nourri charité yo épi ki soutni yo nan kominion avèk Granmèt la épi avèk prochin-an.³⁶

³⁵ Cf. *ibid.*, n. 34.

³⁶ Cf. Conc. Vat. II, Decr. de apostolatu laicorum, *Apostolicam actuositatem*, n. 3; Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 12.

36. Si Mariaj la fèt ant yon pati katolik épi yon pati batizé ki pa katolik, yo doue anplouayé rit pou sèlèbré Mariaj san Mès (nn. 79-117) ; min si ka-a prezanté épi Ordinè koté-a dakò y-a kapab anplouayé rit pou sèlèbré Mariaj anndan Mès (nn. 45-78) ; kanta pou admision pati ki pa katolik la nan Kominion ékaristik la, sé pou kinbé régléman ki bibliyé pou diféran ka sa yo.³⁷ Si Mariaj la fèt ant yon pati katolik épi yon pati ki katékumèn oubyin ki pa krétyin, y-a pran rit ki pi louin-an (nn. 152-178) antan yo anplouayé variasyon yo prévoua pou divès ka yo.

37. Minmsi Pastè yo sé minis Bòn Nouvèl Kris la pou tout moun, sé pou yo fè atansyon spésyal poutan aléga moun sa yo ki pa janm patisipé oubyin ki prèské pa janm patisipé nan sèlébrasyon Mariaj oubyin Ékaristi, soua yo katolik soua yo pa katolik. Règléman pastoral sa-a vo an premié pou moun k-ap marié yo.

38. An plis bagay yo bézouin pou sèlébrasyon Mès la si y-ap sèlèbré Mariaj la anndan Mès la, sé pou yo préparé nan koté ki rézèvé pou prêt yo Misèl Romin-an avèk bag pou moun k-ap marié yo. Sé pou yo préparé tou dapré nésésité yon véso dlo bénit avèk yon aspèsoua, épitou yon kalis asé gran pou Kominion sou toulèdé espès yo.

IV

ADAPTASION KONFÉRANS ÉVÈK YO DOUÉ PRAN SOUIN PRÉPARÉ

39. Sé dévoua Konfèrans Évèk yo dapré Konstitision Sakré Litiji-a³⁸ pou Rituèl Romin sa-a yo adapté-l pou abitud avèk nésésité chak réjion yon fason pou yo anplouayé-l lè Sièj Apostolik la fi-n rékonèt désizyon yo pou réjion sa konséné yo.

40. Sé pou sa, min sa Konfèran Évèk yo doué fè :

1) Dètèminé adaptasion yo, sa yo palé sou yo pi louin-an (nn. 41-11).

2) Sa pou yo noté anvan yo, sa yo jouinn nan Rituèl Romin-an dépi n. 36 ak sa-k suiv yo (Rit yo doué anplouayé-a) si ka-a prezanté, adapté épi konplété pou fè fidèl yo patisipé yon fason konsian épi ki donnin frui.

3) Préparé traduksion tèks yo yon fason pou yo vrèman adapté ni avèk karaktè divès paròl yo ni avèk sansibilité divès kultu yo antan yo ajouté chak foua okazion-an prezanté mélodi ki adapté pou chanté.

³⁷ Cf. C.I.C., can. 844.

³⁸ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, nn. 37-40 et 63b.

4) Antan y-ap préparé édision yo sé pou yo ranjé matiè-a yon fason ki parèt pi adapté pou utilité pastoral la.

41. Nan fason pou préparé adaptasion yo sé pou yo gin dévan jé yo bagay sa yo ki suiv yo :

1) Fòmul Rituèl Romin-an, yo kapab adapté-l oubyin, si ka-a prezanté, konplété-l (minm întèrogasion anvan konsantman-an épi ata konsantman-an li minm).

2) Lè Rituèl Romin-an prezanté pliziè fòmul o choua, yo gin pèmision ajouté dèt fòmul nan minm sans la.

3) Antan yo konsèvé aranjman rit sakramantel la, yo kapab adapté lòd pati yo. Si yo ouè sa bay plis avantaj, yo kapab siprimé întèrogasion yo ki vi-n anvan konsantman-an, antan yo kinbé loua-a yon fason fèm pou moun k-ap asisté-a li mandé épi li résévoua konsantman moun yo k-ap pasé kontra-a.

4) Antan nésésité pastoral la égzijé sa, yo kapab détèminé pou yo toujou mandé konsantman moun yo k-ap pasé kontra-a avèk yon întèrogasion.

5) Lè yo fi-n rinnèt bag yo, dapré abitud réjion yo, yo kapab mété soua kourònman madanm nan k-ap marié-a oubyin voual sou tèt moun yo k-ap marié-a.

6) Min si kinbé min ansanm nan oubyin bénédikcion bag yo épi rinnèt yo-a pa maché avèk mantalité pèp yo, yo kapab désidé pou yo retiré rit sa yo oubyin pou yo ranplasé yo ak dèt rit.

7) Avèk atansion épi prudans sé pou yo konsidé kisa yo kapab aksépté nan tradision avèk mantalité chak pèp yo.

42. An plis chak Konfèrans Évèk yo gin posibilite òganizé rit spésial Mariaj dapré règ Konstitision Sakré Litiji-a (63 b), ki adapté nan abitud réjion yo ak pèp yo antan désizion yo jouinn aprobasion Sièj Apostolik la, min sé pou yo kinbé loua-a fèm kanminm pou moun k-ap asisté-a mandé épi résévoua konsantman moun yo k-ap pasé kontra-a³⁹ épi pou yo bay bénédikcion nupsial la.⁴⁰ Minm anvan rit spésial la sé pou yo mété Sa pou yo noté anvan, sa yo jouinn nan Rituèl Romin-an,⁴¹ éksépté sa yo ki konsènè adaptasion pou rit la.

43. Nan abitud avèk fason pou sélébré Mariaj yo jouinn nan pèp yo k-ap résévoua kouniè-a Évanjil la pou premié foua, tou sa ki onèt é ki pa gin yon rapò yo pa kapab défèt avèk sipèstision épi èrè, sé pou yo kinbé-l avèk byinvéyans épi si sa kapab fèt pou yo konsèvé-l, nétouayé-l épi protéjé-l. An

³⁹ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 77.

⁴⁰ Cf. *ibid.*, n. 78.

⁴¹ Cf. *ibid.*, n. 63b.

plis minm sé pou yo aksépté-l anndan litiji-a yon foua li adapté avèk fòm véritab éspri otantik litiji-a.⁴²

44. Nan pèp yo koté sérémoni Mariaj la, dapré abitud, yo sélébré yo nan kay, minm pandan plizie jou, sé pou yo adapté yo avèk éspri krétyin-an épi litiji-a. Nan ka sa-a Konfèrans Èvèk yo kapab dapré nésésité pastoral pèp yo, désidé pou rit Sakrèman-an minm kapab sélébré nan kay yo.

⁴² Cf. *ibid.*, n. 37.

Chapit I

ÒRDO POU SÉLÉBRÉ MARIAJ LA ANNDAN MÈS LA

Rit pou kòmansé

Prémié fason

45. Nan moman fiksé-a, prèt la, abiyé avèk ob, étòl épi chazub koulè Mès la k-ap sélébré-a, ansanm avèk sèvan yo, li proché nan pòt légliz la, li résévoua moun k-ap marié yo, li salué yo avèk jantiyès antan-l montré Égliz la patisipé nan kontantman yo-a.

46. Apré sa yo fè prosésion al kot lotèl la : sèvan yo pran dévan, prèt la suiv, apré sa sé moun k-ap marié yo, dapré abitud réjion yo omouin paran yo kapab akonpagné yo ni dé témouin yo yon fason onorab nan koté yo préparé pou yo-a. Pandan tan sa-a yo chanté pou antré-a.

47. Prèt la proché kot lotèl la, li salué-l avèk yon inklinsion byin ba, li vénéré-l avèk yon bézé. Apré sa l-al koté pou-l chita-a.

Lòt fason

48. Nan tan fiksé-a, prèt la abiyé avèk ob, étòl épi chazub koulè Mès la k-ap sélébré-a, ansanm avèk sèvan yo, li proché koté ki préparé pou moun k-ap marié yo oubyin nan koté pou-l chita-a.

49. Lè moun k-ap marié yo rivé nan plas yo, prèt la résévoua yo épi li salué yo avèk jantiyès, antan li montré Égliz la patisipé nan kontantman yo-a.

50. Apré sa pandan y-ap chanté pou antré-a, li proché kot lotèl la, li salué-l avèk yon inklinsion byin ba épi li vénéré-l avèk yon bézé. Apré sa l-al chita.

51. Lè sa-a atò, apré li fi-n fè sign koua-a, li salué asanblé-a, antan-l sèvi ak youn nan fòmul yo propozé nan Misèl Romin-an.

52. Apré sa li palé ak moun k-ap marié yo épi asanblé-a, pou-l préparé kè yo pou sélébré Mariaj la, li di paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

Pou nou réalizé sélébrasion sa-a, frè-m yo mouin rinmin anpil la,
 nou rasanblé nan kay Granmèt la ak kè kontan,
 antan nou antouré **N.** avèk **N.**
 nan jou yo gin intansyon fondé fouayé yo-a.
 Pou yo réyéman lè sa-a inpòtan anpil.
 Sé pou sa avèk aféksyon nanm nou épi amitié nou
 épi priyé fratènèl nou n-ap asisté yo.
 Paròl Bondié ap di nou jodi-a
 n-ap kouté-l avèk atansyon ansanm avèk yo.
 Apré sa avèk Égliz la ki sin-an,
 pa pouvoua Kris la Granmèt nou-an,
 n-ap priyé Bondié Papa-a ak tout kè nou,
 pou sèvitè-l sa yo k-ap marié-a,
 li résévoua yo avèk bon kè, li béni yo épi li fè yo toujou fè yon sèl.

53. Oubyin :

N. avèk **N.** Égliz la patisipé nan kontantman nou-an
 épi li résévoua nou ak gran kè,
 ansanm ak paran nou épi ak zanmi nou yo,
 nan jou sa-a koté dévan Bondié Papa nou
 nou asosié tout vi nou antré nou.
 Sé pou Granmèt la réponn nou nan jou kontantman nou-an.
 Sé pou-l voyé sékou pou nou sot nan sièl la
 épi sé pou-l protéjé nou.
 Sé pou-l ba nou dapré kè nou,
 sé pou-l akonpli tout démann nou yo.

Yo pa fè akt pénitansièl la.

54. Nan jou yo pèmèt di Mès rituèl, y-a sèvi ak Mès « pou moun k-ap marié
 yo » avèk léktu pròp yo.

Min nan jou ki fiksé nan numéro 1-4 tablo jou litijik yo, y-ap sèvi ak
 Mès jou-a, yo kapab konsèvé ladan-l bènédiksion nupsial la, épi, dapré
 avantaj, fòmul bènédiksion solanèl pròp la.

Sèlman si Mès la, koté y-ap fè sérémoni Mariaj la, sé yon jou dimanch
 yo sélébré-l épi kominoté parouas la ap patisipé ladan-l, yo di Mès jou-a,
 minm dimanch tan Noèl épi « dimanch òdinè ».

Litiji paròl la

55. Litiji paròl la déroulé kòm dabitud. Yo kapab pran toua léktu, premié-a sot nan Ansyin Téstaman-an, min nan tan paskal li soti nan Apokalips (nn. 179-222). Sé pou yo toujou chouazi omouin yon léktu ki palé klè sou Mariaj.

56. Lè yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan pami sa yo propozé yo pou Mès sa-a, sof si-l tonbé nan jou ki fikse nan numéro 1-4 nan tablo jou litijik yo.

Isit la yo propozé léktu ki montré sitou inpòtans Mariaj la avèk dignité-l nan mistè sovè Bondié sovè nou-an.

PRÉMIÉ LÉKTU

Gason ak fi li kréyé yo.

Léktu liv Jénèz la

1, 26-28. 31 a

Bondié di : « An nou fè moun nan sou pòtré nou avèk résanblans nou ; sé pou yo kòmandé sou pouason lanmè-a ak zouazo sièl la ak sou bèt yo épi tout tè-a ak tou sa k-ap trinnin sou vant yo, ki gin mouvman sou tè-a ».

Bondié kréyé moun nan sou pòtré-l ; sou pòtré Bondié li kréyé-l, gason ak fi li kréyé yo.

Bondié béni yo, épi Bondié di yo : « Dévlo pé, vi-n anpil, plin tè-a, mété-l anba lòd nou ; sé pou nou kòmandé sou pouason lanmè-a ak zouazo sièl la ak tout bèt vivan, ki gin mouvman sou tè-a ».

Bondié ouè tou sa-l té fè yo, épi vouala yo té bon anpil.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 127(128), 1-2. 3. 4-5ac é 6a (R : 4)

R: Min kijan moun nan béni, sa-k krinn Granmèt la.

¹ Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la, k-ap maché nan rout li yo.

² Sé frui travay min-ou ou-ap manjé, ala kontantman pou ou, l-ap bon pou ou. R:

³ Madanm ou ap tankou yon jadin rézin ki byin donnin sou bò lakay ou ; pitit ou yo ap tankou jinn plant pié oliv alantou tab ou-a. R:

- ⁴ Min sé konsa moun nan ap béni,
sa-k krinn Granmèt la.
^{5ac} Sé pou Granmèt la béni-ou sot Siyon,
touléjou lavi-ou ;
^{6a} Sé pou-ou ouè pitit pitit ou yo. **R:**

DÉZIÈM LÉKTU

*Mistè sa-a gran,
mouin di sa minm osijè Kris la ak Égliz la.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

5, 2 a. 25-32

Frè-m yo :

Maché nan rinmin-an, tankou Kris la té rinmin nou épi li té rinmèt pròp tèt li pou nou.

Mésié yo, sé pou nou rinmin madanm nou tankou Kris la té rinmin Égliz la épi li rinmèt tèt li pou li, pou-l té sanktifié-l antan-l pròpté-l nan bingn dlo-a nan paròl la, pou-l prezanté li minm minm Égliz la plin gloua bay pròp tèt pa-l, san-l pa gin tach ni pli ni anyin minm jan-an, min pou-l sin, san tach.

Konsa tou mésié yo doué rinmin madanm yo tankou kò yo. Moun ki rinmin madanm li, li rinmin pròp tèt li. Réyéلمان, pèsonn pa janm rayi chè-l, min li ba-l manjé, li souin-l, tankou Kris la fè pou Égliz la : paské nou sé manb kò-l. « Sé pousa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo dé-a y-ap vi-n yon sèl chè ». Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris la ak Égliz la.

Paròl Granmèt la.

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

cf. Ps 133(134), 3

R: Alélouya.

Ÿ. Sé pou Granmèt la béni nou antan li nan Siyon,
li minm ki té fè sièl la ak tè-a.

R: Alélouya.

Oubyin, nan tan Karèm

cf. 1 Jn 4, 16b. 12. 11

✠ Fété nan Bondié ki poté nou sékou.

✠ Bondié sé rinmin ;
sé pou nou youn rinmin lòt,
minm jan Bondié rinmin nou-an.

✠ Fété nan Bondié ki poté nou sékou.

ÉVANJIL

Sa Bondié mété ansanm, moun pa doué séparé-l.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

19, 3-6

Lè sa-a :

Farizyin yo té proché kot Jézu antan yo t-ap tanté-l, épi antan yo t-ap di : « Èské yon moun gin doua ranvouayé madanm li, pou ninpòt ki rézon ? »

Antan-l réponn, li di : « Èské nou pa-t li kijan sa-a ki té kréyé moun nan nan kòmansman-an, sé gason ak fi li té fè yo, épi li té di : “Poutèt sa mésié-a ap kité papa-a ak manman-an, l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo toulédé ap yon sèl chè” ? Sé pou sa yo pa dé ankò, min sé yon sèl chè yo yé.

Konsa sa Bondié mété ansanm, moun pa doué séparé-l ».

Paròl Granmèt la.

57. Apré léktu Évanjil la, nan oméli-a apati tèks sakré-a prèt la ékspozé mistè Mariaj krétyin-an, dignité amou moun marié yo, gras sakréman-an ak obligasion moun marié yo, antan-l fè atansyon kanminm pou-l ajouté bagay ki konsèné divès moun yo.

Sélébrasyon Mariaj la

58. Si rivé gin dé oubyin pliziè Mariaj y-ap sélébré ansanm, toujou sé pou ni intèrogasyon anvan konsantman-an, ni konsantman-an li minm minm, ni ata résépsyon konsantman-an, yo fèt an patikilié pou chak Mariaj ; rès bagay yo minm, san ouété bénédiksyon nupsial la li minm, sé yon sèl foua pou tout yo di yo o plirièl.

59. Antan tout moun kanpé, minm moun k-ap marié yo, témouin yo plasé chak koté, prèt la, ak paròl sa yo oubyin ak sa-k sanblé ak yo, palé ak moun k-ap marié yo :

**Nou minm nou rinmin anpil la,
nou rasanblé nan kay Égliz la
pou volonté nou ginyin pou pasé kontra Mariaj la
dévan minis Égliz la ak kominoté-a
Granmèt la ba-l fòs ak so sakré-a.**

**Amou konjugal nou
Kris la béni-l byin béni
ni pou nou youn rét fidèl parapò a lòt pou tout tan
ni pou nou réalizé rès dévoua Mariaj la
sa yo li té déjà konsakré nan Batèm ki sin-an,
li anrichi épi li fòtifiyé yo nan Sakréman spésial la.
Sé pousa dévan Égliz la m-ap intèrojé nou osijè konsians nou.**

Intèrogasion yo anvan konsantman-an

**60. Lè sa-a atò prèt la intèrojé yo osijè libèté, osijè fidéлитé, épi osijè ti moun
yo yo gin pou résévoua-a épi pou édiké-a épi chak moun réponn.**

**N. avèk N., èské nou vini isit la san fòsé, min avèk yon kè lib
épi ak tout kè pou nou pasé kontra Mariaj la ?**

**Èské nou paré pou nou suiv chémin Mariaj la, pou nou youn
rinmin lòt, pou nou youn respékté lòt, pandan tout tan n-ap viv ?**

**Intèrogasion ki vi-n apré-a yo kapab pa di-l si gin dòt bagay ki indiké-l,
parégzanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.**

**Èské nou paré pou nou résévoua pitit nan min Bondié avèk
amou, épi pou nou édiké yo dapré laloua Kris la ak Égliz li-a ?**

Konsantman

61. Prèt la invité yo pou yo bay konsantman-an.

**Kòm donk nou gin intansyon angajé nan aliens Mariaj la ki
sin-an, mété min douat nou ansanm épi dévan Bondié avèk Égliz
li-a, déklaré konsantman nou.**

Yo mété min douat yo ansanm.

62. Gason-an di :

Mouin minm N. mouin résévoua-ou N. kòm madanm mouin épi mouin promèt ou pou-m rét fidèl aléga-ou, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

Madanm nan di :

Mouin minm N. mouin résévoua-ou N. kòm mari mouin épi mouin promèt ou pou-m rété fidèl aléga-ou nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

63. Si poutan, akoz rézon pastoral, sa t-a sanblé gin plis avantaj, prèt la kapab mandé konsantman moun k-ap marié yo avèk întèrogasion.

Li întèrojé mésié-a an prémié :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm madanm ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Gason-an réponn :

Mouin vlé.

Apré sa, prèt la întèrojé madanm nan :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm mari-ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Madanm nan réponn :

Mouin vlé

Résépsion konsantman-an

64. Apré sa antan prèt la résévoua konsantman-an li di moun marié yo :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Granmèt la asiré-l ak bon kè-l
épi sé pou-l aksépté akonpli bédiksyon-l nan nan nou.
Sa Bondié maré ansanm, moun pa gin doua séparé-l.**

Oubyin :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Bondié Abraam nan, Bondié Izaak la, Bondié Jakòb la,
Bondié ki té mété premié paran nou yo ansanm nan paradi-a,
asiré-l épi béni-l nan Kris la,
pou sa li minm li maré ansanm, moun pa séparé-l.**

65. Prèt la invité asanblé-a fè louanj Bondié :

An nou fè louanj pou Granmèt la.

Tout moun réponn :

Mèsi Bondié, mèsi.

Yo kapab déklaré lòt aklasyon.

Bédiksyon ak rémiz bag-alians yo

66. Prèt la di :

**Sé pou Granmèt la ✠ béni alians sa yo,
youn apral rimmèt bay lòt la,
kòm sign amou avèk fidélité.**

✠ Amèn.

Dòt fòmul bédiksyon bag-alians yo, nn. 229-230.

Daprè sikonstans favorab yo voyé dlo bénit sou bag-alians yo épi yo rimmèt yo bay moun marié yo.

67. Bag-alians ki déstiné pou madam marié-a, mésié marié-a fè-l antré nan douèt madam marié-a, antan l-ap di dapré sikonstans favorab :

**N., résévoua alians sa-a
kòm sign amou mouin avèk fidéлитé mouin.
O non Papa-a ak Pitit la ak Éspri Sin-an.**

Minm jan-an, bag-alians ki déstiné pou mésié marié-a, madam marié-a fè-l antré nan douèt mésié marié-a, antan l-ap di dapré sikonstans favorab :

**N., résévoua alians sa-a
kòm sign amou mouin ak fidéлитé mouin.
O non Papa-a ak Pitit la, ak Éspri Sin-an.**

68. Lè sa-a tout kominoté-a kapab chanté yon imm oubyin yon kantik louanj.

Priyè univèsèl

69. Apré sa yo fè kòm dòdinè priyè univèsèl (yo jouinn modèl yo nan nn. 251-252).

Apré sa yo di Sinbòl la, si dapré rubrik yo sé pou yo di-l.

Litiji ékaristik

70. Nan préparasion kado yo mésié marié-a ak madam marié-a kapab poté pin-an ak divin-an sou lotèl la, si sa konvtab.

71. Nan priyè ékaristik la yo fè sonjé moun marié yo antan yo sèvi ak fòmul yo propozé nan nn. 237-239 yo.

Bénédiksjon nupsial

72. Lè yo fi-n di Pater noster (Papa nou) épi yo soté Libera nos (Granmèt tanpri souplé, délivré nou), pè-a kanpé, li viré an fas épou-a ak épouz-la, li rélé bénédiksjon Bondié-a sou yo, yo pa doué janm siprimé-l.

Nan invitasion-an, si youn nan épou yo oubyin toulèdé pa kominié, yo siprimé mo yo ki anndan parantèz yo.

Nan dènié paragaf priyè-a minm, mo yo ki fèmin anndan parantèz yo, yo kapab siprimé yo, si sikonstans situasion yo sanblé konséyé sa, parégzanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.

73. Moun marié yo proché bò lotèl la oubyin dapré sikonstans favorab, yo rété nan koté yo yé-a épi yo mét ajénou.

Prèt la, antan min-l kontré, li invité asanblé-a pou priyé :

**Granmèt la, frè-m yo mouin rinmin anpil la, an nou lapriyé-l
antan n-ap sipliyé,
pou sèvitè-l sa yo ki marié nan Kris la,
li vidé bédiksyon gras li-a sou yo avèk bon kè,
épi sa yo li maré ansanm nan aliens ki sin-an,
(ak sakréman Kò ak San Kris la)
li fè yo dakò nan yon sèl charité-a.**

Dòt fòmül, nn. 104. 241. 243.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan, yo priyé an silans.

74. Apré sa prèt la antan min-l lonjé sou moun marié yo, li kontinué.

**Bondié, ou minm ki ak pouvoua fòs ou
té fè tout bagay apati anyin,
ou minm ki, apré ou fi-n dispozé kòmansman tout bagay,
épi apré moun nan té fi-n fèt dapré pòtré-ou,
ou té fòmé pou mesié-a èd madanm nan ki pa kapab séparé ak li-a
pou yo pa-t dé ankò, min yon sèl chè-a,
antan-ou anségné sa-ou té jouinn plézi fiksé kòm yon sèl la,
yo pa gin doua janm séparé-l la ;**

**Bondié, ou minm ki té konsakré chinn mariaj la
nan yon mistè ki si tèlman gran,
pou-ou té montré davans sakréman Kris la avèk Égliz la
nan aliens nòs yo ;**

**Bondié, ou minm pa pouvoua-ou madanm nan mété
ansanm ak mesié-a,
épi sosiété-a, ki réglé an prémié,
jouinn bédiksyon sa-a
ki sèl pa-t éfasé ni ak pinision péché orijinèl la
ni ak kondanasyon déluj la.**

**Voyé jé-ou ak bon kè sou sèvitè-ou sa yo,
yo minm ki, antan yo mété ansanm gras a kominoté mariaj la,**

éspéré jouinn fòs nan bédiksion-ou nan :
 voyé gras Éspri-Sin-an sou yo,
 pou, antan charité-ou la gayé nan kè yo,
 yo rété fidèl nan aliens mariaj la.

Sé pou nan sèvant ou-a **N.** gin gras rinmin-an ak lapè-a
 épi sé pou-l rété ap pran modèl sou médam sa yo ki sin yo,
 yo minm yo préché louanj yo nan sa-k Ékri-yo.

Sé pou kè mari-l mét konfians nan li,
 mari-l ki antan-l konnin li sé konpagn li égal ak li
 épi li éritié lavi gras la ansanm ak li,
 li akonpagné-l avèk onè li doué-l épi li rinmin-l tout tan
 avèk amou sa-a Kris la té rinmin Égliz li-a.

Épi koulié-a, ou minm, Granmèt, n-ap priyé-ou
 pou sèvitè-ou sa yo rété ataché ansanm
 nan lafoua ak kòmandman yo,
 épi, antan sé yon sèl kabann mariaj la ki uni yo,
 sé pou yo ouè yo minnin yon lavi onèt;
 antan yo ranfòsè ak solidité Bòn Nouvèl la,
 sé pou yo montré bon témouagnaj Kris la bay tout moun
 (sé pou yo donnin nan désandans,
 sé pou yo vi-n tounin paran ki bay prèv nan bon kalité;
 sé pou yo toulèdé yo ouè pitit pitit yo)
 épi antan yo rivé anfin nan viyéès la yo souété-a,
 sé pou yo abouti nan lavi sin yo ak péyi-roua sièl yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

R: Amèn.

Dòt fòmul bédiksion nupsial, nn. 242. 244

75. Antan yo soté priyé Domine Iesu Christe-a (Jézu-Kri Granmèt, sé ou minm...), yo di Pax Domini-an (Sé pou Granmèt la aprann nou byin viv ansanm...) tousuit. Lè sa-a atò moun marié yo épi tout moun, dapré abitud koté yo, yo montré lapè, kominion ak charité youn aléga lòt.

76. Moun marié yo ni paran yo, témouin yo avèk pròch yo kapab résévoua Kominion sou toulèdé espès.

Konklizyon sélébrasyon-an

77. Nan finisman Mès la, prèt la béni moun marié yo ak pèp la antan-l di:

**Bondié Papa-a ki égzisté tout tan-an,
sé pou-l konsèvé nou nan yon sèl kè antan youn rinmin lòt,
pou lapè Kris la abité nan nou
épi pou-l rété san sispann nan kay nou-an.**

R. Amèn.

**Sé pou nou gin bénédiksyon nan pitit nou yo,
ankourajman nan min zanmi nou yo,
épi vré lapè avèk tout moun.**

R. Amèn.

**Sé pou nou vi-n tounin témouin charité Bondié-a sou tè-a,
pou, sa-k nan lapinn yo ak maléré yo k-ap jouinn nou gin bon kè,
yo résévoua nou yon lè ak kè kontan
nan tant Bondié yo k-ap diré tout tan yo.**

R. Amèn.

**Épi nou tout ki prézan isit la ansanm avèk yo-a,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an
béni nou byin béni.**

R. Amèn.

Dòt fòmül nn. 249-250.

78. Lè Mès la fini, témouin yo avèk prèt la signin akt Mariaj la. Signatu-a kapab fèt oubyin nan sakristi-a oubyin dévan pèp la ; sèlman sé pa pou yo fè-l sou lotèl la.

Chapit II

ÒRDO POU SÉLÉBRÉ MARIAJ LA SAN MÈS

79. Lè Mès la akòz nésésité oubyin pou avantaj pa sélébré, sé pou yo anplouayé òrdo ki dékri la-a, minm si sé yon diak.⁴³

Rit pou kòmansé

Prémié fason

80. Nan moman fikse-a, prèt la, abiyé avèk ob, oubyin surpli, épi étòl blan oubyin koulè fèt, oubyin minm chap la (oubyin dalmatik la pou diak la) ki gin minm koulè-a, ansanm avèk sèvan yo, li proché nan pòt légliz la, li résévoua moun k-ap marié yo, li salué yo avèk jantiyès antan-l montré Égliz la patisipé nan kontantman yo-a.

81. Apré sa yo fè prosésion al kot lotèl la : sèvan yo pran dévan, minis la suiv, apré sa moun k-ap marié yo, dapré abitud réjion yo omouin paran yo kapab akonpagné yo ni dé témouin yo yon fason onorab nan koté yo préparé pou yo-a. Pandan tan sa-a yo chanté pou antré-a.

82. Minis la proché kot lotèl la, li salué-l avèk yon inklinasion byin ba, li vénéré-l avèk yon bézé. Apré sa l-al koté pou-l chita-a.

Lòt fason

83. Nan tan fikse-a, prèt la abiyé avèk ob, oubyin surpli, épi étòl blan oubyin koulè fèt, oubyin minm chap la (oubyin dalmatik la pou diak la) ki gin minm koulè-a, ansanm avèk sèvan yo, li proché koté ki préparé pou moun k-ap marié yo.

84. Lè moun k-ap marié yo rivé nan plas yo, minis la résévoua yo épi li salué yo avèk jantiyès, antan li montré Égliz la patisipé nan kontantman yo-a.

⁴³ *Praenot.*, n. 24.

85. Apré sa minis la salué lotèl la avèk yon inklination byin ba épi l-al chita.

86. Lè sa-a atò, apré li fi-n fè sign koua-a, li salué asanblé-a, antan-l di :

**Sé pou Bondié Papa nou, ak Jézu-Kri Granmèt nou,
fè nou favè ba nou lagras ansanm ak lapè.**

Oubyin dèt paròl ki adapté yo pran sitou nan Ékritu Sint la.

Tout moun réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Oubyin :

Konpliman pou Bondié pou tout tan.

Oubyin yon lòt fason adapté.

87. Apré sa li palé ak moun k-ap marié yo épi asanblé-a, pou-l préparé kè yo pou sèlèbré Mariaj la, li di paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

**Pou nou réalizé sèlébrasion sa-a,
frè-m yo mouin rinmin anpil la,
nou rasanblé nan kay Granmèt la ak kè kontan,
antan nou entouré N. avèk N.
nan jou yo gin intansion fondé fouayé yo-a.
Pou yo réyèlman lè sa-a inpòtan anpil.
Sé pou sa avèk aféksion nanm nou épi amitié nou
épi priyé fratènèl nou n-ap asisté yo.
Paròl Bondié ap di nou jodi-a
n-ap kouté-l avèk atansyon ansanm avèk yo.
Apré sa avèk Égliz la ki sin-an,
pa pouvoua Kris la Granmèt nou-an,
n-ap priyé Bondié Papa-a ak tout kè nou,
pou sèvitè-l sa yo k-ap marié-a,
li résévoua yo avèk bon kè,
li béni yo épi li fè yo toujou fè yon sèl.**

88. Oubyin :

N. avèk N. Égliz la patisipé nan kontantman nou-an épi li résévoua nou ak gran kè, ansanm ak paran nou épi ak zanmi nou yo, nan jou sa-a koté dévan Bondié Papa nou nou asosié tout vi nou antré nou. Sé pou Granmèt la réponn nou nan jou kontantman nou-an. Sé pou-l voyé sékou pou nou sot nan sièl la épi sé pou-l protéjé nou. Sé pou-l ba nou dapré kè nou, sé pou-l akonpli tout démann nou yo.

89. *Apré sa, antan min-l lonjé, li fè priyé sa-a :*

Sé pou prézan, Granmèt, nan siplikasion nou yo, épi sou sèvitè-ou sa yo (N. avèk N.) vidé gras ou-a avèk byinvéyans, pou moun yo ki ataché ansanm dévan lotèl ou yo, yo konsolidé nan charité youn aléga lòt. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R. Amèn.

Dòt priyé, nn. 223. 224. 226. 227. 228.

Litiji paròl la

90. *Litiji paròl la suiv kòm dabitud, antan yo pran tèks yo propozé pi ro-a nan n. 56, oubyin dòt léktu yo indiké pi louin (nn. 179-222).*

Sé pou yo toujou chouazi omouin yon léktu ki palé klè sou Mariaj.

91. *Apré sa, nan oméli-a, minis la apati tèks sakré-a ékspozé mistè Mariaj krétyin-an, dignité amou moun marié yo, gras sakréman-an ak obligasion moun marié yo, antan-l fè atansyon kanminm divès sitiasion moun yo.*

Sélébrasion Mariaj la

92. Si rivé gin dé oubyin pliziè Mariaj y-ap sélébré ansanm, toujou sé pou ni întèrogasion anvan konsantman-an, ni konsantman-an li minm minm, ni ata résépsion konsantman-an, yo fèt an patikilié pou chak Mariaj ; rès bagay yo minm, san ouété bénédiksion nupsial la li minm, sé yon sèl foua pou tout yo di yo o plirièl.

93. Antan tout moun kanpé, minm moun k-ap marié yo, témouin yo plasé chak koté, minis la, ak paròl sa yo oubyin ak sa-k sanblé ak yo, palé ak moun k-ap marié yo :

Nou minm nou rinmin anpil la, nou rasanblé nan kay Égliz la pou volonté nou ginyin pou pasé kontra Mariaj la dévan minis Égliz la ak kominoté-a Granmèt la ba-l fòs ak so sakré-a.

**Amou konjugal nou
Kris la béni-l byin béni
ni pou nou youn rét fidèl parapò a lòt pou tout tan
ni pou nou réalizé rès dévoua Mariaj la
sa yo li té déjà konsakré nan Batèm ki sin-an,
li anrichi épi li fòtifiyé yo nan Sakréman spésial la.
Sé pousa dévan Égliz la m-ap întèrojé nou osijé konsians nou.**

Intèrogasion yo anvan konsantman-an

94. Lè sa-a atò minis la întèrojé yo osijé libèté, osijé fidèlité, épi osijé ti moun yo, yo gin pou résévoua-a épi pou édiké-a épi chak moun réponn.

N. avèk N., èské nou vini isit la san fòsé, min avèk yon kè lib épi ak tout kè pou nou pasé kontra Mariaj la ?

Èské nou paré pou nou suiv chémin Mariaj la, pou nou youn rinmin lòt, pou nou youn respékté lòt, pandan tout tan n-ap viv ?

Intèrogasion ki vi-n apré-a yo kapab pa di-l si gin dèt bagay ki indiké-l, parégzanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.

Èské nou paré pou nou résévoua pitit nan min Bondié avèk amou, épi pou nou édiké yo dapré laloua Kris la ak Égliz li-a ?

Konsantman

95. Minis la invité yo pou yo bay konsantman-an.

Kòm donk nou gin intansyon angajé nan alians Mariaj la ki sin-an, mété min douat nou ansanm épi dévan Bondié avèk Égliz li-a, déklaré konsantman nou.

Yo mété min douat yo ansanm.

96. Gason-an di :

Mouin minm N. mouin réservoua-ou N. kòm madanm mouin épi mouin promèt ou pou-m rét fidèl aléga-ou, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

Madanm nan di :

Mouin minm N. mouin réservoua-ou N. kòm mari mouin épi mouin promèt ou pou-m rété fidèl aléga-ou nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

97. Si poutan, akoz rézon pastoral, sa t-a sanblé gin plis avantaj, minis la kapab mandé konsantman moun k-ap marié yo avèk intèrogasyon.

Li intèrojé mésié-a an premié :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm madanm ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Gason-an réponn :

Mouin vlé.

Apré sa, minis la intèrojé madanm nan :

N., èské ou vlé aksépté **N.** kòm mari-ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Madanm nan réponn :

Mouin vlé

Résépsion konsantman-an

98. Apré sa antan minis la résévoua konsantman-an li di moun marié yo :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Granmèt la asiré-l ak bon kè-l
épi sé pou-l aksépté akonpli bédiksion-l nan nan nou.
Sa Bondié maré ansanm,
moun pa gin doua séparé-l.**

Oubyin :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Bondié Abraam nan, Bondié Izaak la, Bondié Jakòb la,
Bondié ki té mète prémié paran nou yo ansanm nan paradi-a,
asiré-l épi béni-l nan Kris la,
pou sa li minm li maré ansanm, moun pa séparé-l.**

99. Minis la invité asanblé-a fè louanj Bondié :

An nou fè louanj pou Granmèt la.

Tout moun réponn :

Mèsi Bondié, mèsi.

Yo kapab déklaré lòt aklamasyon.

Bénédiksion ak rémiz bag-alians yo

100. Minis la di :

**Sé pou Granmèt la ✠ béni alians sa yo,
youn apral rimmèt bay lòt la,
kòm sign amou avèk fidélimité.**

℟ Amèn.

Dòt fòmul bénédiksion bag-alians yo, nn. 229-230.

Daprè sikonstans favorab yo voyé dlo bénit sou bag-alians yo épi yo rimmèt yo bay moun marié yo.

101. Bag-alians ki déstiné pou madam marié-a, mésié marié-a fè-l antré nan douèt madam marié-a, antan l-ap di daprè sikonstans favorab :

**N., résévoua alians sa-a
kòm sign amou mouin avèk fidélimité mouin.
O non Papa-a ak Pitit la ak Éspri Sin-an.**

Minm jan-an, bag-alians ki déstiné pou mésié marié-a, madam marié-a fè-l antré nan douèt mésié marié-a, antan l-ap di daprè sikonstans favorab :

**N., résévoua alians sa-a
kòm sign amou mouin ak fidélimité mouin.
O non Papa-a ak Pitit la, ak Éspri Sin-an.**

102. Lè sa-a tout kominoté-a kapab chanté yon imn oubyin yon kantik louanj.

Priyè univèsèl

103. Apré sa yo fè priyè univèsèl (yo jouinn modèl yo nan nn. 251-252) :

a) toudabò minis la invité pou lapriyè ;

b) invokasion priyè univèsèl yo vini apré avèk répons fidèl yo, yon fason kanminm pou chak invokasion yo adapté avèk bénédiksion nupsial la, ni yo pa doublé bénédiksion-an ;

c) si yo pa doué distribué Kominion sakré-a, Priyè Granmèt la vini aprè ;

d) anfin, antan yo soté priyè ki fini-an, minis la rélé bénédiksion Bondié sou madam marié-a ak mésié marié-a, bénédiksion sa-a li pa doué janm soté-l.

Bénédiksion nupsial

104. Moun marié yo rété nan koté yo yé-a épi yo mét ajénou.

Lè sa-a minis la kontinué, antan min-l kontré :

**Koulié-a sou moun marié sa yo,
an nou rélé bénédiksion Bondié-a antan nou sipliyé,
pou li minm ak bon kè-l li ankourajé avèk sékou li
sa yo li anrichi ak sakréman Mariaj la.**

Dòt fòmül, nn. 73. 241.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan, yo priyé an silans.

105. Apré sa minis la, antan-l kanpé épi-l viré nan diréksion moun k-ap marié yo épi min-l lonjé sou yo, li fè priyé ki suiv la.

Nan dènié paragaf priyé-a minm, mo yo ki fèmin anndan parantèz yo, yo kapab siprimé yo, si sikonstans sitiasion yo sanblé mandé sa, parégzanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.

**Bondié, ou minm ki ak pouvoua fòs ou
té fè tout bagay apati anyin,
ou minm ki, apré ou fi-n dispozé kòmansman tout bagay,
épi apré moun nan té fi-n fèt dapré pòtré-ou,
ou té fòmé pou mésié-a èd madanm nan
ki pa kapab séparé ak li-a
pou yo pa-t dé ankò, min yon sèl chè-a,
antan-ou anségné sa-ou té jouinn plézi fiksé kòm yon sèl la,
yo pa gin doua janm séparé-l la ;**

**Bondié, ou minm ki té konsakré chinn mariaj la
ak yon mistè ki si tèlman gran,
pou-ou té montré davans sakréman Kris la avèk Égliz la
nan aliens nòs yo ;**

Bondié, ou minm pa pouvoua-ou
 madanm nan mété ansanm ak mesié-a,
 épi sosiété-a, ki réglé an premié,
 jouinn bénédikcion sa-a
 ki sèl pa-t éfasé ni ak pinision péché orijinèl la
 ni ak kondanasion déluj la.

Voyé jé-ou ak bon kè sou sèvitè-ou sa yo,
 yo minm ki, antan yo mété ansanm gras a kominoté mariaj la,
 éspéré jouinn fòs nan bénédikcion-ou nan :
 voyé gras Éspri-Sin-an sou yo,
 pou, antan charité-ou la gayé nan kè yo,
 yo rété fidèl nan aliens mariaj la.

Sé pou nan sèvant ou-a **N.** gin gras rinmin-an ak lapè-a
 épi sé pou-l rété ap pran modèl sou médam sa yo ki sin yo,
 yo minm yo préché louanj yo nan sa-k Ékri-yo.

Sé pou kè mari-l mét konfians nan li,
 mari-l ki antan-l konnin li sé konpagn li égal ak li
 épi li éritié lavi gras la ansanm ak li,
 li akonpagné-l avèk onè li doué-l épi li rinmin-l tout tan
 avèk amou sa-a Kris la té rinmin Égliz li-a.

Épi koulié-a, ou minm, Granmèt, n-ap priyé-ou
 pou sèvitè-ou sa yo rété ataché ansanm
 nan lafoua ak kòmandman yo,
 épi, antan sé yon sèl kabann mariaj la ki uni yo,
 sé pou yo ouè yo minnin yon lavi onèt;
 antan yo ranfòsé ak solidité Bòn Nouvèl la,
 sé pou yo montré bon témouagnaj Kris la bay tout moun
 (sé pou yo donnin nan désandans,
 sé pou yo vi-n tounin paran ki bay prèv nan bon kalité;
 sé pou yo toulèdé yo ouè pitit pitit yo)
 épi antan yo rivé anfin nan viyéys la yo souété-a,
 sé pou yo abouti nan lavi sin yo ak péyi-roua sièl yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.
R: Amèn.

106. Apré sa, si yo pa doué distribué Kominion sakré-a, osito minis la béni pèp la antan-l di :

**Épi nou tout ki prézan isit la ansanm,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ak Pitit la ✠ ak Éspri Sin-an
béni nou byin béni.**

R: Amèn.

107. Li souétab pou sélébrasion-an fini avèk yon chan ki adapté.

Kominion sakré

108. Si yo doué distribué Kominion sakré-a, yon fouda bédiksion nupsial la fini, minis la proché koté yo konsèvé Ékaristi-a, li résévoua véso-a oubyin siboua-a avèk Kò Granmèt la, li dépozé-l sou lotèl la épi li fè jénufléksion.

109. Apré sa li introdui Priyè Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**Sé yon lòd Jézu Sovè pasé nou,
sé konsa li montré nou lapriyè,
sé sa ki fè nou kapab di:**

Épi tout moun ansanm kontinué :

**Papa nou ki nan Sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a
ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè-ou, tankou nou padoné
moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

110. Apré sa, si sa konvnyab, minis la invité fidèl yo ak paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Montré nou konn viv an pè youn ak lòt.

Lè sa-a moun marié yo épi tout moun youn bay lòt yon sign lapè ak rinmin.

111. Lè sa fi-n fèt, minis la fè jénoufléksion, li résévoua osti-a, antan-l kinbé-l lèvé anlè yon ti kras sou véso-a oubyin siboua-a, li viré nan diréksion sa k-ap kominié yo, li di :

Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.

Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.

Épi sa k-ap kominié yo di :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

112. Apré sa li avansé kot sa k-ap kominié yo, li montré yo chak osti-a li lèvé-l yon ti kras, antan-l di :

Kò Jézu-Kri.

Sa k-ap kominié-a réponn :

Amèn.

Épi li kominié.

113. Pandan y-ap distribué kominion-an, dapré sikonstans yo kapab chanté yon kantik adapté.

114. Apré yo fi-n distribué kominion-an, dapré avantaj, yo kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan oubyin chanté yon psòm oubyin yon kantik louanj.

115. Apré sa, minis la di priyé sa-a :

An nou lapriyé.

Antan nou patisipé nan tab ou-a,

n-ap priyé, Granmèt ;

pou, sa yo ki ataché ansanm nan sakréman nòs yo,

yo toujou kolé kò yo sou ou,

épi yo anonsé non-ou bay moun yo.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Konklizion sélébrasion-an

116. Yo fini rit la avèk bédiksion moun marié yo épi pèp la, soua avèk fòm sinp la *Benedicat vos (Sé pou Granmèt la béni nou) oubyin avèk youn nan fòmul yo ki pi louin-an, nn. 248-250.*

117. Lè sélébrasion-an fini, témouin yo avèk prèt la signin akt Mariaj la. Signatu-a kapab fèt oubyin nan sakristi-a oubyin dévan pèp la ; sèlman sé pa pou yo fè-l sou lotèl la.

Chapit III

ÒRDO POU SÉLÉBRÉ MARIAJ LA DÉVAN YON ASISTAN LAYIK

118. Lè yo sélébré yon Mariaj dapré règ yo palé sou li nan n. 25 la, dévan yon asistan layik, yo anlouayé òrdo ki dékri isit la.

119. Layik la, sa ki résévoua otorizasyon nan min Èvèk diosézin-an pou fè fonksion dévoua asistan nan sélébrasyon Mariaj la, sé pou-l gin préokipasyon ni parapò a fòmasyon katéchétik moun ki pral marié yo ni osijè préparasyon spirituèl yo. Sé dévoua li pou-l réglé tout bagay sou sa-k gin pou ouè ak règléman doua-a, sou sa ki konsèné rit, priyè, léktu, patisipasyon kominoté-a, yon fason pou rit sakrèman Mariaj la déroulè kòrèktéman avèk konsians épi avèk frui.

Layik k-ap asisté-a sé pa sèlman résévoua konsantman moun k-ap marié yo ki dévoua fonksion-l, min sé tout sélébrasyon Mariaj la li gin pou-l dirijé.

120. Rit la dòdiné sé nan yon légliz pou-l fèt.

Asistan-an pran rad ki pa indign pou ministè sa-a, oubyin sa Èvèk la aprouvé.

Rit pou kòmansé

121. Yon foua pèp la fi-n rasanblé épi tout bagay fi-n dispozé, asistan-an, antan sèvan yo akonpagné-l, li résévoua moun k-ap marié yo épi li salué yo avèk jantiyès.

122. Apré sa, antan min-l kontré, li di :

**Konpliman pou Bondié, Papa tout konsolasyon,
li minm ki té montré nou mizérikòd li-a.**

Tout moun réponn :

Amèn.

Oubyin :

Konpliman pou Bondié pou tout tan.

Oubyin yon lòt fason adapté.

123. Apré sa asistan-an palé ak yo, pou-l préparé kè yo pou sélébré Mariaj la, li di paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

Pou nou réalizé sélébrasion sa-a,
frè-m yo mouin rinmin anpil la,
nou rasanblé nan kay Granmèt la ak kè kontan,
antan nou entouré **N.** avèk **N.**
nan jou yo gin intansion fondé fouayé yo-a.
Pou yo réyéyman lè sa-a inpòtan anpil.
Sé poua avèk aféksion nanm nou épi amitié nou
épi priyé fratènèl nou n-ap asisté yo,
Paròl Bondié ap di nou jodi-a
n-ap kouté-l avèk atansion ansanm avèk yo.
Apré sa avèk Égliz la ki sin-an,
pa pouvoua Kris Granmèt nou-an,
n-ap priyé Bondié Papa-a ak tout kè nou,
pou sévitè-l sa yo k-ap marié-a,
li résévoua yo avèk bon kè, li béni yo épi li fè yo toujou fè yon sèl.

124. Oubyin :

N. avèk **N.** Égliz la patisipé nan kontantman nou-an
épi li résévoua nou ak gran kè,
ansanm ak fanmiy nou épi ak zanmi nou yo,
nan jou sa-a koté dévan Bondié Papa nou
nou asosié tout vi nou antré nou.
Sé pou Granmèt la réponn nou nan jou kontantman nou-an.
Sé pou-l voyé sékou pou nou sot nan sièl la
épi sé pou-l protéjé nou.
Sé pou-l ba nou dapré kè nou
sé pou-l akonpli tout démann nou yo.

Litiji paròl la

125. Apré sa léktè-a oubyin youn nan moun ki la yo oubyin asistan-an li minm li yon tèks nan sa yo propozé pi ro-a nan n. 56, oubyin yon lòt nan léktu yo indiké pi louin (nn. 179-222). Yo kapab fè youn oubyin dé léktu, jan yo ouè sa t-a bon. Sé pou yo toujou chouazi omouin yon léktu ki palé klè sou Mariaj.

Léktu Évanjil la sé konsa pou yo introdui-l :

Kouté, frè-m yo, paròl sint Évanjil la dapré N.

Li konvnap pou asistan-an transmèt égzòtasyon-an oubyin li oméli-a sa Évèk la oubyin kuré-a indiké-a.

Sélébrasion Mariaj la

126. Si rivé gin dé oubyin pliziè Mariaj y-ap sélébré, toujou sé pou ni intèrogasion anvan konsantman-an, ni konsantman-an li minm minm, ni ata résépsion konsantman-an, yo fèt an patikilié pou chak Mariaj ; rès bagay yo minm, san ouété bénédiksion nupsial la li minm, sé yon sèl foua pou tout yo di yo o plirièl.

127. Lè égzòtasyon-an fini, antan tout moun kanpé, minm moun k-ap marié yo, témouin yo plasé chak koté, asistan-an palé ak moun k-ap marié yo :

Nou minm nou rinmin anpil la (oubyin N. avèk N.),

nou rasanblé isit la,

volonté nou ginyin pou pasé kontra Mariaj la dévan-m nan,

mouin minm Évèk nou-an délégé pou asisté bagay sa-a,

épi dévan kominoté Égliz la

sé pou Granmèt la ba-l fòs avèk so sakré-a.

Amou konjugal nou

Kris la béni-l byin béni

ni pou nou youn rét fidèl parapò a lòt pou tout tan

ni pou nou réalizé rès dévoua Mariaj la

sa yo li té déjà konsakré nan Batèm ki sin-an,

li anrichi épi li fòtifiyé yo nan Sakréman spésial la.

Sé poua dévan Égliz la m-ap intèrojé nou osijè konsians nou.

Intèrogasion yo anvan konsantman-an

128. Lè sa-a atò asistan-an intèrojé yo osijè libèté, osijè fidèlité, épi osijè ti moun yo, yo gin pou résévoua-a épi pou édiké-a épi chak moun réponn.

N. avèk N., paròl Bondié-a révéle nou mistè Mariaj la avèk dignité amou konjugal la. Koulié-a minm dévan Égliz la déklaré intansyon nou osijè bagay sa yo.

Èské nou vini isit la san fòsé, min avèk yon kè lib épi ak tout kè pou nou pasé kontra Mariaj la ?

Èské nou paré pou nou suiv chémin Mariaj la, pou nou youn rinmin lòt, pou nou youn respékté lòt, pandan tout tan n-ap viv ?

Intèrogasion ki vi-n apré-a yo kapab pa di-l si gin dòt bagay ki indiké-l, parézanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.

Èské nou paré pou nou résévoua pitit nan min Bondié avèk amou, épi pou nou édiké yo dapré laloua Kris la ak Égliz li-a ?

Konsantman

129. Asistan-an invité yo pou yo bay konsantman-an.

Kòm nou gin intansyon angajé nan aliens Mariaj la ki sin-an, mété min douat nou ansanm épi dévan Bondié avèk Égliz li-a, déklaré konsantman nou.

Yo mété min douat yo ansanm.

130. Gason-an di :

Mouin minm N. mouin résévoua-ou N. kòm madanm mouin épi mouin promèt ou pou-m rét fidèl aléga-ou, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

Madanm nan di :

Mouin minm N. mouin résévoua-ou N. kòm mari mouin épi mouin promèt ou pou-m rété fidèl aléga-ou nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

131. Si poutan, akoz rézon pastoral, sa t-a sanblé gin plis avantaj, minis la kapab mandé konsantman moun k-ap marié yo avèk întèrogasion.

Li întèrojé mésié-a an premié :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm madanm ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Gason-an réponn :

Mouin vlé.

Apré sa, asistan-an întèrojé madanm nan :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm mari-ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Madanm nan réponn :

Mouin vlé

Résépsion konsantman-an

132. Apré sa antan asistan-an résévoua konsantman-an li di moun marié yo :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Granmèt la asiré-l ak bon kè-l
épi sé pou-l aksépté akonpli bénédiksion-l nan nan nou.
Sa Bondié maré ansanm, moun pa gin doua séparé-l.**

Oubyin :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Bondié Abraam nan, Bondié Izaak la, Bondié Jakòb la,
Bondié ki té mété prémié paran nou yo ansanm nan paradi-a,
asiré-l épi béni-l nan Kris la,
pou sa li minm li maré ansanm, moun pa séparé-l.**

133. Asistan-an invité asanblé-a fè louanj Bondié :

An nou fè louanj pou Granmèt la.

Tout moun réponn :

Mèsi Bondié, mèsi.

Yo kapab déklaré lòt aklamasyon.

Bénédiksyon ak rémiz bag-alians yo

134. Asistan-an, antan min-l kontré, di priyé sa-a :

**Sé pou Granmèt la béni aliens sa yo,
youn apral rimmèt bay lòt la,
kòm sign amou avèk fidélimité.**

R: Amèn.

Épi dapré sikonstans favorab yo voyé dlo bènité sou bag-alians yo épi yo rimmèt yo bay moun marié yo.

135. Bag-alians ki déstiné pou madam marié-a, mésié marié-a fè-l antré nan douèt madam marié-a, antan l-ap di dapré sikonstans favorab :

**N., résévoua aliens sa-a
kòm sign amou mouin avèk fidélimité mouin.
O non Papa-a ak Pitit la ak Éspri Sin-an.**

Minm jan-an, bag-alians ki déstiné pou mésié marié-a, madam marié-a fè-l antré nan douèt mésié marié-a, antan l-ap di dapré sikonstans favorab :

N., résévoua aliens sa-a
 kòm sign amou mouin ak fidéлитé mouin.
O non Papa-a ak Pitit la, ak Éspri Sin-an.

136. Lè sa-a tout kominoté-a kapab chanté yon imn oubyin yon kantik louanj.

Priyè univèsèl

137. Apré sa yo fè priyè univèsèl (yo jouinn modèl yo nan nn. 251-252).

138. Apré invokasyon yo, si y-ap distribué Kominion sakré-a, osito yo di bédiksyon nupsial la (n. 139). Min si yo pa distribué Kominion sakré-a asistan-an kontinué avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Bondié Papa-a,
 li minm ki vlé pou pitit li yo gin yon sèl kè nan charité-l la,
 an nou rélé li nan priyè franmiy Bondié-a,
 sa Grammèt nou Jézu-Kri té montré nou-an.

Épi tout moun ansanm kontinué :

Papa nou ki nan Sièl la,
 sé pou yo réspékté non ou,
 sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
 sé pou volonté ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a
ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè-ou, tankou nou padoné
moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.

Bédiksyon nupsial

139. Lè sa-a asistan-an kontinué, antan min-l kontré :

Koulié-a sou moun marié sa yo,
 an nou rélé bédiksyon Bondié-a antan nou sipliyé,
 pou li minm ak bon kè-l li ankourajé avèk sékou li
 sa yo li anrichi ak sakréman Mariaj la.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan, yo priyé an silans.

140. Aprè sa sou moun marié yo ki ajénou, asistan-an di, antan min-l kontré, priyè bénédiksion nupsial la, antan tout moun patisipé :

**Konpliman pou Bondié, Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
ou minm ki té vlé lèvé moun nan ou té kréyé-a
avèk kado bon kè-ou la nan yon si gran dignité,
pou nan asosiasion gason-an avèk fi-a
ou té kité véritab imaj amou pa-ou la.**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Asistan-an :

**Konpliman pou Bondié, Sèl Pitit la, Jézu-Kri,
ou minm ki té vlé nan aliens konjugal fidèl ou yo,
montré mistè rinmin ou nan, nan Égliz la,
li minm ou té rinmèt tèt ou pou li-a pou-l té sin épi san tach.**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Asistan-an :

**Konpliman pou Bondié, Éspri-Sin Paraklè,
ou minm ki réalizé tout sanktifikasion épi ki fè unité,
ou minm ki abité nan pitit rinmin yo,
pou yo fè éfò konsévé unité-a nan kòd lapè-a.**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Asistan-an :

**Konsévé, Granmèt, sèvitè-ou sa yo N. ak N.,
yo minm ou té mété ansanm gras a sakrèman Mariaj la,
nan yon sèl kè antan youn rinmin lòt
pou, antan yo joui kado Mariaj la,
yo dékoré fanmi moun yo avèk pitit,
yo anrichi Égliz ki sin-an
épi yo montré yo sèvi-ou témouin sou tè-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

R. Amèn.

Oubyin :

Voyé jé, Granmèt, sou sèvitè-ou sa yo **N.** avèk **N.**,
 épi fè nou favè pou antan yo mét konfians nan ou minm sèl la,
 yo résévoua kado gras ou-a,
 yo kinbé charité-a nan unité,
 épi apré déroulman lavi sa-a,
 yo mérité rivé nan joua kontantman tout tan-an,
 ansanm avèk pitit yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

℟. Amèn.

Apré sa, si yo pa distribué Kominion sakré-a, yo fini sélébrasion-an (n. 149).

Kominion sakré

141. Si yo distribué Kominion sakré-a apré bénédiksion nupsial la, asistan-an proché koté yo konsévé Ékaristi-a, li résévoua véso-a oubyin siboua-a avèk Kò Granmèt la, li dépozé-l sou lotèl la épi li fè jénoufléksion.

142. Apré sa li introdui Priyè Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**Sé yon lòd Jézu Sovè pasé nou,
 sé konsa li montré nou lapriyè,
 sé sa ki fè nou kapab di :**

Épi tout moun ansanm kontinué :

**Papa nou ki nan Sièl la,
 sé pou yo réspékté non ou,
 sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
 sé pou volonté ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
 Pin nou bézouin chak jou-a
 ba nou li jodi-a.
 Padoné sa nou fè-ou, tankou nou padoné
 moun ki fè nou kichòy.
 Pa kité nou pran nan pièj,
 min délivré nou ak sa ki mal.**

143. Apré sa, si sa konvtab, li invité fidèl yo ak paròl sa yo oubyin dèt ki sanblé ak yo :

Montré nou konn viv an pè youn ak lòt.

Lè sa-a moun marié yo épi tout moun youn bay lòt sign lapè ak rinmin-an.

144. Lè sa fi-n fèt, asistan-an fè jénufleksion, li résévoua osti-a, antan-l kinbé-l lèvé anlè yon ti kras sou véso-a oubyin siboua-a, li viré nan diréksion sa k-ap kominié yo, li di :

Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.

Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.

Épi sa k-ap kominié yo di :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

145. Si asistan-an li minm ap kominié, li di an sékrè :

Sé pou Kò Jézu-Kri soutni-m pou lavi ki pap janm fini-an.

Épi li pran Kò Jézu-Kri-a avèk respè.

146. Apré sa li résévoua véso-a oubyin siboua-a, li avansé kot sa k-ap kominié yo, li montré yo chak osti-a li lèvé-l yon ti kras, antan-l di :

Kò Jézu-Kri.

Sa k-ap kominié-a réponn :

Amèn.

Épi li kominié.

147. Pandan y-ap distribué kominion-an, dapré sikonstans yo kapab chanté yon kantik adapté.

148. Apré yo fi-n distribué kominion-an, dapré avantaj, yo kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan oubyin chanté yon psòm oubyin yon kantik louanj.

149. Apré sa, asistan-an di priyé sa-a :

An nou lapriyè.

Antan nou patisipé nan tab ou-a,
 n-ap priyé, Granmèt ;
 pou, sa yo ki ataché ansanm nan sakréman nòs yo,
 yo toujou kolé kò yo sou ou,
 épi yo anonsé non-ou bay moun yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Konklizion sélébrasion-an

150. Lè sa-a ato asistan-an fini rit la antan li fè sign koua-a sou pròp tèt pa-l épi antan-l di :

Sé pou Bondié plin nou ak kontantman
épi ak éspérans nan kouè nou kouè-a.
Sé pou lapè Kris la fété nan kè nou yo.
Sé pou Éspri-Sin-an vidé kado-l yo byin fon nan nou.

Tout moun réponn :

Amèn.

151. Li souétab pou sélébrasion-an fini avèk yon chan ki adapté. Lè sélébrasion-an fini, témouin yo avèk asistan-an signin akt Mariaj la. Signatu-a kapab fèt oubyin nan sakristi-a oubyin dévan pèp la ; sèlman sé pa pou yo fè-l sou lotèl la.

Chapit IV

ÒRDO POU SÉLÉBRÉ MARIAJ LA ANT YON PATI KATOLIK AVÈK YON PATI KI KATÉKUMÈN OUBYIN KI PA KRÉTYIN

152. Chak foua yo pasé kontra Mariaj la ant yon pati katolik ak yon pati katékumèn oubyin youn ki pa krétyin, soua dé katékumèn, soua yon katékumèn ak yon pati ki pa krétyin, yo fè sélébrasion-an soua nan légliz la soua nan yon lòt koté ki konvnab, dapré rit ki suiv la.

Òrdo yo ofri isit la, sé pou prèt la sèvi avè-l oubyin diak la ki résévoua délégasion nan min Òrdinè koté-a oubyin kuré-a pou asisté épi béni Mariaj k-ap sélébré yo onon Égliz la.

Si dapré règ yo palé nan n. 25 la, yo sélébré Mariaj la dévan yon asistan layik Èvèk diosézin-an délégé pou sa, sé pou yo konsèvé minm òrdo sa-a antan yo chanjé sa-k gin pou chanjé pou bénédiksion nupsial la. Asistan-an mété rad ki pa indign parapò a ministè sa-a oubyin sa Èvèk la aprouvé.

Rit pou résévoua yo

153. Nan tan yo fikse-a, moun k-ap prezidè-a, antan li abiyé si-l prèt oubyin diak avèk ob ak étòl, oubyin minm chap (oubyin dalmatik pou diak la), koulè blan oubyin koulè fèt, antan sèvan yo akonpagné-l, li proché nan pòt Égliz la oubyin nan koté yo chouazi-a koté li résévoua moun k-ap marié yo épi li salué yo avèk jantiyès.

Apré sa, li minm avèk sèvan yo, moun k-ap marié yo, témouin yo épi tout asanblé-a yo proché koté chèz yo plasé pou chak.

154. Apré, sa k-ap prezidè-a palé avèk yo pou-l dispozé nanm yo pou sélébré Mariaj la avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**N. avèk N. Égliz la patisipé nan kontantman nou-an
épi li résévoua nou ak gran kè,
ansanm ak fanmiy nou épi ak zanmi nou yo,
nan jou sa-a koté nou asosié tout vi nou antré nou.
Pou moun ki kouè yo, Bondié sé sous rinmin-an épi fidéлитé-a
paské Bondié sé charité.**

**Sé poutèt sa sé pou nou kouté paròl li-a avèk atansyon,
épi sé pou nou priyé li avèk siplikasyon
pou li fè nou favè dapré kè nou
épi pou-l konblé tout démann nou yo.**

155. Min si sikonstans yo konsyéyé sa, antan yo soté rit résépsion-an, sélébrasion Mariaj la kòmansé avèk litiji paròl la.

Litiji paròl la

156. Litiji paròl la suiv kòm dabitud, antan yo pran tèks yo propozé pi ro-a nan n. 56, oubyin dòt nan léktu yo indiké pi louin-an (nn. 179-222). Yo kapab fè youn oubyin dé léktu. Si kanminm dapré sikonstans sa parèt pi konvnan, yo kapab fè yon léktu sèlman. Sé pou yo toujou chouazi omouin yon léktu ki palé klè sou Mariaj.

Lè prèt la oubyin diak la absan, y-a introdui léktu Évanjil la konsa :

Kouté, frè-m yo, paròl sint Évanjil la dapré N.

157. Apré sa, sé pou ginyin oméli-a ki soti nan tèks sakré-a ki adapté ak fonksion épi kondision moun k-ap marié yo épi dòt sikonstans yo. Li konvnan pou layik k-ap asisté-a transmèt égzòtasion oubyin li oméli Évèk la oubyin kuré-a indiké-a.

Sélébrasion Mariaj la

158. Apré, antan tout moun kanpé, minm moun k-ap marié yo, témouin yo plasé chak koté, asistan-an palé ak moun k-ap marié yo avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**Nou minm nou rinmin anpil la, nou rasanblé isit la
pou volonté nou ginyin pou pasé kontra Mariaj la
sé dévan minis Égliz la
(dévan mouin minm Évèk nou-an déléyé pou asisté sa),
avèk kominoté-a
pou Granmèt la ba-l fòs ak so sakré-a
épi pou amou nou anrichi avèk bénédiksion li,
épi pou-l fòtifé-l pou fidélité youn doué lòt la pou tout tan-an
ak pou lòt dévou mariaj la.**

Sé pou rézon sa-a m-ap pozé nou kèsion dévan Égliz la osijè intansion nou.

Intèrogasion anvan konsantman-an

159. Lè sa-a atò, sa k-ap prezidè-a intèrojé yo osijè libètè, osijè fidèlité, épi osijè ti moun yo, yo gin pou résévoua-a épi pou édiké-a, épi chak moun réponn.

N. avèk N., èské nou vini isit la san fòsé, min avèk yon kè lib épi ak tout kè pou nou pasé kontra Mariaj la ?

Èské nou paré pou nou suiv chémin Mariaj la, pou nou youn rinmin lòt, pou nou youn respèkté lòt, pandan tout tan n-ap viv ?

Intèrogasion ki vi-n aprè-a yo kapab pa di-l si gin dèt bagay ki indiké-l, parézanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.

Èské nou paré pou nou résévoua pitit nan min Bondié avèk amou, épi pou nou édiké yo dapré laloua Kris la ak Égliz li-a ?

Konsantman

160. Sa k-ap prezidè-a invité yo pou yo bay konsantman-an.

Kòm donk nou gin intansion angajé nan alians Mariaj la ki sin-an, mété min douat nou ansanm épi dévan Bondié avèk Égliz li-a, déklaré konsantman nou.

Yo mété min douat yo ansanm.

161. Gason-an di :

Mouin minm N. mouin résévoua-ou N. kòm madanm mouin épi mouin promèt ou pou-m rét fidèl aléga ou, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respèkté-ou touléjou lavi mouin.

Madanm nan di :

Mouin minm N. mouin résévoua-ou N. kòm mari mouin épi mouin promèt ou pou-m rété fidèl aléga-ou nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-m rinmin-ou épi pou-m respékté-ou touléjou lavi mouin.

162. Si poutan, akoz rézon pastoral, sa t-a sanblé gin plis avantaj, sa k-ap prezidé-a kapab mandé konsantman moun k-ap marié yo avèk întèrogasion.

Li întèrojé mésié-a an premié :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm madanm ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Gason-an réponn :

Mouin vlé.

Apré sa, minis la întèrojé madanm nan :

N., èské ou vlé aksépté N. kòm mari-ou épi èské ou vlé promèt li pou-ou rété fidèl aléga li, nan bon tan ak nan mové tan, nan maladi ak nan bòn santé, pou-ou rinmin-l épi pou-ou respékté-l touléjou lavi-ou ?

Madanm nan réponn :

Mouin vlé

Résépsion konsantman-an

163. Apré sa antan sa k-ap prezidé-a résévoua konsantman-an li di moun marié yo :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Granmèt la asiré-l ak bon kè-l
épi sé pou-l aksépté akonpli bédiksion-l nan nou.
Sa Bondié maré ansanm, moun pa gin doua séparé-l.**

Oubyin :

**Konsantman nou sa-a,
sa nou montré dévan Égliz la,
sé pou Bondié Abraam nan, Bondié Izaak la, Bondié Jakòb la,
Bondié ki té mété prémié paran nou yo ansanm nan paradi-a,
asiré-l épi béni-l nan Kris la,
pou sa li minm li maré ansanm, moun pa séparé-l.**

164. Lè sa-a, moun k-ap prezidè-a invité asanblé-a fè louanj Bondié :

An nou fè louanj pou Granmèt la.

Tout moun réponn :

Mèsi Bondié, mèsi.

Yo kapab déklaré lòt aklamasyon.

Bénédiksyon ak rémiz bag-alians yo

165. Si sikonstans yo konsyé sa, bénédiksyon avèk rémiz bag-alians yo, yo kapab soté yo. Si poutan yo kinbé yo, prèt la (oubyin diak la) di :

**Sé pou Granmèt la ✠ béni alians sa yo,
youn apral rimmèt bay lòt la,
kòm sign amou avèk fidélimité.**

R: Amèn.

Dòt fòmul bénédiksyon bag-alians yo, nn. 229-230.

166. Layik k-ap asisté-a, antan min-l yo kontré, li di minm paròl yo san-l pa fè sign koua-a :

**Sé pou Granmèt la béni alians sa yo,
youn apral rimmèt bay lòt la,
kòm sign amou avèk fidélimité.**

R: Amèn.

Épi dapré avantaj, li voyé dlo béni sou bag-alians yo épi li rimmèt yo bay moun marié yo.

167. Alians ki déstiné pou madam marié-a, mésié marié-a fè-l antré nan douèt madam marié-a, antan l-ap di dapré sikonstans favorab :

**N., résévoua aliens sa-a
kòm sign amou mouin avèk fidéлитé mouin.**

Si li krétyin, li kapab ajouté :

O non Papa-a ak Pitit la ak Éspri Sin-an.

Minm jan-an, bag-aliens ki déstiné pou mésié marié-a, madam marié-a fè-l antré nan douèt mésié marié-a, antan l-ap di dapré sikonstans favorab :

**N., résévoua aliens sa-a
kòm sign amou mouin ak fidéлитé mouin.**

Si li krétyin, li kapab ajouté :

O non Papa-a ak Pitit la, ak Éspri Sin-an.

168. Lè sa-a tout kominoté-a kapab chanté yon immn oubyin yon kantik louanj.

Priyè univèsèl

169. Apré sa yo fè priyè univèsèl la (yo jouinn modèl yo nan nn. 251-252).

170. Apré invokasion yo, sa k-ap prezidé-a kontinué avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**Bondié Papa-a, ki vlé pou pitit li yo gin yon sèl kè
nan charité-a,
sé pou moun ki krétyin yo rélé-l nan priyè fanmiy Bondié-a,
sa Granmèt nou Jézu-Kri té montré nou-an.**

Épi tout krétyin yo kontinué :

**Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a
ba nou li jodi-a.**

**Padoné sa nou fè-ou, tankou nou padoné
moun ki fè nou kichòy.**

**Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

Bénédiksion nupsial

171. Dòdinè yo déklaré bénédiksion nupsial la sou moun ki marié yo, sèlman si sikonstans yo indiké sa, yo kapab soté-l épi nan plas bénédiksion nupsial la yo di priyé-a, sa yo indiké pi ba-a nan n. 174 la.

Moun marié yo nan koté yo yé-a, si sa kapab, yo mété jénou atè.

Lè sa-a, prêt la (oubyin diak la) kontinué, ak min-l yo kontré :

**Koulié-a sou moun marié sa yo,
an nou rélé bénédiksion Bondié-a antan nou sipliyé,
pou li minm ak bon kè-l li ankourajé avèk sékou li
sa yo li anrichi ak sakréman Mariaj la.**

Épi tout moun pandan kèk éspas tan, yo priyé an silans.

172. Apré sa, prêt la (oubyin diak la), antan-l kanpé viré nan dirék-sion moun ki marié yo, ak min-l yo lonjé sou yo, li kontinué :

**Papa ki sin, kréatè tout tè-a,
ki té kréyé gason ak fi sou pòtré-ou,
épi ki té vlé konblé sosiété yo ak bénédiksion-ou;
n-ap priyé-ou avèk umilité pou sèvitè-ou sa yo,
ki ataché ansanm jodi-a nan sakréman nòs yo.
Sou épouz sa-a **N.**, Granmèt,
avèk sou sa k-ap patajé lavi-l la **N.**
sé pou bénédiksion-ou désann an kantité,
épi sé pou puisans Éspri-Sin-ou nan anflamé kè yo
antan-l désann sot anro-a,
pou, pandan y-ap joui kado mariaj la youn fè bay lòt la,
(yo anbéli fanmiy nan ak pitit), (épi) yo anrichi Ègliz la.**

**Lè yo kontan, sé pou yo fè louanj ou, Granmèt,
lè yo chagrin, sé ou minm pou yo chèché,
nan fatig yo, sé pou yo kontan ou minm ou prézan koté yo
pou ankourajé yo ;**

sé pou yo santi nan nésésité yo ou minm ou la pou soulajé yo ;
épi, antan yo rivé nan viyéès sa yo souété-a,
ansanm avèk kouròn zanmi yo sa-a ki antouré yo-a,
sé pou yo abouti nan péyi-roua sièl yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.
R: Amèn.

173. Si sé yon layik asistan k-ap prezidé, li di, antan min-l yo kontré :

Konpliman pou ou, Granmèt Bondié,
ou minm ki kréyé épi ki konsèvé ras moun nan,
ou minm ki nan kominoté lavi gason ak fi-a
ou té kité véritab pòtré amou pa-ou la.

Sou épouz sa-a **N.**, tanpri Granmèt,
épi sou sa k-ap patajé lavi-l la **N.**
sé pou bédiksion-ou nan désann an kantité,
épi sé pou puisans Éspri-Sin-ou nan anflamé kè yo
antan-l désann sot anro-a,
pou, antan y-ap joui kado mariaj la youn fè bay lòt la,
yo fè ouè yon konduit onèt
(épi yo bay prèv paran ki bon kalité).

Lè yo kontan, sé pou yo fè louanj ou, Granmèt,
lè yo chagrin, sé ou minm pou yo chèché,
nan fatig yo, sé pou yo kontan ou minm ou prézan koté yo
pou ankourajé yo,
sé pou yo santi nan nésésité yo ou minm ou la pou soulajé yo ;
épi antan yo rivé nan viyéès sa yo souété-a,
ansanm avèk kouròn zanmi yo sa-a ki antouré yo-a,
sé pou yo abouti nan péyi-roua sièl yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.
R: Amèn.

174. Si poutèt sikonstans, yo pa fè bédiksion nupsial la, yo di priyé
sa-a sou moun ki marié yo :

Kouté siplikasion nou yo, Granmèt,
épi moun pa-ou yo,

yo minm ou té pasé lòd pou yo dévlopé ras moun nan,
 asisté yo avèk byinvéyans,
 pou sa-k maré-a antan sé ou-k fè-l la,
 li kinbé, antan sé ou k-ap édé.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Konklizion sélébrasion-an

175. Lè sa-a atò, prèt la (oubyin diak la) béni pèp la antan-l di :

Épi nou tout ki prézan isit la ansanm avèk yo-a,
 sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
 Papa-a ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an
 béni nou byin béni.

R: Amèn.

176. Min si sé yon layik asistan k-ap prezidé, li kapab fini rit la antan-l fè sign lakoua sou pròp tèt pa-l épi antan-l di :

Sé pou Bondié plin nou ak kontantman épi ak éspérans
 nan kouè nou kouè-a.
 Sé pou lapè Kris la fété nan kè nou yo.
 Sé pou Éspri-Sin-an vidé kado-l yo byin fon nan nou.

Tout moun réponn :

Amèn.

177. Li souétab pou sélébrasion-an fini ak yon kantik adapté.

178. Lè sélébrasion-an fini, témouin yo ak sa k-ap prezidé-a signin akt Mariaj la. Signatu-a kapab fèt oubyin nan sakristi-a oubyin dévan pèp la ; sèlman sé pa pou yo fè-l sou lotèl la.

Chapit V

DIVÈS TÈKS YO KAPAB ANPLOUAYÉ NAN RIT MARIAJ LA AVÈK NAN MÈS « POU MOUN K-AP MARIÉ YO »

I

LÉKTU BIBLIK YO

Nan Mès « pou moun k-ap marié yo » épi nan Mariaj y-ap sélébré san Mès yo, yo kapab anplouayé pasaj sa yo ki suiv yo. Sé pou yo toujou chouazi yon léktu ki palé klèman osijè Mariaj la. Yo indiké léktu sa yo ak yon ti étoual.

Léktu nan Ansyin Téstaman-an

- * **179.** Jénèz 1, 26-28. 31a :
« *Gason ak fi li kréyé yo* ».
Bondié di : « An nou fè moun nan... 31 jous nan yo té bon anpil.
[p. 21]
- * **180.** Jénèz 2, 18-24 :
« *Y-ap dé nan yon sèl chè* ».
Granmèt Bondié di : « Li pa bon pou moun nan sèl pou kont li...
[p. 97]
- * **181.** Jénèz 24, 48-51. 58-67 :
« *Izaak rinmin Rébéka, épi li jouinn konsolasion pou lanmò manman-l nan* ».
Jou sa yo : Sèvitè Abraam nan di Laban : « Mouin fè konpliman pou Granmèt Bondié mèt mouin... [p. 98]
- * **182.** Tobi 7, 6-14 :
« *Sé pou Granmèt sièl la byin réglé pou nou, pitit, sé pou-l fè mizérikind ak lapè* ».
Jou sa yo : Ragouèl anbrasé Tobi... [p. 99]

- * 183. **Tobi 8, 4b-8 :**
 « *Sé pou nou toulédé, nou viv vié, an santé* ».
 [Nan asouè nòs yo,] Tobi di Sara : « Lévé, sè-m nan !... [p. 100]
- * 184. **Provèb 31, 10-13. 19-20. 30-31 :**
 « *Madanm ki krinn Granmèt la, sé li minm ki mérité louanj* ».
 Madanm ki gin kouraj la, kilès k-ap jouinn li ?... [p. 100]
185. **Kantik 2, 8-10. 14. 16a ; 8, 6-7a :**
 « *Rinmin-an fò tankou lanmò* ».
 Voua rinmin-m nan... **16 jous nan** mouin minm mouin pou li. **8, 6** [Li minm ki di-m :] « Pozé-m... **jous nan** pa kapab nouayé-l. [p. 101]
- * 186. **Sirasid 26, 1-4. 16-21 :**
 « *Tankou solèy k-ap lévé, konsa bèlté bon madanm dékoré lakay li* ».
 Yon bon madanm, ala kontantman pou yon mesié... [p. 101]
187. **Jérémi 31, 31-32a. 33-34a :**
 « *M-ap pasé yon aliens nouvo ak kay Israèl la ak kay Juda-a* ».
 Min jou k-ap rivé, sé sa Granmèt la di... **32 jous nan** sot nan péyi Éjip la. **34 jous nan** sé sa Granmèt la di. [p. 102]

Léktu nan Nouvo Téstaman-an

188. **Romin 8, 31b-35. 37-39 :**
 « *Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin rinmin Kris la ?* ».
 Frè-m yo : Si Bondié pou nou... [p. 102]
189. **Romin 12, 1-2. 9-18 (pi long) oubyin 1-2. 9-13 (pi kout) :**
 « *Prézanité kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi* ».
 Mouin mandé nou avèk anpil pèsistans, frè-m yo, pa pouvoua mizèrikòd Bondié-a... [p. 103, 103]
190. **Romin 15, 1b-3a. 5-7.13 :**
 « *Sé pou youn résévoua lòt tankou Kris la* ».
 Frè-m yo : Sé pa pròp tèt pa nou pou nou fè plézi... **3a**. Kris la pa-t fè pròp tèt li plézi. [p. 104]

191. 1 Korintyin 6, 13c-15a. 17-20 :
 « Manm ou yo, sé tanp Éspri-Sin-an yo yé ».
 Frè-m yo : Kò-a pa fèt pou fònikasyon, min pou Granmèt la... 15
 jous nan sé manb Kris la ? [p. 104]
192. 1 Korintyin 12, 31—13, 8a :
 « Si-m pa gin rinmin, sa pap sèvi-m anyin »,
 Frè-m yo : Sé pou nou chèché kado ki pi bon yo... 8 Charité-a
 pap janm pasé. [p. 105]
193. Éfézyin 4, 1-6 :
 « Yon sèl kò ak yon sèl Éspri ».
 Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt
 la... [p. 105]
- * 194. Éfézyin 5, 2a. 21-33 (pi long) oubyin 2a. 25-32 (pi kout) :
 « Misté sa-a gran, m-ap palé pou Kris la ak pou Égliz la ».
 Frè-m yo : Maché nan rinmin-an, tankou Kris la té rinmin nou
 épi li té rinnèt pròp tèt li pou nou. 21 [Sé pou nou] youn obéyi
 lòt... [p. 106, 22]
195. Filipyin 4, 4-9 :
 « Bondié lapè-a ap avèk nou ».
 Frè-m yo : Fè kè nou kontan nan Granmèt la tout tan... [p. 107]
196. Kolosyin 3, 12-17 :
 « Anlè tout bagay sa yo : rinmin-an, sé li minm ki chinn nan ki
 fè tout bagay fi-n bon nèt la ».
 Frè-m yo : Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi... [p. 107,
 124]
197. Ébré 13, 1-4a. 5-6b :
 « Sé pou mariaj la jouinn respè nan nou tout ».
 Frè-m yo : Sé pou charité frè yo rété nan nou ... 4a. sé pou
 kabann nan rété intak... 6b mouin pap pè sa pou moun fè-m.
 [p. 108]
- * 198. 1 Piè 3, 1-9 :
 « Nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou nou youn sipòté lòt, pou
 nou rinmin tankou frè ».
 Nou minm mouin rinmin anpil la : Sé pou médam yo obéyi mari
 yo... [p. 108]

- 199.** 1 Jan 3, 18-24 :
« *Sé pou nou rinmin nan aksion ak vérité* ».
Ti pitit mouin yo, sé pa nan paròl ak lang pou nou rinmin...
[p. 109]
- 200.** 1 Jan 4, 7-12 :
« *Bondié sé rinmin* ».
Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lòt...
[p. 109]
- 201.** Apokalips 19, 1. 5-9a :
« *Ala kontantman pou moun yo invité nan nòs Mouton-an!* ».
Mouin minm, Jan, mouin tandé tankou gran voua... **9 jous nan**
yo invité nan résépsion mariaj mouton-an. [p. 110]

Psòm répons

- 202.** Ps 32(33), 12 é 18. 20-21. 22.
℞ (5b): Mizérikòd Granmèt la plin tè-a. [p. 111]
- 203.** Ps 33(34), 2-3. 4-5. 6-7. 8-9.
℞ (2a) : M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan.
Oubyin (9a): Gouté, épi n-a ouè jan Granmèt la bon. [p. 111]
- 204.** Ps 102(103), 1-2. 8 é 13. 17-18a.
℞ (8a) : Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd.
Oubyin (cf. 17): Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan,
épi jous pou tout tan pou moun ki krinn li yo.
[p. 112]
- 205.** Ps 111(112), 1-2. 3-4. 5-7a. 7bc-8. 9.
℞ (cf. 1) : Ala kontantman pou moun ki mét plézi-l nèt nan lòd
Granmèt la.
Oubyin : Alélouya. [p. 112]
- * **206.** Ps 127(128), 1-2. 3. 4-5.
℞ (cf. 1): Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la.
Oubyin (4): Min kijan yo béni moun nan, sa-k krinn Granmèt la.
[p. 21]
- 207.** Ps 144(145), 8-9. 10 é 15. 17-18.
℞ (9a): Granmèt la bon pou tout moun. [p. 87, 113]

208. Ps 148, 1-2. 3-4. 9-10. 11-13ab. 13c-14a.
 R: (13a): Sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la.
 Oubyin : Alélouya. [p. 114]

Alélouya épi Vèsè anvan Évanjil la
 [p. 115]

209. 1 Jan 4, 7b:
 Tout moun ki rinmin sé nan Bondié li fèt,
 épi li konnin Bondié.
210. 1 Jan 4, 8b é 11:
 Bondié sé rinmin ;
 sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan Bondié rinmin nou-an.
211. 1 Jan 4, 12:
 Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou,
 épi charité-l la nan nou fi-n réalisé.
212. 1 Jan 4, 16:
 Moun ki rété nan charité-a, nan Bondié li rété
 épi Bondié nan li.

Évanjil yo

213. **Matié 5, 1-12a :**
« Sé pou nou kontan, sé pou nou fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo ».
 Lè sa-a : Jézu ouè foul yo... **12 jous nan** anpil nan sièl yo.
 [p. 115]
214. **Matié 5, 13-16 :**
« Nou sé limiè tè-a ».
 Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : « Nou sé sèl tè-a.... [p. 116]
215. **Matié 7, 21. 24-29 (pi long) oubyin 21. 24-25 (pi kout) :**
« Li té bati kay li sou ròch ».
 Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Sé pa tout moun k-ap di-m
 “Granmèt, Granmèt”... [p. 116, 117]

- * 216. **Matié 19, 3-6 :**
 « *Sa Bondié mété ansanm, moun pa gin doua séparé-l* ».
 Lè sa-a : Farizyin yo té proché kot Jézu... [p. 23]
217. **Matié 22, 35-40 :**
 « *Sa-a sé pi gran ak prèmié kòmandman-an. Dézièm nan minm sanblé ak sa-a* ».
 Lè sa-a : Youn nan farizyin yo ki té savan nan laloua-a pozé Jézu kèsion... [p. 118]
- * 218. **Mark 10, 6-9 :**
 « *Yo pa dé, min yon sèl chè* ».
 Lè sa-a : Jézu di : « Nan kòmansman kréasion-an... [p. 118]
- * 219. **Jan 2, 1-11 :**
 « *Sa-a Jézu té fè-l kòm kòmansman sign yo, nan Kana Galilé* ».
 Lè sa-a : Vi-n gin nòs nan Kana Galilé-a... [p. 118]
220. **Jan 15, 9-12 :**
 « *Sé pou nou rété nan rinmin-m nan* ».
 Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan... [p. 86, 119]
221. **Jan 15, 12-16 :**
 « *Min sa mouin kòmandé nou : sé pou nou youn rinmin lòt* ».
 Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Sa-a sé kòmandman-m nan... [p. 119]
222. **Jan 17, 20-26 (pi long) oubyin 20-23 (pi kout) :**
 « *Sé pou yo fi-n fè youn nèt* ».
 Lè sa-a : [Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, li di : « Papa ki sin,] sé pa pou yo minm sèlman mouin priyé... [p. 120, 120]

II
PRIYÈ

223. Priyè sa-a sé pa pou yo sèvi avèk li ansanm ak premié priyè bédiksyon nupsial la (nn. 74. 105).

**Bondié, ou minm ki té konsakré atach mariaj la
nan yon mistè tèlman sipériè,
ou t-ap dézignin davans sakréman Kris la ak Égliz la
nan aliens nòs yo,
fè sèvitè-ou sa yo favè, tanpri,
pou sa yo résévoua nan lafoua-a, yo rapousuiv li nan aksion.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

224. Bondié, ou minm ki, antan-ou kréyé ras moun nan,
té vlé gason-an ak fi-a fè yon sèl,
sèvitè-ou yo ki pral ataché youn ak lòt nan aliens mariaj la,
fè yo kolé ak chinn yon minm rinmin,
pou, sa yo ou fè gras donnin frui nan charité-a,
ou fè yo favè sèvi charité-a témouin.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

225. Sé pou prézan, Granmèt, nan siplikasyon nou yo,
épi sou sèvitè-ou sa yo (**N.** avèk **N.**)
vidé gras ou-a avèk byinvéyans,
pou moun yo ki ataché ansanm dévan lotèl ou yo,
yo konsolidé nan charité youn aléga lòt.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

226. Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua,
pou fè sèvitè-ou sa yo, k-apral ataché ansanm
nan sakréman nòs yo,
yo dévlopé nan lafoua-a yo fi-n déklaré an piblik la
épi yo anrichi Égliz ou-a avèk désandans fidèl.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

227. Kouté siplikasyon nou yo, Granmèt,
épi moun pa-ou yo,
yo minm ou té pasé lòd pou yo dévlopé ras moun nan,
asisté yo avèk byinvéyans,

pou sa-k maré-a antan sé ou-k fè-l la,
li kinbé, antan sé ou k-ap édé.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

228. Bondié, ou minm ki nan kòmansman tè-a k-ap grandi-a,
bay bénédiksion nan fanmiy k-ap vi-n anpil anpil,
fè kè-ou sansib sou siplikasyon nou yo,
épi sou sèvitè-ou sa yo (N. avèk N.)
vidé fòs bénédiksion-ou nan,
pou nan kominoté mariaj-la
avèk nan youn égal ak lòt, avèk éspri youn sanblé ak lòt nèt,
yo ataché ansanm pou youn fè lòt vi-n sin.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

III

DÒT PRIYÈ POU BÉNI BAG-ALIANS YO

229. Béni aliens sa yo, Granmèt,
yo minm nou ✠ béni nan non-ou nan ;
pou tout moun yo k-ap poté yo-a,
antan yo kinbé yon fidéлитé total youn aléga lòt,
yo rété nan lapè ou ak volonté ou
épi yo toujou viv antan youn rinmin lòt.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

230. Sèvitè-ou yo, Granmèt,
béni yo ✠ épi sanktifíé yo nan amou yo ;
épi yo minm aliens sa yo sé sign fidéлитé-a,
sé pou yo raplé yo santiman rinmin youn gin pou lòt la.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

IV

PRIYÈ SOU OFRANN YO

231. Résévoua, tanpri, Granmèt,
kado nou ofri pou laloua sakré dévoua mariaj la,
épi, travay ou bay la,
ranjé-l tou avèk prévouayans.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

232. Kado yo nou ofri-ou ak kè kontan-an, Granmèt,
résévoua yo ak byinvéyans,
épi moun yo ou té ataché ansanm nan aliens sakréman-an,
kinbé yo nan aféksion ou ginyin kòm Papa-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

233. Fè kè-ou sansib, Granmèt nan siplikasion nou yo,
épi ofrann sa yo n-ap prezanté ba ou yo
pou sèvitè-ou sa yo ki ataché ansanm nan aliens ki sin-an,
résévoua yo avèk vizaj ki gin byinvéyans,
pou pa lintèmédiè mistè sa yo
yo vi-n solid nan charité youn gin pou lòt avèk nan rinmin-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

V

PRÉFAS YO

234. *Dignité aliens nòs yo.*

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
sé yon délivrans pou nou.
Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
pou nou di-ou mèsì tout tan é tout koté.

Ou minm ki té maré aliens nòs yo
avèk jouk bòn-antant ki atiran
épi avèk chinn lapè ki pa kapab kasé,

pou fèkondité onorab moun marié yo ki sin yo
té kapab sèvi adopsion pou pitit yo ki té gin pou vi-n anpil yo.

Nan providans ou réyèlman, Granmèt,
avèk nan gras ou dapré mouayin yo pa kapab palé,
ou réglé pou, sa jénérasyon-an produi
pou dékoration tè-a,
rénérasyon-an minnin-l pou dévlopman Égliz la,
pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.

Sé pa pouvoua li, avèk Anj yo épi tout Sin yo,
n-ap chanté kantik louanj pou ou, antan n-ap di san rété :

235. Gran sakréman Mariaj la.

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
sé yon délivrans pou nou.
Bondié Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
pou nou di-ou mési tout tan é tout koté
pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

Paské nan li minm ou té maré yon nouvo téstaman
avèk pèp ou-a,
pou, sa-a ou t-ap rachté nan mistè lanmò-l
ak réziréksion-l nan,
ou té fè-l vi-n gin minm natu avèk Bondié
épi ou té fè-l éritié gloua li-a ansanm avèk li nan sièl yo.

Li minm jénérozité gras li-a ki sakré anpil la,
ou té signifié-l nan mariaj gason-an ak fi-a,
pou sa sakréman-an réalizé-a, li té raplé nou
plan rinmin-ou nan, sa yo pa kapab palé-a.

Sé poua, avèk Anj yo épi tout Sin yo,
n-ap fè louanj ou antan n-ap déklaré san rété :

236. **Mariaj la kòm sign rinmin Bondié-a**

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
 sé yon délivrans pou nou,
 Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
 ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
 pou nou di-ou mèsi tout tan é tout koté.

Ou minm ki té vlé lèvé moun nan ki kréyé
 gras a kado bon kè-ou la
 nan yon ran tèlman sipériè
 pou-ou té kité nan kominoté gason-an ak fi-a
 véritab pòtré rinmin-ou nan ;
 li minm ou té kréyé réyèlman gras a charité-ou la,
 ou pa sispann rélé-l nan laloua charité-a,
 pou-ou pèmèt li patisipé nan charité-ou la
 ki la pou tout tan-an.

Mistè mariaj li-a ki sin-an
 antan li égzisté kòm sign rinmin-ou nan,
 li sakré amou moun nan,
 pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

Sé pa pouvoua li avèk Anj yo ak tout Sin yo,
 n-ap chanté kantik louanj pou ou, antan n-ap di san rété :

VI

POU FÈ SONJÉ MOUN MARIÉ YO
 NAN PRIYÈ ÉKARISTIK LA

a) **Nan Priyè ékaristik I**

237. Hanc igitur (Granmèt tanpri, aksépté sa n-ap ofri-ou la) **pròp. Mo yo ki anndan parantèz yo, yo kapab siprimé yo dapré bézouin.**

Ofrann sèvis nou sa-a donk
 min ni pa sèvitè-ou yo tou **N.** ak **N.**
 ak pa tout fanmiy ou-an,
 k-ap sipliyé grandè-ou pou yo-a,

nou priyé, Granmèt, pou-ou résévoua-l avèk byinvéyans,
 épi minm jan ou té fè yo favè rivé nan jou nòs yo,
 konsa tou (fè yo joui pitit yo anvì yo gras a kado ou, épi)
 kondui yo ak bon kè-ou jous nan kantité ané yo anvì yo.
 (Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn.)

b) Nan Priyè ékaristik II

238. *Apré mo ...universo clero (...ansanm ak tout moun ki réskonsab patizan-ou yo), yo ajouté:*

Sonjé tou, Granmèt, N. avèk N.
 yo minm ou té fè favè rivé nan jou nòs yo,
 pou avèk gras ou yo rété
 nan atachman youn gin pou lòt avèk nan lapè.

c) Nan Priyè ékaristik III

239. *Apré mo ...adesto propitius (...k-ap lapriyè nan pié-ou, jan-ou té vlé-a), yo ajouté:*

Asiré, tanpri, nan gras Mariaj la N. avèk N.,
 yo minm ou té kondui ak kontantman nan jou nòs yo
 pou aliens la yo té rann solid dévan-ou la,
 antan ou minm ou-ap protéjé-a,
 yo konsèvé-l tout tan nan lavi-a.

Tout pitit ou yo...

VII

DOT PRIYÈ BÉNÉDIKSION NUPSIAL

240. Nan invitasion-an, si youn nan épou yo oubyin toulèdé pa kominié, yo siprimé mo yo ki anndan parantèz yo. Nan priyè-a minm, mo yo ki fèmin anndan parantèz yo, yo kapab siprimé yo, si sikonstans situasion yo sanblé mandé sa, parégzanp si moun k-ap marié yo gin anpil laj.

241. Prèt la (oubyin diak la), dé min-l kontré, li invité patisipan yo pou yo priyé, antan-l di:

Sou épou sa yo, ki, antan yo asosié nan Mariaj la,
ap proche kot lotèl la,
pou (antan yo patisipé nan Kò ak San Kris la),
yo ataché tout tan avèk aféksion youn pou lòt,
an nou priyé Granmèt la.

Tout moun priyé pandan yon ti moman an silans.

242. Apré sa prèt la (oubyin diak la), louvri min-l anlè moun marié yo, li kontinué:

Papa ki sin,
moun nan ki fòmé sou pòtré-ou la,
ou minm ki té kréyé-l nan ran gason ak nan ran fi
pou yon mesié ak yon madanm,
ki ataché ansanm nan yon sèl chè ak yon sèl kè
té kapab akonpli obligasion yo sou tè-a;

Bondié, ou minm ki, pou-ou révéle plan rinmin-ou nan,
té vlé désinin, nan aféksion épou yo ginyin youn pou lòt la,
aliens sa-a ou aksépté angajé ou minm minm avèk pèp ou-a,
pou, antan signifikasion sakréman-an akonpli,
mistè nòs Kris la ak Égliz la louvri
nan kominoté mariaj fidèl ou yo;

Sou sèvitè-ou sa yo (N. avèk N.)
lonjé min douat ou, tanpri, avèk favè,
épi vidé fòs Éspri-Sin-an nan kè yo.

Fè, Granmèt,
pou, nan kominoté sakréman sa-a yo kòmansé-a,
yo kominiké kado rinmin-ou nan antré yo,
épi, antan youn montré lòt sign prezans ou-a,
yo vi-n tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm.

Bay favè tou Granmèt,
pou kay la, sa yo bati-a,
avèk travay tou, yo rann li solid,

(épi pitit yo, ki fòmé nan édikasion Bòn Nouvèl la,
yo préparé yo pou yo asosié nan fanmiy sièl ou-a).

Sèvant ou sa-a **N.**,
aksépté konblé-l ak bénédiksjon-ou yo,
pou, antan-l akonpli sèvis madanm (ak manman),
li réchofé kay li avèk amou ki réglé,
épi li dékoré avèk gras ki fè li konn kijan pou-l akéyi moun.

Sèvitè-ou sa-a tou **N.**
akonpagné-l, Granmèt, ak bénédiksjon sièl la,
pou-l akonpli yon fason kòrèk sèvis yon mari fidèl
(ak yon papa ki prévouayan).

Pèmèt, Papa ki sin,
pou sa yo ki ataché ansanm nan mariaj la dévan-ou nan,
ki anvèl proché sou tab ou-a,
yo kontan patisipé yon jou nan féstin sièl la.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

R. Amèn.

243. Prèt la (oubyin diak la), antan-l kanpé nan diréksion mesié ak
madanm marié-a, ak min-l kontré, li invité asanblé-a pou lapriyé :

Ak priyé nou yo, frè yo mouin rinmin anpil la,
sou épou sa yo, an nou rélé bénédiksjon Bondié-a
antan n-ap sipliyé,
pou li minm avèk sékou-l li réchofé ak byinvéyans moun sa yo
li té anrichi ak sakrèman mariaj la.

Tout moun priyé pandan yon ti moman an silans.

244. Apré sa, prèt la (oubyin diak la) louvri min-l anlè moun marié yo,
li kontinué:

Papa ki sin, kréatè tout tè-a,
ki té kréyé gason ak fi sou pòtré-ou,
épi ki té vlé konblé sosiété yo ak bénédiksjon-ou;
n-ap priyé-ou avèk umilité pou sèvitè-ou sa yo,
ki ataché ansanm jodi-a nan sakrèman nòs yo.

Sou épouz sa-a **N.**, Granmèt,
avèk sou sa k-ap patajé lavi-l la **N.**

sé pou bénédiksion-ou désann an kantité,
 épi sé pou puisans Éspri-Sin-ou nan anflamé kè yo
 antan-l désann sot anro-a,
 pou, pandan y-ap joui kado mariaj la youn fè bay lòt la,
 (yo anbléli fanmiy nan ak pitit), (épi) yo anrichi Égliz la.

Lè yo kontan, sé pou yo fè louanj ou, Granmèt,
 lè yo chagrin, sé ou minm pou yo chèché,
 nan fatig yo, sé pou yo kontan ou minm ou prézan koté yo
 pou ankourajé yo ;
 nan asanblé ki sin-an sé pou yo priyé-ou,
 sé pou yo montré yo sé témouin-ou sou tè-a;
 épi, antan yo rivé nan viyéès sa yo souété-a,
 ansanm avèk kouròn zanmi yo sa-a ki entouré yo-a,
 sé pou yo abouti nan péyi-roua sièl yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.
 ✠ Amèn.

VIII

PRIYÈ APRÉ KOMINION

245. Gras a pouvoua sakrifis sa-a, Granmèt,
 akonpagné plan prévouayans ou-a ak favè sakré
 pou sa yo ou ataché ansanm nan kominoté ki sin-an,
 (épi ou plin ak yon sèl pin épi yon sèl kalis la),
 ou fè yo gin minm kè tou, nan yon sèl charité-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

246. Antan nou patisipé nan tab ou-a, n-ap priyé, Granmèt,
 pou, sa yo ki ataché ansanm nan sakréman nòs yo,
 yo toujou kolé kò yo sou ou,
 épi yo anonsé non-ou bay moun yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

247. Pèmèt, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua,
 pou puisans sakréman-an sèvitè-ou sa yo résévoua-a
 li dévlopé nan yo,
 épi rézilta sakrifis nou ofri-a
 nou résévoua-l nan nou tout.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

IX

BÉNÉDIKSION NAN FIN SÈLÈBRASION-AN

248. Bondié Papa-a ki égzisté tout tan-an,
sé pou-l konsèvé nou nan yon sèl kè antan youn rinmin lòt,
nou lapè Kris la abité nan nou
épi pou-l rété san sispann nan kay nou-an.

R: Amèn.

Sé pou nou gin bénédiksyon nan pitit nou yo,
ankourajman nan min zanmi nou yo,
épi vré lapè avèk tout moun.

R: Amèn.

Sé pou nou vi-n tounin témouin charité Bondié-a sou tè-a,
pou, sa-k nan lapinn yo ak maléré yo
k-ap jouinn nou gin bon kè,
yo résévoua nou yon lè ak kè kontan
nan tant Bondié yo k-ap diré tout tan yo.

R: Amèn.

Épi nou tout ki prézan isit la ansanm avèk yo-a,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an
béni nou byin béni.

R: Amèn.

249. Sé pou Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a
ba nou kè kontan-l nan
épi sé pou-l béni nou nan pitit yo.

R: Amèn.

Sé pou sèl Pitit Bondié-a, nan bonè ak nan malè
asisté nou ak kè sansib.

R: Amèn.

Sé pou Éspri-Sin Bondié-a
toujou vidé charité-l la nan kè nou.

R: Amèn.

Épi nou tout ki prézan isit la ansanm nan,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an
béni nou byin béni.

R: Amèn.

250. Sé pou Granmèt Jézu, ki té aksépté prézan
nan nòs Kana-a,
vidé bénédiksion-l an kantité sou nou ak sa yo ki pròch nou yo.

R: Amèn.

Li minm ki té rinmin Égliz la jous nan bout,
sé pou-l vidé amou li nan kè nou san rété.

R: Amèn.

Sé pou Granmèt la ba nou gras
pou, antan nou sèvi lafoua réziréksion-l nan témouin,
nou rét ap tann éspérans ki sin-an nan kè kontan.

R: Amèn.

Épi nou tout ki prézan isit la ansanm nan,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an
béni nou byin béni.

R: Amèn.

APINDIS

I

MODÈL PRIYÈ UNIVÈSÈL

251. Frè-m yo mouin rinmin anpil la,
 antan n-ap sonjé kado spésial lagras ak charité-a,
 sa avèk li-a Bondié aksépté pèfèksioné
 épi sanktifé amou frè nou yo, **N.** avèk **N.**,
 an nou rékòmandé yo bay Granmèt la.

Pou krétyin yo **N.** avèk **N.**
 ki vi-n fè youn nan sinteté-a koulié-a palintèmediè Mariaj la,
 yo réyusi joui tout tan sovè yo sovè-a ak santé-a,
 an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé ou, kouté nou.

Oubyin yon lòt répons pèp la ki adapté.

Pou li béni aliens yo-a
 minm jan li té vlé sanktifé nòs yo nan Kana Galilé-a,
 an nou priyé Granmèt la.

Pou amou ki kòrèk nèt la épi ki donnin-an
 ba yo lapè avèk sékou
 épi pou yo ofri bon témouagnaj osijè non krétyin-an,
 an nou priyé Granmèt la.

Pou pèp krétyin-an
 jou-an-jou profité nan bon kalité
 épi pou tout moun ki krazé anba divès nésésité
 li ba yo sékou gras ki soti anlè-a,
 an nou priyé Granmèt la.

Tout moun marié yo ki prézan isit la,
 pou gras sakréman-an renouvle pou yo
 palintemédiè Éspri-Sin-an,
 an nou priyé Granmèt la.

Éspri charité-ou la, Granmèt,
 vidé-l ak bon kè nan moun marié sa yo,
 pou yo vi-n gin yon sèl kè avèk yon sèl nanm
 yon fason pou anyin anfin pa séparé yo,
 sa yo ou té maré ansanm nan,
 anyin pa krazé sa yo ou té plin ak bénédiksion-ou nan.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

252. Frè-m yo mouin rinmin anpil la,
 an nou suiv nouvo fanmiy sa-a ak priyé nou yo
 pou amou moun marié sa yo ginyin youn pou lòt la
 li vi-n pi gran chak jou
 épi pou Bondié poté sékou ak bon kè-l
 pou tout fanmiy yo sou tè-a.

Pou nouvo marié yo ki prézan isit la
 épi pou byin minm fanmi yo-a,
 an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé ou, kouté nou.

Oubyin yon lòt répons pèp la ki adapté.

Pou pròch yo avèk zanmi yo
 avèk pou tout moun ki asosié ak moun marié sa yo,
 an nou priyé Granmèt la.

Pou jèn jan yo ki kòmansé ap préparé tèt yo pou mariaj la
 épi pou tout moun Granmèt la rélé nan yon lòt kondision lavi,
 an nou priyé Granmèt la.

Pou tout fanmiy sou tè-a
épi pou konsolidé lapè ant moun yo,
an nou priyé Granmèt la.

Pou tout manb fanmiy nou yo ki travèsé sot sou tè sa-a
épi pou tout défin yo,
an nou priyé Granmèt la.

Pou Égliz la, pèp Bondié-a ki sin-an
épi pou unité tout krétyin yo,
an nou priyé Granmèt la.

Granmèt Jézu, ou minm ki prézan nan mitan nou
pandan **N.** avèk **N.** ap montré sign yo fè youn nan,
résévoua priyé nou-an épi plin nou avèk Éspri-ou la,
ou minm ki vivan dépi tout tan é pou tout tan.

R: Amèn.

II

ÒRDO BÉNÉDIKSION FIANSE YO

SA POU YO NOTÉ ANVAN

253. Pami dévoua moun marié krétyin yo avèk fòm apostola yo, an plis édikasyon pitit yo, sé pou yo konsidéré li gin yon gran inpòtans sékou pou yo ofri fianse yo k-ap pèmèt yo préparé pi byin pou Mariaj la.

Konsa fiansay respéktab krétyin yo sé yon évenman spésial pou dé fanmiy yo ki mérité pou yo sélébré-l avèk yon rit épi priyé an komin, pou antan yo mandé bénédiksyon Bondié, sa yo kòmansé avèk kontantman-an pou yo fini-l tou avèk kontantman nan tan li.

Sélébrasyon sa-a, y-a adapté-l dapré sikonstans bagay yo.

254. Lè yo sélébré fiansay yo nan intimité dé fanmiy yo, youn nan paran yo kapab dirijé rit bénédiksyon-an. Sèlman si gin yon prèt oubyin yon diak, lè sa-a atò dévoua prezidè-a révni yo avèk plis avantaj, yon foua sa parèt klè pou asanblé-a sé pa yon sélébrasyon Mariaj k-ap fèt.

255. Òrdo sa-a, donk, sa yo ofri la-a, yo kapab sèvi avè-l ni nan min paran yo, ni nan min prèt la, diak la oubyin yon lòt layik ki, antan yo konsèvé pi fò éléman yo avèk strikti rit la, yo adapté chak pati nan sikonstans yo.

256. Òrdo sélébrasyon sa-a, yo kapab sèvi avè-l minm lè antan tan fiansay yo déja kòmansé, yo réyini fianse yo pou fè préparasyon katéchetik la anvan yo sélébré Mariaj la, jamè poutan yo pa doué kolé fiansay yo oubyin bénédiksyon spésial fianse yo avèk sélébrasyon Mès la.

Rit pou kòmansé

257. Antan fanmi-an rasanblé, si sé yon prèt k-ap prezidé oubyin yon diak, apré li fè sign lakoua-a, li salué asanblé-a antan-l di :

**Gras pou nou ak lapè
sot nan Granmèt nou Jézu-Kri,
li minm ki té rinmin nou épi ki té rinmèt pròp tèt pa-l pou nou.**

Oubyin dôt paròl ki adapté yo pran sitou sot nan Ékritu Sint la.

Tout moun réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou.]

Oubyin yon lòt fason ki adapté.

258. Si minis la sé yon layik, apré li fi-n fè sign lakoua-a, li salué asanblé-a antan-l di :

**Frè-m yo, an nou fè louanj Granmèt nou Jézu-Kri
li minm ki té rinmin nou épi ki té rinmèt pròp tèt li pou nou.**

Tout moun réponn :

Amèn.

259. Lè sa-a atò minis la dispozé asanblé-a pou résévoua bénédiksyon-an avèk paròl sa yo oubyin dôt ki sanblé ak yo :

**Pou tout moun épi pou tout tan, nou konnin gras Bondié-a
toujou nésésè ; sèlman sa pa kaché pou pèsonn, minm gras la
tout fidèl krétyin yo bézouin-l sitou lè y-ap préparé tèt yo pou
fondé yon nouvo fanmi.**

**Konsa pou frè nou sa yo grandi antan youn gin
konsidèrasyon pou lòt, youn rinmin lòt ak plis sinsérité épitou
ak rélasyon lavi ki konv nab épi ak lapriyé an komin, yo rivé
apouin yon fason kòrèk pou sélébrasyon Mariaj la ki sin-an, an
nou sipliyé bénédiksyon Bondié-a pou yo.**

Léktu paròl Bondié-a

260. Apré sa, youn nan asanblé-a oubyin minis la li-minm minm li tèks Èkritu Sint yo.

Jan 15, 9-12 : « *Sa-a sé kòmandman-m nan : pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an* ».

Kouté, frè-m yo, paròl sint Évanjil la dapré Jan.

Jézu di disip li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan, mouin minm tou mouin rinmin nou. Rété nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan, minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan. Bagay sa yo mouin di nou yo, pou kè kontan-m nan nan nou, épi pou kè kontan nou-an akonpli.

Sa-a sé kòmandman-m nan : pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an ».

261. Oubyin :

I Korintyin 13, 4-13: « *Charité-a nan tout okazion, li kouè, li espéré, li andiré* ».

Kouté, frè-m yo, paròl apot Pòl pou Korintyin yo.

Charité-a gin pasians, li gin bon jan ; charité-a pa fè jalouzi, li pa ajì pou-l vanté tèt li, li pa gonflé kò-l, li pa fè anbision, li pa chèché bagay ki pou li yo, li pa fè kòlè, li pa kalkilé sou sa-k mal, li pa kontan poutèt méchansté, okontrè li kontan pou vérité-a : li sipòté nan tout okazion, li kouè nan tout okazion, li espéré nan tout okazion, li andiré nan tout okazion.

Charité-a pap janm pasé, ni profési yo ap disparèt, ni lang yo ap sispann, ni sians yo ap détoui. Sé an mòso réyèlman nou konnin, sé an mòso nou profétizé. Lè sa-k kòrèk nèt la ap rivé, sa-k an mòso-a ap pasé.

Lè-m té ti moun, mouin té palé tankou ti moun, mouin té réfléchi tankou ti moun, mouin té pansé tankou ti moun ; min lè-m vi-n granmoun, mouin fè bagay ti moun yo disparèt.

Nou ouè koulié-a tankou nan glas an parabòl, lè sa-a minm sé fas a fas ; koulié-a mouin konnin an mòso, lè sa-a minm m-ap konnin jan yo konnin mouin-an.

Koulié-a minm yo diré : lafoua-a, éspérans la ak charité-a, toua sa yo ; min pi gran nan yo-a sé charité-a.

262. Oubyin :

Ozé 2, 21-26 : « M-ap marié-ou avèk mouin nan fidélimité ».

Min sa Granmèt la di Siyon :

« M-ap marié-ou avèk mouin pou tout tan ; m-ap marié-ou avèk mouin nan jistis avèk jijman, nan mizérikòd ak nan bon kè ; m-ap marié-ou avèk mouin nan fidélimité, ou-ap konnin mouin sé Granmèt la.

Jou sa-a m-ap réponn, sé sa Granmèt la di, m-ap réponn sièl yo épi yo minm y-ap réponn tè-a, épi tè-a ap réponn blé ak divin ak lui, épi yo minm y-ap réponn Jézraèl. M-ap simin-l pou mouin nan tè-a, m-ap pran pité pou li, li minm ki té “San mizérikòd” ; m-ap di “Pa pèp mouin-an” “Sé Pèp mouin ou yé”, épi li minm l-ap di : “Sé Bondié-m ou yé” ».

Filipyin 2, 1-5 : « Antan nou gin minm santiman ».

Frè-m yo :

Si gin yon konsolasion nan Kris la, si gin yon ankourajman charité, si gin yon kominion éspri-a, si gin zantray pitié, fè kè-m kontan nèt, antan nou gin minm santiman, minm charité, nou fè yon sèl kè, nou gin minm fason pou nou anvizajé bagay yo.

Viv san nou pa gin okinn jalouzi, san nou pa chèché okinn gloua ki vid, min antan nou rabésé tèt nou pou chak moun konsidéré lòt la kòm pi sipériè pasé-l, san chak moun pa konsidéré avantaj pèsonèl li, min okontrè afè lòt yo.

263. Dapré avantaj yo kapab di oubyin chanté psòm réponsorial la oubyin yon lòt chan adapté.

Ps 144 (145), 8-9. 10 é 15. 17-18

(R. 9 a) Granmèt la bon pou tout moun.

- 8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd,
li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Granmèt la bon pou tout moun,
pitié li yo pou tou sa-l fè. **R:**
- 10 Y-ap fè louanj ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ;
sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.
- 15 Tout moun éspéré nan ou,
épi ou minm ou ba yo manjé nan tan favorab la. **R:**
- 17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo,
li sin nan tout travay li yo.
- 18 Granmèt la toupré moun k-ap rélé-l yo,
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. **R:**

264. Moun k-ap présidé-a, li palé yon fason tou kout avèk asanblé-a antan li ékspliké léktu bibliik la pou yo konsidéré sans sélébrasion-an nan lafoua, épi pou yo rivé distingé-l yon fason kòrèk parapò a sélébrasion Mariaj la.

Priyè yo

265. Priyè komin-an vi-n apré. Nan intèsésion yo propozé pi louin-an, moun k-ap présidé-a kapab chouazi sa yo ouè ki pi adapté oubyin li kapab ajouté dèt ki konsènè sikonstans pi spésial bagay yo.

**Bondié Papa-a, li minm ki tèlman rinmin moun yo,
pou-l fè yo vi-n tounin pitit li nan Kris la,
épi pou-l montré tè-a yo sé témouin rinmin-l nan,
an nou rélé-l avèk konfians.**

R: Rinmin-ou nan, Granmèt, fè nou ginyin-l pou tout tan.

Oubyin yon lòt répons pèp la ki adapté.

**Ou minm ki té vlé montré véritab pitit ou yo, frè Kris la,
nan rinmin youn gin pou lòt la. **R:****

**Ou minm ki bay moun yo kondision agréab rinmin-ou nan,
pou, antan yo suiv yo, yo jouinn kontantman. **R:****

Ou minm ki mété gason-an ak fi-a ansanm,
 nan amou youn gin pou lòt,
 pou fanmi-an ki vi-n fòmé apati sa
 réjoui nan kouròn pitit yo. **R.**

Ou minm ki nan sakréman Mariaj la
 té montré an mistè, plénitud amou fiansay la,
 gras a ofrann paskal Pitit ou-a fè-a,
 koté Kris la té rinmin Égliz la
 épi li té prezanté-l san tach nan san li. **R.**

Ou minm ki rélé **N.** avèk **N.**
 pou yo rivé an plin nan kominion rinmin-an
 koté manb fanmi krétyin-an fè yon sèl
 nan kè ak nan nanm. **R.**

266. Anvan priyè bénédiksion-an, dapré abitud koté-a, fianse yo kapab montré sign promès kontra yo vlé fè-a, parégzanp kèk mouayin ki sèvi kòm angajman, bag-fiansay oubyin transmision dèt kado.

267. Bag-fiansay la oubyin dèt kado fiansay kapab béni avèk fòmul ki suiv la :

Kado yo youn bay lòt la, sé pou nou kinbé yo yon fason pou sa nou promèt solanèlman antan youn fè lòt la kado-a, nou réalizé-l nan tan li.

R. Amèn.

Priyè bénédiksion

268. Lè sa-a atò sa-a k-ap prezidé-a, dé min-l kontré, li di priyè-a ; min si sé yon prèt oubyin yon diak min-l yo louveri :

**N-ap fè louanj ou, Granmèt,
 ou minm ki té rélé pitit ou sa yo **N.** avèk **N.**
 épi ou té dispozé yo pou youn rinmin lòt
 antan ou ba yo bon jan konsèy ;
 tanpri, aksépté rafèmi kè yo,
 pou antan yo kinbé lafoua-a,**

épi antan yo fè-ou plézi nan tout bagay,
yo rivé avèk kontantman nan sakrèman Mariaj la.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

269. Oubyin lè sé yon prèt oubyin yon diak k-ap présidè :

Granmèt Bondié, sous tout rinmin,
ou minm ki gras a désizyon providans ou
jèn sa yo youn té rivé rankontré lòt ;
fè nou favè, tanpri,
pou yo minm k-ap préparé tèt yo pou sakrèman-an
yo tann gras ou-a,
antan yo jouinn souf bénédiksion ✠ ki sot anro-a,
yo fè progrè nan konsidèrasion youn gin pou lòt,
épitou youn rinmin lòt nan charité ki sinsè.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Finisman rit la

270. Lè sa-a atò, sa-a k-ap présidè rit la li fini antan-l di :

Bondié rinmin-an ak lapè-a, sé pou-l abité nan nou,
sé pou-l dirijé démach nou
épi sé pou-l asiré kè nou nan rinmin li-an.

Tout moun :

Amèn.

271. Sèlèbrasion-an, li bon pou-l fini avèk yon chan ki adapté.

III

ÒRDO BÉNÉDIKSION ÉPOU YO
POU ANPLOUAYÉ ANNDAN MÈS LA
ALOKAZION ANIVÈSÈ MARIAJ YO

272. Nan prinsipal anivèsè Mariaj, tankou parégzanp nan vinsinkiem, sinkantièm, souasantièm, dapré avantaj sé pou yo fè sonjé sakréman-an yon fason spésial nan sélébrasion Mès pròp la avèk priyè yo ki indiké nan *Misèl Romin-an (Mès Rituèl yo, « pou moun marié yo », 2. Nan Anivèsè Mariaj yo).*

273. Nan litiji paròl la, dapré règ rubrik yo, yo kapab pran léktu yo soua apati Léksionè nan sélébrasion Mariaj la (cf. pi ro-a, nan nn. 179-222), oubyin nan Mès pou rann Bondié gras la apati Léksionè Mès pou divès nésésité yo (cf. *Misèl Romin, Òrdo Léktu Mès la, nn. 943-947*) [cf. pi louin p. 121].

274. Apré léktu Évanjil la, prèt la nan oméli-a, li doué fè apati tèks sakré-a, li ékspozé mistè ak gras lavi krétyin-an nan mariaj la, antan-l fè atansyon kanminm divès sikonstans moun yo.

275. Apré sa prèt la invité moun marié yo pou yo fè priyè an silans, épi pou yo rénouvlé dévan Bondié angajman pou viv sin nan Mariaj la, ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Antan jou anivèsè sélébrasion sa-a ap tounin, koté nou té mété lavi nou ansanm palintèmediè atachman sakréman Mariaj la ki pa kapab défèt la, promès youn té fè bay lòt la lontan-an kounié-a nou gin intansyon rénouvlé-l dévan Granmèt la. Pou promès sa yo kapab solid ak gras Bondié-a, dirijé priyè nou bay Granmèt la.

276. Lè sa-a atò, moun marié yo rénouvlé angajman yo an sékrè.

277. Min si, dapré avantaj, moun marié yo vlé rénouvlé angajman yo piblikman, yo sèvi ak fason yo propozé la-a :

Mésié marié-a :

Konpliman pou ou, Granmèt,
paské antan ou minm ou pèmèt sa
mouin té résévoua **N.** kòm madanm mouin.

Madanm marié-a :

Konpliman pou ou, Granmèt,
paské antan ou minm ou pèmèt sa
mouin té résévoua **N.** kòm mari mouin.

Toulèdé :

Konpliman pou ou, Granmèt,
paské nan bon ak nan mové moman lavi nou
ou té asisté nou ak bon kè.
Édé nou, tanpri,
pou nou rivé kinbé fidèlman rinmin youn gin pou lòt la,
pou nou tounin bon témouin aliens sa-a ou té fè ak moun yo.

Prèt la :

Sé pou Granmèt la protéjé nou touléjou lavi nou.
Sé pou li konsolasion nou nan mové moman,
sé pou-l édé nou nan bon moman,
sé pou-l fè kay nou jouinn bénédiksion-l yo an kantité.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Benédiksion bag-aliens yo

278. Lè sa-a atò prèt la, dapré avantaj, di priyé sa-a :

Nan sèvitè-ou yo, Granmèt,
ogmanté épi sanktifé rinmin-an ;
pou sa yo ki té rinmèt aliens sa yo
youn bay lòt kòm sign fidèlité,

yo toujou fè progrè nan gras sakréman-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R̥ Amèn.

Épi yo kapab onoré bag-aliens yo avèk ansansman.

279. Min si y-ap rénouvle bag-aliens yo, prèt la di priyè bénédikcion sa-a :

Nan sèvitè-ou yo, Granmèt,
béni épi sanktifé rinmin-an ;
épi yo minm aliens sa yo sé sign fidélimité-a,
sé pou yo fè yo sonjé aféksion amou yo gin youn pou lòt la
épi gras sakréman-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R̥ Amèn.

Dòt fòmül, n. 229.

280. Apré sa sé priyè univèsèl la oubyin priyè fidèl yo kòm dòdiné nan sélébrasion Mès la, oubyin priyè an komin nan fason yo propozé la-a :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
li minm ki té vlé, nan désizion gran prévouayans li,
montré istoua sové nou sové-a nan rinmin,
fidélimité (épi fékondité) mariaj la,
an nou rélé mizérikòd li :

R̥ Rénouvle fidélimité sèvitè-ou yo, Granmèt.

Papa ki sin, ou minm yo di ki fidèl
épi ki mandé pou kinbé aliens ou-a épitou ki rénouvle-l,
sèvitè-ou sa yo,
k-ap sélébré (vinnsinkiem, sinkantiem, souasantiem)
anivèsè Mariaj yo-a,
sé pou aksépté plin yo ak bénédikcion-ou yo. **R̥**

**Ou minm ki yon sèl lavi an plin-an
ansanm ak Pitit la ak Éspri-Sin-an,
épi k-ap joui kominion rinmin-an dépi tout tan-an,
fè nou favè pou alians rinmin-an
sa sèvitè-ou sa yo té pasé nan sakréman-an
sé tout tan yo sonjé-l épi sé ak fidélimité yo kinbé-l. **Rz****

**Ou minm ki dispozé tout ékspérians lavi moun-nan
nan providans ou-a yon fason
pou minnin fidèl yo patisipé nan mistè Kris la,
bay sèvitè-ou sa yo
pou antan yo résévoua ak trankilité bon ak mové moman yo,
yo rété kolé sou Kris-la épi yo fè éfò viv pou li sèlman. **Rz****

**Ou minm ki té vlé pou sosiété mariaj la
tounin prèv lavi krétyin-an,
fè nou favè pou tout moun ki marié yo
vi-n tounin témouin mistè amou Pitit ou-a sou tè-a. **Rz****

281. Prèt la fini priyè-a :

**Bondié, ou minm sé daprè sa-ou dispozé
sosiété fanmi-an gin fondman solid li,
kouté priyè sèvitè-ou yo antan-ou pran pitié,
épi fè nou favè pou, antan nou suiv égzanp sint Famiy nan,
nou fè louanj ou ansanm san rété nan kè kontan kay ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.
Rz Amèn.**

**282. Nan litiji ékaristik la, tout bagay fèt daprè Òrdo Mès la, sof sa ki
suiv yo.**

**Nan prézantasion ofrann yo, moun marié yo kapab poté pin-an, ak
divin-an épi dlo-a sou lotèl la, daprè avantaj.**

**283. Lè yo fi-n di Pater (Papa nou ki nan sièl la) épi antan yo soté
Liberá nos (Délivré nou Granmèt ak tout sa ki mal), prèt la, antan-l viré
nan diréksion moun marié yo, ak min-l lonjé, li di :**

Ou minm Bondié, kréatè tout bagay n-ap fè louanj ou
épi n-ap fè konpliman pou ou,
ou minm ki té fè gason-an ak fi-a okòmansman,
pou yo té fòmé ansanm yon kominoté lavi ak rinmin ;
n-ap di-ou mési tou
poutèt sosiété fanmi sèvitè-ou yo **N. avèk N.**
ou té aksépté pou béni-l,
pou-l té montré pòtré union Kris la ak Égliz la :
viré gadé yo, donk, jodi-a ak bon kè,
épi yo minm kominion yo-a
ou té kinbé-l nan kè kontan ak nan fatig,
réparé aliens mariaj yo-a san rété,
ogmanté charité-a, konfirmé chinn lapè-a,
pou (**ansanm ak kouròn pitit yo sa-a ki antouré yo-a**)
yo toujou joui bénédikcion-ou.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun réponn :

Amèn.

284. Lè yo fi-n di Pax Domini (Montré nou konn viv an pè youn ak lòt), dapré avantaj épi dapré abitud réjion yo, moun marié yo épi tout lòt moun yo, yon fason konvnab, youn bay lòt yon sign lapè ak charité.

285. Moun marié yo kapab kominié sou toulèdè espès yo.

286. Nan fin Mès la prêt la béni moun marié yo épi asanblé-a, oubyin kòm dòdinè, oubyin ak yon fòmul pi solanèl, parégzanp nan fason ki suiv la :

Diak la invité asanblé-a pou yo résévoua bénédikcion-an, ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Bésé tèt nou pou bénédikcion-an.

Lè sa-a atò prêt la, ak min-l lonjé sou moun marié yo, li di :

**Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
sé pou-l ba nou kè kontan-l nan.**

R: Amèn.

Sèl Pitit Bondié-a,
antan-l pran pitié sé pou-l kanpé avèk nou
nan bon tan ak mové tan.

R: Amèn.

Éspri-Sin-an, sé pou-l toujou vidé charité-l la nan kè nou.

R: Amèn.

Apré sa li béni tout asanblé-a, antan-l ajouté :

Épi nou tout ki prézan ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an,
béni nou byin béni.

R: Amèn.

DÉGI

LÉKTU BIBLIK YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

*Gason ak fi li kréyé yo.***Léktu liv Jénèz la****1, 26-28. 31 a**

Bondié di : « An nou fè moun nan sou pòtré nou avèk résanblans nou ; sé pou yo kòmandé sou pouason lanmè-a ak zouazo sièl la ak sou bèt yo épi tout tè-a ak tou sa k-ap trinnin sou vant yo, ki gin mouvman sou tè-a ».

Bondié kréyé moun nan sou pòtré-l ; sou pòtré Bondié li kréyé-l, gason ak fi li kréyé yo.

Bondié béni yo, épi Bondié di yo : « Dévlo pé, vi-n anpil, plin tè-a, mété-l anba lòd nou ; sé pou nou kòmandé sou pouason lanmè-a ak zouazo sièl la ak tout bèt vivan, ki gin mouvman sou tè-a ».

Bondié ouè tou sa-l té fè yo, épi vouala yo té bon anpil.

Paròl Granmèt la.

2

*Y-ap dé nan yon sèl chè.***Léktu liv Jénèz la****2, 18-24**

Granmèt Bondié di :

« Li pa bon pou moun nan sèl pou kont li ; m-ap fè yon èd pou li ki sanblé ak li ».

Konsa, Granmèt Bondié pran labou, li fòmé tout bèt tè-a ak tout zouazo sièl la, li minnin yo bay Adan, pou-l ouè kijan li t-ap rélé yo ; tou sa réyèlman Adan rélé nan bèt vivan yo, sé non-l sa. Adan bay tout bèt gadinaj non yo, ni tout zouazo sièl la, ni tout bèt jadin yo. Sèlman Adan pa-t jouinn yon èd ki sanblé akli.

Sé poua Granmèt Bondié voyé yon gro dòmi lou nan Adan ; pandan l-ap dòmi, li pran youn nan kòt li yo, épi li mété chè nan plas la. Ak kot la li té pran nan Adan-an, Granmèt Bondié fòmé yon madanm, li minnin-l bay Adan.

Adan di : « Sa-a koulié-a sé zo ki soti nan zo-m yo, sé chè ki soti nan chè-m ! Y-ap rélé sa-a madanm, paské sé nan mésié-a yo té pran-l ». Sé poussa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, épi yo toulédé ap yon sèl chè.

Paròl Granmèt la.

3

*Izaak rinmin Rébéka,
épi li jouinn konsolasion pou lanmò manman-l nan.*

Léktu liv Jénèz la

24, 48-51. 58-67

Jou sa yo :

Sèvitè Abraam nan di Laban : « Mouin fè konpliman pou Granmèt Bondié mèt mouin Abraam, li minm ki kondui-m nan chémin douat, pou-m pran pitit fi frè mèt mouin pou pitit gason-l nan. Sé poussa si nou fè mizèrikòd ak vérité avèk mèt mouin, montré-m sa ; min si sé dèt bagay nou gin lidé fè, di-m sa, pou-m al adouat oubyin agoch ».

Laban ak Batuèl réponn : « Sé nan Granmèt la paròl la sòti ; nou pa kapab palé dèt bagay avèk ou andéyò sa-k fè-l plézi. Min Rébéka, li dévan-ou ; pran-l épi pati ; sé pou-l vi-n tounin madanm pitit mèt ou-a, jan Granmèt la palé-a ».

Lè yo rélé-l, li vini, yo mandé-l : « Èské-ou vlé alé avèk mésié sa-a ? »

Li di : « M-apralé ».

Konsa yo kité Rébéka sè yo-a pati avèk nouris li-a, ni sèvitè Abraam nan ak moun yo ki té akonpagné-l yo, antan yo souété réyisit pou sè yo-a, épi antan yo di : « Sé sè nou ou yé, sé pou-ou dévlopé vi-n mil milié, sé pou ras ou-a posédé pòt ènmi-l yo ».

Konsa Rébéka lévé ak sèvant li yo, épi antan yo monté sou chamo yo, yo suiv mésié-a. Sèvitè-a pran Rébéka épi l-alé.

Izaak minm té vini sot nan réjion pui Layairoi la épi li té abité nan tè Négèv. Izaak té soti pou-l al lamanté nan jadin-an, pandan jou-a té déjà ap bésé. Pandan l-ap lévé jé-l, li ouè chamo yo k-ap vini.

Rébéka li minm tou lévé jé-l épi li ouè Izaak, li désann sot sou chamo-a, li di ti gason-an : « Kilès mésié sa-a, k-ap vi-n rankontré nou-an nan jadin-an ? »

Li di-l : « Sé mèt mouin-an ». Li minm, li pran voual li, tousuit, li kouvri kò-l. Sèvitè-a minm, tou sa-l té réglé yo, li rakonté yo bay Izaak. Li minm li fè Rébéka antré nan tant Sara, manman-l nan, li résévoua-l

kòm madanm li ; li rinmin-l, li jouinn konsolasion pou lanmò manman-l nan.

Paròl Granmèt la.

4

Sé pou Granmèt sièl la byin réglé pou nou, pitit, sé pou-l fè mizérikòd ak lapè.

Léktu liv Tobi

7, 6-14

Jou sa yo :

Ragouèl anbrasé Tobi antan l-ap kriyé, li di : « Sé pou bénédiksion-an avèk ou, pitit yon bon papa, pi bon papa ki ginyin. Ala malchans malé yo. Li vi-n avèg, mésié sa-a ki kòrèk la, ki fè charité-a ! ». Li lagé kò-l nan kou Tobi, pitit frè-l la antan l-ap kriyé.

Édna, madanm li, kriyé tou sou li. Sara pitit fi yo-a kriyé li minm tou. Li touyé yon bouk nan bèt yo t-ap gadé yo, li résévoua yo ak bon kè. Apré yo fi-n lavé kò yo épi yo fi-n nétouayé yo, yo lonjé kò yo pou yo manjé. Tobi di Rafayèl : « Frè Azarias, di Ragouèl pou-l ban-m Sara sè-m nan ». Ragouèl tandé paròl sa-a, li di pitit la : « Manjé, bouè, fè kè-ou kontan nan nuit sa-a. Pa gin pèsòn réyéلمان, ki kapab résévoua Sara pitit fi-m nan sof ou minm, frè-m. Minm jan tou mouin pa gin doua bay okinn gason-l sof ou minm, paské sé ou minm ki pi pròch paran-m. Sé vérité mouin di-ou la-a pitit. Mouin té rinnèt li bay sèt frè nou yo, yo tout mouri nan nuit la, lè yo t-apral antré koté-l. Koulié-a minm, pitit, manjé épi bouè, Granmèt la ap fè nan nou ». Tobi minm di : « Isit la mouin pap manjé, ni mouin pap bouè, joutan sa-k konsèné-m yo, ou asiré yo ». Ragouèl di-l : « M-ap fè yo rinnèt li ba ou dapré jijman liv Moyiz la, épi sé nan sièl la yo jijé sé pou yo ba ou li. Kondui sè-ou la. Apati koulié-a ou sé frè-l, épi li minm li sé sè-ou. Yo ba ou li apati jodi-a pou tout tan. Sé pou Granmèt sièl la byin réglé pou nou, pitit, nan nuit sa-a, sé pou-l fè mizérikòd ak lapè ».

Ragouèl fè pitit fi-l la Sara vini, li rivé koté-l. Antan-l pran min-l, li rinnèt li ba li, li di : « Kondui dapré laloua-a ak jijman-an, ki ékri nan liv Moyiz la pou yo ba ou-l kòm madanm. Pran-l, kondui-l al kay papa-ou an santé. Sé pou Bondié sièl la fè nou favè yon bon vouayaj ak lapè ».

Li rélé manman-l, li pasé lòd pou yo poté yon papié, pou-l kouché kontra mariaj la, kijan li rinnèt li kòm madanm ba li dapré jijman laloua Moyiz la. Manman-l poté papié-a, li minm li ékri, li signin.

Dépi lè sa-a yo kòmansé manjé ak bouè.

Paròl Granmèt la.

5

Sé pou nou toulédé, nou viv vié, an santé.

Léktu liv Tobi

8, 4 b-8

Nan asoué nòs yo, Tobi di Sara : « Lévé, sè-m nan ! An nou priyé, an nou mandé Granmèt nou-an pou-l fè mizérikòd ak santé sou nou ».

Li lévé. Yo kòmansé priyé épi mandé Granmèt la pou-l ba yo santé. Yo kòmansé di : « Konpliman pou ou, Granmèt, Bondié papa nou yo, konpliman pou non-ou nan tout sièk sièk yo ! Sé pou sièl yo ak tout créatu-ou fè konpliman pou ou nan tout sièk tan yo !

Sé ou minm ki té fè Adan épi ou té ba li yon èd asiré, Èv, épi apati yo dé-a ras lèzòm vi-n fèt. Ou té di li pa bon pou moun-nan pou kont li : “An nou fè yon èd pou li ki sanblé avèk li”.

Koulié-a minm, sé pa pou plézi mouin résévoua sè-m sa-a min sé nan vérité. Pasé lòd, pou-ou pran pitié pou mouin ak pou li, épi pou nou viyéi ansanm an santé ».

Yo di : « Amèn, amèn ! ».

Paròl Granmèt la.

6

Madanm ki krinn Granmèt la, sé li minm ki mérité louanj.

Léktu liv Provèb yo

31, 10-13. 19-20. 30-31

Madanm ki gin kouraj la, kilès k-ap jouinn li ? Byin louin dépasé piè bijou, li gin valè.

Kè mari-l gin konfians nan li, li pa manké jouinn avantaj ; pandan tout tan lavi madanm nan, sé byin l-ap fè pou mari-l, sé pa mal ; li chèchè linn ak koton, li travay yo avèk ladrès min-l.

Li lonjé min-l nan plèt fil la, douèt li pa pè manyin zégui ; li louvri plat min-l bay maléré-a, li lonjé min-l bay pòv la.

Bèl prézantasion tronpé, bèl figi vid : madanm ki krinn Granmèt la, sé li minm ki mérité louanj. Ba li nan foui min-l, sé pou travay li fè louanj li nan pòt vil yo.

Paròl Granmèt la.

7

Rinmin-an fò tankou lanmò.

Léktu liv Kantik dè Kantik

2, 8-10. 14. 16 a ; 8, 6-7 a

Voua rinmin-m nan : min l-ap vini, l-ap vòltijé sou mòn yo, l-ap soté sou ti rotè yo. Rinmin-m nan tankou yon kabrit, yon ti pitit sèrf yo. Min li, li kanpé déyò miray nou-an, l-ap gadé nan fènèt yo, l-ap obsèvé nan pèsien yo.

Min rinmin-m nan ap palé avèk mouin : « Lévé, zanmi-m, kolonb mouin, bèlté-m, vini, kolomb mouin, nan fant ròch la, nan trou falèz la. Montré-m fas ou, voua-ou sonnin nan zòrèy mouin, voua-ou dous, figi-ou bèl ».

Rinmin-m nan pou mouin, épi mouin minm mouin pou li.

Li minm ki di-m : « Pozé-m tankou yon so sou kè-ou, tankou yon so sou bra-ou, paské rinmin-an fò tankou lanmò, jalouzi-a rèd tankou bafon anba tè-a ; ékla-l yo sé ékla difé épi flanm Bondié.

Dlo yo ki gonflé yo, yo pa kapab étinn rinmin-an, ni gran riviè yo pa kapab nouayé-l ».

Paròl Granmèt la.

8

*Tankou solèy k-ap lèvé,
konsa bèlté bon madanm dékoré lakay li.*

Léktu liv Sirasid

26, 1-4. 16-21

Yon bon madanm, ala kontantman pou yon mésié ! Kantité ané pou-l viv yo ap doublé. Yon madanm ki gin kouraj, li fè kè mari-l kontan, li konblé lavi mari-l ak lapè.

Yon bon madanm, sé yon bon pòsion Bondié ap bay yon mésié ki sévi-l byin ; ni pou rich, ni pou pòv, sé kè kontan, tout tan figi yo kontan.

Gras yon madanm ki gin bon karaktè, sa fè mari-l kontan, zo-l ap vi-nn gra. Disipli-n li, sé yon kado Bondié li ye ; yon madanm ki gin bon sans, ki fè silans, yo pa kapab chanjé-l ak nanm ki gin sians.

Yon madanm ki sin, ki konn kinbé kò-l byin, sé gras sou gras. Nan pouin valè ki pou konparé ak yon nanm ki byin réglé.

Minm jan solèy k-ap lèvé sou tè-a mété bèlté nan rotè Bondié yo, sé konsa aspè yon bon madanm nan dékorasion kay li.

Paròl Granmèt la.

9

M-ap pasé yon aliens nouvo ak kay Israël la ak kay Juda-a.

Léktu liv profèt Jérémi

31, 31-32 a. 33-34 a

« Min jou k-ap rivé, sé sa Granmèt la di, m-ap pasé yon aliens nouvo avèk kay Israël la, avèk kay Juda-a ; sé pa tankou aliens la mouin té pasé avèk papa yo-a, jou mouin té pran min yo-a, pou-m kondui yo sot nan péyi Ejip la.

Min sé sa-a aliens la m-ap pasé avèk kay Israël la apré jou sa yo, sé sa Granmèt la di : M-ap mété laloua-m nan zantray yo, m-ap ékri-l nan ké yo, m-ap Bondié yo, y-ap pèp mouin.

Pèsonn pap anségné prochin-l ak frè-l ankò, antan l-ap di : “Sé pou-ou konnin Granmèt la” ; sèké tout moun ap konnin-m, dépi pi piti nan yo jous nan pi gran-an, sé sa Granmèt la di ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ?

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 31 b-35. 37-39

Frè-m yo :

Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? Li minm ki pa ménajé pròp Pitit li-a, min ki rinnèt li pou nou tout, kòman li pa t-ap ba nou tout bagay avèk li ?

Kilès k-ap fè akizasyon kont sa yo Bondié chouazi yo ? Èské sé Bondié, li ki fè nou vi-n kòrèk la ? Kilès k-ap kondané nou ? Èské sé Kris Jézu, li minm ki mouri, pi plis ki lévé vivan, ki adouat Bondié, k-ap pran défans nou-an ?

Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ? Tribilasyon, oubyin ké séré, oubyin pèsékision, oubyin grangou, oubyin manké rad, oubyin danjé, oubyin épé ?

Min nan tout bagay sa yo, nou ranpôté viktoua dépasé palintèmediè sa-a ki rinmin nou-an.

Mouin sètin réyelman ni lanmò, ni lavi, ni anj, ni chèf, ni tan sa-a ni sa k-ap vini-an, ni fòs, ni rotè, ni profondè, ni okinn kréatu pa kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

2

Prézanté kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

12, 1-2. 9-18

Mouin mandé nou avèk anpil pèsistans, frè-m yo, pa pouvoua mizèrikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi, dévoua nou ki rézonab. Pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou nou rékòmansé fòmé mantalité nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki kòrèk nèt.

Rinmin-an pa nan fè sanblan, antan nou rayi mal, nou kolé kò nou sou byin, antan nou youn rinmin lòt tankou frè, antan nou youn bay lòt konsidérasion, nan dévouman ki pa fè régadan, antan nou cho nan Èspri-a, antan n-ap rann sèvis pou Granmèt la, antan nou kontan nan espérans la, antan nou gin pasians nan tribilasion-an, antan nou pèsévéré nan priyè-a, antan nou patisipé nan bézouin sin yo, antan nou résévoua étranjé.

Sé pou nou béni moun k-ap pèsékité nou yo : sé pou nou béni yo, sé pou pou nou ba yo madichon.

Sé pou nou kontan avèk moun ki kontan yo, sé pou kriyé avèk moun k-ap kriyé yo, antan nou gin yon sèl kè antré nou, antan nou pa gouté bagay ki ro yo, min antan nou mété kè nou ansanm nan sa-k piti yo.

Pa prétann fè bon jijman dapré pròp tèt nou ; antan nou pa rinmèt mal pou mal ditou, antan nou chèché sa ki byin dévan tout moun. Si sa kapab, nan mézi sa dépann dé nou, antan nou gin lapè avèk tout moun.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout**Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

12, 1-2. 9-13

Mouin mandé nou avèk anpil pèsistans, frè-m yo, pa pouvoua mizèrikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi, dévoua nou ki rézonab. Pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou nou rékòmansé fòmé mantalité nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki kòrèk nèt.

Rinmin-an pa nan fè sanblan, antan nou rayi mal, nou kolé kò nou sou byin, antan nou youn rinmin lòt tankou frè, antan nou youn bay lòt konsidérasion, nan dévouman ki pa fè régadan, antan nou cho nan Èspri-a, antan n-ap rann sèvis pou Granmèt la, antan nou kontan nan espérans la, antan nou gin pasians nan tribilasion-an, antan nou pèsévéré nan

priyè-a, antan nou patisipé nan bèzouin sin yo, antan nou résévoua étranjé.

Paròl Granmèt la.

3

Sé pou youn résévoua lòt, tankou Kris-la té résévoua nou an.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

15, 1b-3a. 5-7. 13

Frè-m yo :

Sé pa pròp tèt pa nou pou nou fè plézi. Sé pou chak moun nan nou fè prochin-l plézi nan byin-an pou konstriksion-an ; réyèlman Kris la pa-t fè pròp tèt li plézi.

Bondié pasians la ak ankourajman-an minm sé pou-l fè nou favè pou nou gouté minm bagay antré nou dapré Jézu-Kri, pou nou fè yon sèl ak yon sèl bouch pou nou fè louanj Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri. Sé poua sé pou youn résévoua lòt, minm jan Kris-la té résévoua nou-an pou gloua Bondié.

Bondié éspérans la minm, sé pou-l ranpli nou ak tout kalité kè kontan épi lapè nan kouè nou kouè-a, pou nou débòdè nan éspérans nan puisans Éspri-Sin-an.

Paròl Granmèt la.

4

Manm ou yo, sé tanp Éspri Sin-an yo yé.

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

6,13 c-15 a. 17-20

Frè-m yo :

Kò-a pa fèt pou fònikasion, min pou Granmèt la, épi Granmèt la pou kò-a. Bondié réyèlman résisité Granmèt la, l-ap résisité nou tou pa pouvoua-l. Èské nou pa konnin kò nou sé manb Kris la yo yé ?

Moun ki kolé kò-l sou Granmèt la minm, sé yon sèl Éspri li yé. Pati kité fònikasion ! Ninpòt ki péché yon moun fè, li andéyò kò-a ; min moun ki fè fònikasion-an, sé nan kò-l li fè péché.

Oubyin èské nou pa konnin manb nou yo sé tanp Éspri Sin-an, li minm ki nan nou-an, li minm nou résévoua nan min Bondié-a, épi nou pa mèt tèt nou ? Yo achté nou ak gran pri ! Fè louanj Bondié, donk, nan kò nou.

Paròl Granmèt la.

5

Si-m pa gin rinmin, sa pap sèvi-m anyin.

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin 12, 31-13, 8 a

Frè-m yo :

Sé pou nou anvi kado ki pi gran yo. Épi koulié-a m-ap montré nou rout ki pi bon-an.

Si mouin t-a palé langaj lézòm ak langaj anj yo, épi mouin pa gin charité, mouin t-a vi-n tankou yon bronz k-ap sonninn oubyin yon sinbal k-ap fè brui.

Si-m t-a gin profési, si-m t-a konnin tout mistè ak tout sians, épi si-m t-a gin tout lafoua, joutan pou-m t-a déplasé mòn yo, épi mouin pa gin charité, mouin pa anyin.

Si-m t-a séparé tout byin mouin yo pou bay pòv yo manjé, si-m t-a rinmèt kò-m-m fè gloua, kanta charité-a minm mouin pa ginyin, sa pap sèvi-m anyin.

Charité-a gin pasians, li gin bon jan ; charité-a pa fè jalouzi, li pa aji pou-l vanté tèt li, li pa gonflé kò-l, li pa fè lanbision, li pa chèché bagay ki pou li yo, li pa fè kòlè, li pa kalkilé sou sa-k mal, li pa kontan poutèt méchansté, okontrè li kontan pou vérité-a : li sipòté nan tout okazion, li koué nan tout okazion, li éspéré nan tout okazion, li andiré nan tout okazion.

Charité-a pap janm pasé.

Paròl Grammèt la.

6

Yon sèl kò ak yon sèl Éspri.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo 4, 1-6

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Grammèt la, pou nou maché kòrèk dapré vokasion yo rélé nou ladan-l nan ; avèk tout umilité épi dousè, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

Yon sèl kò ak yon sèl Éspri tankou yo rélé nou nan yon sèl éspérans vokasion nou-an ; yon sèl Grammèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

Paròl Grammèt la.

7

Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris la ak Égliz la.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

5, 2 a. 21-33

Frè-m yo :

Maché nan rinmin-an, tankou Kris la té rinmin nou épi li té rinnèt pròp tèt li pou nou.

Antan nou youn obéyi lòt nan krint Kris la. Sé pou médam yo obéyi mari yo tankou y-ap obéyi Granmèt la ; paské mésié-a sé tèt madanm nan, tankou Kris la sé tèt Égliz la, li minm sovè kò-a. Min minm jan Égliz la obéyi Kris la, konsa tou pou médam yo obéyi mari yo nan tout bagay.

Mésié yo, sé pou nou rinmin madanm nou tankou Kris la té rinmin Égliz la épi li rinnèt tèt li pou li, pou-l té fè-l vi-n sin antan-l pròpté-l nan bingn dlo-a nan paròl la, pou-l prezanté li minm minm Égliz la plin gloua bay pròp tèt pa-l, san-l pa gin tach ni pli ni anyin minm jan-an, min pou-l sin, san tach.

Konsa tou mésié yo doué rinmin madam yo tankou kò yo. Moun ki rinmin madanm li, li rinmin pròp tèt li. Réyèlman, pèsonn pa janm rayi chè-l, min li ba-l manjé, li souin-l, tankou Kris la fè pou Égliz la : paské nou sé manb kò-l. « Sé pousa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo dé-a y-ap vi-n yon sèl chè ».

Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris la ak Égliz la. Réyèlman nou chak, sé pou chak moun rinmin madanm li tankou li rinmin pròp tèt li ; madanm nan minm, sé pou-l réspékté mari-a.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

5, 2 a. 25-32

Frè-m yo :

Maché nan rinmin-an, tankou Kris la té rinmin nou épi li té rinnèt pròp tèt li pou nou.

Mésié yo, sé pou nou rinmin madanm nou tankou Kris la té rinmin Égliz la épi li rinnèt tèt li pou li, pou-l té fè-l vi-n sin antan-l pròpté-l nan bingn dlo-a nan paròl la, pou-l prezanté li minm minm Égliz la plin gloua bay pròp tèt pa-l, san-l pa gin tach ni pli ni anyin minm jan-an, min pou-l sin, san tach.

Konsa tou mésié yo doué rinmin madam yo tankou kò yo. Moun ki rinmin madanm li, li rinmin pròp tèt li. Réyèlman, pèsonn pa janm rayi chè-l, min li ba-l manjé, li souin-l, tankou Kris la fè pou Égliz la : paské nou sé manb kò-l. « Sé pousa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo dé-a y-ap vi-n yon sèl chè ».

Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris la ak Égliz la.

Paròl Grammèt la.

8

Bondié lapè-a ap avèk nou.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo

4, 4-9

Frè-m yo :

Fè kè nou kontan nan Grammèt la tout tan ; mouin tounin di nou sa ankò : fè kè nou kontan. Sé pou tout moun konnin kijan nou trankil : Grammèt la tou pré.

Pa chajé tèt nou ak anyin ; min nan tout kalité priyé, lè n-ap mandé, avèk aksion-gras, sé pou nou fè Bondié konnin bézouin nou yo. Épi lapè Bondié-a, ki dépasé tou sa nou kapab santi, sé pou-l kinbé kè nou ak intéljans nou yo nan Kris Jézu.

Pou rès la, frè-m yo, tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k san tach, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, si gin yon bon kalité, si gin yon louanj, sé bagay sa yo pou nou kalkilé.

Sa nou té aprann, sa nou té résévoua, sa nou té tandé, sa nou té ouè nan mouin, sé sa pou nou fè ; konsa Bondié lapè-a ap avèk nou.

Paròl Grammèt la.

9

*Anlè tout bagay sa yo : rinmin-an,
sé li minm ki chinn nan ki fè tout bagay fi-n bon nèt la.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo

3, 12-17

Frè-m yo :

Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, épi li rinmin, ak zantray mizérikòd, ak bon kè, ak umilité, ak dousè, ak pasians, antan nou youn sipòté lòt, épi antan youn padonnin lòt, si youn gin kont ak lòt : jan Grammèt la padonnin nou, konsa nou minm tou.

Anlè tout bagay sa yo minm : rinmin-an, sé li minm ki chinn nan ki fè tout bagay fi-n bon nèt la ; sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou, sé nan li yo rélé nou pou nou fè yon sèl kò ; sé pou nou rann gras.

Paròl Kris la, sé pou-l abité nan nou jous l-ap débòdé, antan nan tout kalité sajès youn ap bay lòt ansègnman épi antan youn ap réprann lòt, avèk psòm, imn, kantik spirituèl, antan nan gras la n-ap chanté pou Bondié nan kè nou.

Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi pa lintémédiè-l.

Paròl Granmèt la.

10

Sé pou mariaj la jouinn respè nan nou tout.

Léktu lèt pou Ébré

13, 1-4 a. 5-6 b

Frè-m yo :

Sé pou charité fratènèl la rété ; pa bliyé résévoua étranjé lakay nou : sé konsa réyèlman kèk, san yo pa konnin, té résévoua Anj yo lakay yo. Sonjé moun ki nan prizon yo kòm si nou prizonié ansanm avèk yo, moun k-ap sibi tray yo paské nou minm tou sé nan yon kò nou yé.

Sé pou mariaj la jouinn respè nan nou tout, sé pou kabann nan rént intak.

Sé pou konduit nou pa nan kèsion rinmin lajan, kontanté nou ak sa nou ginyin koulié-a. Li minm réyèlman té di : « Mouin pap lagé-ou, mouin pap abandoné-ou ». A tèl pouin nou kapab di avèk konfians : « Granmèt la sé sékou pou mouin, mouin pap pè ; kisa pou yon moun fè-m ».

Paròl Granmèt la.

11

Nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn sipòté lòt, pou nou rinmin tankou frè.

Léktu premié lèt apot sin Piè

3, 1-9

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou médam yo obéyi mari yo, pou, minm si ginyin ki pa koué nan paròl la, gras a konduit médam yo, san paròl, yo rivé konvink yo ; antan yo konsidéyé konduit nou ki onèt, nan respè. Konpòtman nou pa doué réglé sou bagay ki parèt déyò, très chévè, ronn lò, ni bèl rad ki abiyé nou ; min sé sa-k kaché nan kè moun nan, nan sa-k pa kapab gaté-a, yon éspri trankil, tou dou, sé sa ki gin valè dévan fas Bondié.

Sé konsa réyèlman lontan médam ki té sin yo, ki té espéré nan Bondié, yo té konn anbéli kò yo, antan yo té obéyi pròp mari yo, tankou Sara ki té obéyi Abraam, antan li rélé-l mè ; sé pitit fi li nou yé, antan nou aji byin, san nou pa pè okinn boulvès.

Nou minm tou mari yo, antan nou abité ansanm ak madanm nou, nou chèché konprann yo, tankou yon ti véso frajil, sé pou nou trété yo avèk konsidérasion, tankou moun ki éritié lavi gras la ansanm avèk nou, pou priyé nou pa jouinn anpéchman.

Anfin réyèlman nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn pran pitié pou lòt, pou nou rinmin tankou frè, pou nou gin mizérikind, pou nou gin umilité, pou nou pa rinnèt mal pou mal, ni madichon pou madichon, min okontrè antan n-ap souété dibyin, paské sé pou sa yo té rélé nou, pou nou résévoua bénédikcion-an kòm éritaj.

Paròl Grammèt la.

12

Sé pou nou rinmin nan aksion ak vérité.

Léktu prémié lèt apot sin Jan

3, 18-24

Ti pitit mouin yo, sé pa nan paròl ak lang pou nou rinmin, min sé nan aksion ak vérité. Nan sa nou konnin sé nan vérité-a nou yé, épi dévan-l n-a asiré kè nou, si kè nou fè nou répròch, Bondié pi gran pasé kè nou, li konn tout bagay.

Nou minm mouin rinmin anpil la, si kè nou pa fè nou répròch, nou gin asirans kot Bondié ; ninpòt sa nou mandé, n-ap résévoua-l nan min-l, paské nou kinbé kòmandman-l yo, épi nou fè sa-k fè-l plézi dévan-l.

Sé sa-a ki kòmandman-l nan, sé pou nou kouè o non Pitit li-a Jézu-Kri, épi pou nou youn rinmin lòt, jan-l té pasé nou lòd la. Moun ki kinbé kòmandman-l yo, li rét nan li épi li minm tou li rét nan moun sa-a ; sé konsa nou konnin li rété nan nou, sé gras a Éspri-a li ba nou-an.

Paròl Grammèt la.

13

Bondié sé rinmin.

Léktu prémié lèt apot sin Jan

4, 7-12

Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti ; épi tout moun ki rinmin sé nan Bondié li pran nésans, li konnin Bondié. Moun ki pa rinmin, li pa konnin Bondié, paské Bondié sé rinmin.

Nan sa-a charité Bondié-a parèt nan nou : sèké Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li.

Nan sa-a charité-a yé : sé pa kòm si sé nou ki té rinmin Bondié, min sé li minm ki té rinmin nou, li voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo.

Nou minm mouin rinmin anpil la, si Bondié rinmin nou konsa, sé pou nou youn rinmin lòt tou. Bondié, pèsonn pa janm ouè-l. Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou, charité-l la réalizé nèt nan nou.

Paròl Granmèt la.

14

*Ala kontantman pou moun yo invité
nan soupé nòs Mouton-an.*

Léktu liv Apokalips apot sin Jan

19, 1. 5-9 a

Mouin minm, Jan, mouin tandé tankou gran voua anpil foul nan sièl la k-ap di : « Alélouya, sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an ».

Yon voua soti nan tro-n nan, antan-l di : « Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran ».

Mouin tandé tankou voua gran foul, tankou voua anpil dlo yo, tankou voua gro loraj yo, k-ap di : « Alélouya, paské li roua, Granmèt la, Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fèté, sé pou nou ba li gloua, paské nòs mouton-an rivé, madanm li préparé tèt li. Yo ba li pou-l kouvri kò-l ak bisus ki kléré, ki nèt : Bisus la réyèlman, sé lavi sin yo ki kòrèk la ».

Li di-m : « Ékri : “Ala kontantman pou moun yo invité nan soupé nòs Mouton-an” ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 32, 12 é 18. 20-21. 22 (R: 5b)

R: Mizérikòd Granmèt la plin tè-a.

12 Ala kontantman pou nasion-an, ki gin Granmèt la pou Bondié-l,
pèp la li chouazi kòm éritaj li-a.

18 Min jé Granmèt la sou moun ki krinn li yo,
sou moun ki éspéré sou mizérikòd li. R:

20 Nanm nou ap tann Granmèt la,
paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm ;

21 paské nan li kè nou ap kontan,
épi nan non-l ki sin-an n-ap éspéré. R:

22 Sé pou mizérikòd ou vi-n sou nou, Granmèt,
tankou nou té éspéré sou ou. R:

2

PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9 (R: 2a oubyin 9a)

R: M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan.

Oubyin :

R: Gouté, épi ouè kijan Granmèt la bon.

2 M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
louanj li toujou nan bouch mouin.

3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua-l,
sé pou sa-k dou yo tandé, pou yo kontan. R:

4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin,
sé pou nou lèvé non-l anlè ansanm.

5 Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ;
anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. R:

6 Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.

7 Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,
anba tout tribilasyon-l li sovè-l. R:

8 Anj Granmèt la monté lagad alantou moun ki krinn li yo,
épi li délivré yo.

9 Gouté, épi ouè kijan Granmèt la bon ;
ala kontantman pou moun ki éspéré nan li. R:

3

PSÒM RÉPONS Ps 102, 1-2. 8 é 13. 17-18a (R: 8a oubyin 17)

R: Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd.

Oubyin :

R: Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan,
épi jous pou tout tan sou moun ki krinn li yo.

- 1 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin ;
tou sa-k anndan-m, pou non-l ki sin.
- 2 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin,
pa bliyé tout rékonpans li yo. R:
- 8 Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd,
li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 13 Tankou papa gin pitié pou pitit li yo,
Granmèt la gin pitié pou moun ki krinn li yo. R:
- 17 Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan,
épi jous pou tout tan pou moun ki krinn li yo,
jistis li nan pitit pitit yo ;
- 18 nan sa yo ki kinbé alians li-a. R:

4

PSÒM RÉPONS Ps 111, 1-2. 3-4. 5-7a. 7bc-8. 9 (R: cf. 1)

R: Ala kontantman pou moun ki mét plézi-l nèt nan lòd Granmèt la.

oubyin : Alélouya.

- 1 Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la,
nan lòd li yo li mét anpil anvi.
- 2 Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a,
ras moun kòrèk yo ap béni. R:
- 3 Gloua ak richès nan kay li,
jistis li ap rété pou tout tan gin tan,
- 4 Limiè-a ap lévé nan fènoua, pou moun kòrèk yo,
li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk. R:
- 5 Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété,
ki réglé afè-l yo kòrèk,
- 6 paské pou tout tan li pap souké.

- 7 Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la,
lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè. **R:**
- 8 Kè-l paré antan-l éspéré nan Granmèt la.
Kè-l asiré, li pap pè,
joustan li méprizé ènmi-l yo. **R:**
- 9 Li distribué, li bay pòv yo ;
jistis li rété pou tout tan gin tan,
kòn li ap lévé nan gloua-a. **R:**

5

PSÒM RÉPONS

Ps 127, 1-2. 3. 4-5 (**R:** cf. 1 oubyin 4)

- R:** Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la.
oubyin :
- R:** Min kijan yo béni moun nan, sa-k krinn Granmèt la.
- 1 Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la,
k-ap maché nan chémin-l yo.
- 2 Sé foui travay min-ou ou-ap manjé,
ala kontantman pou ou, l-ap bon pou ou. **R:**
- 3 Madanm ou ap tankou yon jadin rézin ki byin donnin
sou bò lakay ou ;
pitit ou yo ap tankou jinn plant pié oliv
alantou tab ou-a. **R:**
- 4 Min sé konsa moun nan ap béni,
sa-k krinn Granmèt la.
- 5 Sé pou Granmèt la béni-ou sot Siyon,
sé pou-ou ouè byin Jérusalèm
touléjou lavi-ou. **R:**

6

PSÒM RÉPONS

Ps 144, 8-9. 10 é 15. 17-18 (**R:** 9a)

- R:** Granmèt la bon pou tout moun.
- 8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd,
li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Granmèt la bon pou tout moun,
pitié li yo sou tou sa-l fè yo. **R:**
- 10 Sé pou yo fè louanj ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ;
sé pou sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.

- 15 Jé tout moun espéré nan ou,
épi ou minm ou ba yo manjé nan tan favorab la. **R:**
- 17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo,
li sin nan tout sa-l fè yo.
- 18 Granmèt la tou pré moun k-ap rélé-l yo,
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. **R:**

7

PSÒM RÉPONS Ps 148, 1-2. 3-4. 9-10. 11-13ab. 13c-14a (**R:** cf. 13a)

R: Sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la.

oubyin : Alélouya.

- 1 Fè louanj Granmèt la dépi sot nan sièl yo,
fè louanj li nan anro anlè yo.
- 2 Fè louanj li, tout anj li yo,
fè louanj li, tout pouvoua-l yo. **R:**
- 3 Fè louanj li, solèy ak lali-n,
fè louanj li, tout zétoual yo k-ap kléré-a.
- 4 Fè louanj li, sièl sièl yo,
épi tout dlo yo ki anlè sièl yo. **R:**
- 9 Mòn yo ak tout ti rotè yo,
pié boua ki bay frui ak tout pié sèd yo,
- 10 bèt boua yo ak tout bèt gadinaj yo,
sèpan yo ak tout zouazo zèl yo. **R:**
- 11 Roua yo sou tè-a ak tout pèp yo,
chèf yo ak tout jij tè yo,
- 12 jèn jan yo ak vièj yo,
granmoun yo ak timoun yo.
- 13 Sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la,
paské sé non-l sèl ki anlè nèt. **R:**
- 14 Grandè li anlè sièl la ak tè-a,
li lévé kòn pèp li.
Imn pou tout sin-l yo,
pou pitit Israël yo, pèp ki toupré li-a. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

1 Jn 4, 7b

(R: Alélouya). Tout moun ki rinmin sé nan Bondié li pran nésans, épi li konnin Bondié. (R: Alélouya).

2

1 Jn 4, 8b. 11

(R: Alélouya). Bondié sé rinmin ;
sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan Bondié rinmin nou-an.
(R: Alélouya).

3

1 Jn 4, 12

(R: Alélouya). Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou,
épi charité-l la nan nou fi-n réalisé. (R: Alélouya).

4

1 Jn 4, 16

(R: Alélouya). Moun ki rété nan charité-a, sé nan Bondié li rété
épi Bondié nan li. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

*Sé pou nou kontan, sé pou nou fété,
paské rékonpans nou anpil nan sièl yo.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 1-12 a

Lè sa-a :

Antan Jézu ouè foul yo, li monté sou mòn nan ; kon-l chita, disip li yo
proché koté-l. Li louvri bouch li, li kòmansé ba yo ansègnman, li di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo
péyi roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé,

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé
tè-a,

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont kò yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizèrikòd yo, paské y-ap jouinn mizèrikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié,

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap souffri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè y-ap di tout kalité sa-k mal kont nou, antan y-ap fè manti, akòz mounin, fè kè nou kontan, fèté, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

2

Nou sé limiè tè-a.

✝ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 13-16

Lè sa-a :

Jézu té di disip li yo : « Nou sé sèl tè-a. Si sèl la vi-n fad, ak ki sa y-ap salé-l ? Li pa vo anyin ankò, sof pou yo jété-l déyò, pou moun yo pilé-l.

Nou sé limiè tè-a. Yon vil ki pozé sou yon mòn pa kapab kaché. Yo pa limin yon lanp, pou yo mété-l anba mamit ; min sou yon étajè, pou-l kléré tout moun ki nan kay la. Sé konsa pou limiè nou kléré dévan moun yo, pou yo ouè bon aksion nou yo, pou yo fè louanj pou Papa nou ki nan sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

3

Li té bati kay li sou ròch.

✝ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

7, 21. 24-29

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sé pa tout moun k-ap di-m “Granmèt, Granmèt” k-ap antré nan péyi roua sièl yo ; min sé moun ki fè volonté Papa-m ki nan sièl yo, sé li minm k-ap antré nan péyi roua sièl yo.

Tout moun donk ki kouté paròl mouin sa yo épi ki obsèvé yo, l-ap sanblé ak yon moun ki gin sajès, ki bati kay li sou ròch ; lapli tonbé, riviè

désann, van souflé, yo fonsé sou kay sa-a, li pa tonbé ; sèké fondasyon li té sou ròch.

Tout moun ki kouté paròl mouin sa yo, min ki pa obsèvé yo, li sanblé ak yon moun ki sòt ki bati kay li sou sab ; lapli tonbé, riviè désann, van souflé, yo fonsé sou kay sa-a, li tonbé, déstriksion-l nan gran anpil ».

Rivé, lè Jézu fi-n di tout paròl sa yo, foul yo té sézi sou ansègnman-l nan, sèké li t-ap ba yo ansègnman tankou moun ki gin otorité, sé pa tankou skrib pa yo.

Paròl Grammèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

7, 21. 24-25

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sé pa tout moun k-ap di-m “Grammèt, Grammèt” k-ap antré nan péyi roua sièl yo ; min sé moun ki fè volonté Papa-m ki nan sièl yo, sé li minm k-ap antré nan péyi roua sièl yo.

Tout moun donk ki kouté paròl mouin sa yo épi ki obsèvé yo, l-ap sanblé ak yon moun ki gin sajès, ki bati kay li sou ròch ; lapli tonbé, riviè désann, van souflé, yo fonsé sou kay sa-a, li pap tonbé ; sèké li té chita solid sou ròch ».

Paròl Grammèt la.

4

Sa Bondié mété ansanm, moun pa doué séparé-l.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

19, 3-6

Lè sa-a :

Farizyin yo té proché kot Jézu antan yo t-ap tanté-l, épi antan yo t-ap di : « Èské yon moun gin doua ranvouayé madanm li, pou ninpòt ki rézon ? »

Antan-l réponn, li di : « Èské nou pa-t li kijan sa-a ki té kréyé moun nan nan kòmansman-an, sé gason ak fi li té fè yo, épi li té di : “Poutèt sa mésié-a ap kité papa-a ak manman-an, l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo toulédé ap yon sèl chè” ? Sé pousa yo pa dé ankò, min sé yon sèl chè yo yé. Konsa sa Bondié mété ansanm, moun pa doué séparé-l ».

Paròl Grammèt la.

5

*Sa-a sé pi gran ak premié kòmandman-an.
Dézièm nan minm sanblé ak sa-a.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié 22, 35-40

Lè sa-a :

Youn nan farizyin yo ki té savan nan laloua-a pozé Jézu késion antan l-ap tanté-l : « Mèt, kilès ki gran kòmandman-an nan Laloua-a ? »

Jézu di-l : « “Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou”. Sa-a sé gran kòmandman-an, sé premié-a. Dézièm nan minm sanblé avèk sa-a : “Sé pou-ou rinmin prochin-ou nan tankou pròp tèt ou”. Nan dé kòmandman sa yo tout Laloua-a pandié ansanm ak Profèt yo ».

Paròl Granmèt la.

6

Yo pa dé, min yon sèl chè.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark 10, 6-9

Lè sa-a :

Jézu di : « Nan kòmansman kréasion-an, “sé gason ak fi Bondié té fè yo. Poutèt sa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, épi yo dé-a ap yon sèl chè”. Sé pou sa yo pa dé ankò, min yon sèl chè.

Konsa sa Bondié mété ansanm, moun pa doué séparé-l ».

Paròl Granmèt la.

7

Sa-a Jézu té fè-l kòm kòmansman sign yo, nan Kana Galilé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan 2, 1-11

Lè sa-a :

Vi-n gin nòs nan Kana Galilé-a. Manman Jézu té la.

Yo té invité Jézu tou ansanm ak disip li yo nan nòs la. Épi antan divin vi-n manké, manman Jézu di-l : « Yo pa gin divin ».

Jézu di-l : « Sa-k gin ant mouin minm ak ou minm, madanm ? Lè mouin poko rivé ».

Manman-l di sèvitè yo : « Ninpòt kisa li di nou, sé pou nou fè li ».

Té gin sis ja dlo an ròch pou Juif yo pròpté kò yo ; yo chak té kinbé dé ou toua mézu. Jézu di yo : « Plin ja yo dlo ». Yo plin yo jous nan bouch.

Li di yo : « Tiré koulié-a, poté bay òganizatè résépsion-an ». Yo minm minm yo poté.

Lè òganizatè résépsion-an minm gouté dlo-a ki té tounin divin-an, li pa-t konn koté-l soti, min moun yo ki t-ap sèvi-a, yo té konnin, yo minm ki té tiré dlo-a ; òganizatè résépsion-an rélé mésié marié-a, li di-l : « Tout moun kòmansé mété bon divin ; kon moun yo kòmansé sou, yo mét sa-k mouin bon ; ou minm minm, ou kinbé bon divin-an jous koulié-a ».

Sa-a, Jézu té fè-l kòm kòmansman sign yo nan Kana Galilé-a ; li fè ouè gloua li, disip li yo kouè nan li.

Paròl Grammèt la.

8

Rété nan rinmin-m nan.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 9-12

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan, mouin minm tou mouin rinmin nou. Rété nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan, minm jan mouin minm mouin kinbé kòmmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan. Bagay sa yo mouin di nou yo, pou kè kontan-m nan nan nou, épi pou kè kontan nou-an akonpli.

Sa-a sé kòmmandman-m nan : pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an ».

Paròl Grammèt la.

9

Min sa mouin kòmmandé nou : sé pou nou youn rinmin lòt.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 12-16

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sa-a sé kòmmandman-m nan : pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pèsonn pa rinmin pi plis pasé moun ki bay lavi-l pou zanmi-l nan. Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmmandé nou yo.

Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, paské sèvitè-a pa konnin sa mèl li ap fè ; min mouin rélé nou zanmi, paské tou sa-m tandé kot Papa-m, mouin fè nou konnin yo.

Sé pa nou minm ki chouazi-m ; min sé mouin minm ki chouazi nou, mouin mété nou, pou nou alé, pou nou donnin frui, pou frui nou-an duré ; pou ninpòt ki sa nou mandé Papa-a o non-m, li ba nou-l. Min sa-m kòmandé nou, sé pou nou youn rinmin lòt ».

Paròl Granmèt la.

10

Sé pou yo fi-n fè youn nèt.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

17, 20-26

Lè sa-a :

Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, li di : « Papa ki sin, sé pa pou yo minm sèlman mouin priyé, min pou sa yo tou k-ap gin pou yo kouè nan mouin gras a paròl yo-a, pou yo tout fè yon sèl, tankou ou minm, Papa, ou nan mouin, épi mouin nan ou, pou yo minm tou yo fè yon sèl nan nou, pou tè-a kouè sé ou minm ki voyé-m.

Mouin minm, gloua-a ou té ban mouin-an, mouin ba yo-l, pou yo fè yon sèl tankou nou minm nou fè yon sèl la. Mouin minm nan yo, épi ou minm nan mouin, pou yo fè yon sèl nèt, pou tè-a rékonèt sé ou minm ki voyé-m, épi mouin rinmin yo, tankou ou rinmin-m.

Papa, sa yo ou té ban mouin-an, mouin vlé pou koté-m yé-a sé la yo yé tou avè-m, pou yo ouè gloua-m nan, sa ou té ban mouin-an ; paské ou rinmin-m dépi anvan tè-a fèt.

Papa ki kòrèk, tè-a pa-t rékonèt ou ; kanta mouin minm mouin konnin-ou, épi sa yo rékonèt sé ou minm ki voyé-m. Mouin fè yo konnin non-ou, m-ap fè yo konnin-l ankò, pou rinmin ou rinmin-m nan, li kapab nan yo, ni mouin minm nan yo ».

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

17, 20-23

Lè sa-a :

Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, li di : « Papa ki sin, sé pa pou yo minm sèlman mouin priyé, min pou sa yo tou k-ap gin pou yo kouè nan mouin gras a paròl yo-a, pou yo tout fè yon sèl, tankou ou minm, Papa, ou nan mouin, épi mouin nan ou, pou yo minm tou yo fè yon sèl nan nou, pou tè-a kouè sé ou minm ki voyé-m.

Mouin minm, gloua-a ou té ban mouin-an, mouin ba yo-l, pou yo fè yon sèl tankou nou minm nou fè yon sèl la. Mouin minm nan yo, épi ou minm nan mouin, pou yo fè yon sèl nèt, pou tè-a rékonèt sé ou minm ki voyé-m, épi mouin rinmin yo, tankou ou rinmin-m.

Paròl Granmèt la.

NAN ANIVÈSÈ MARIAJ

Nan anivèsè Mariaj, yo pran minm léktu yo avèk pi ro-a nan sélébrasion Mariaj la ; min yo kapab pran tou léktu ki sot nan Mès pou rann Bondié gras ki suiv yo.

POU RANN BONDIÉ GRAS

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Konpliman pou Bondié Granmèt la, ki bay pèp li-a répo.

Léktu prémié liv Roua yo

8, 55-61

Jou sa yo :

Roua Salomon kanpé, li béni tout asanblé Israèl la avèk gran voua, antan-l di : « Konpliman pou Granmèt la ki bay pèp li Israèl répo, dapré tou sa-l té di ; pa minm gin yon sèl paròl ki tonbé nan tout bon bagay yo, li té palé pa lintèmediè Moyiz sèvitè-l la.

Sé pou Granmèt Bondié nou-an avèk nou, minm jan li té avèk papa nou yo, san-l pa lagé nou ni li pa jété nou ; min sé pou-l fè kè nou panché nan diréksion-l, pou nou maché nan tout chémin-l yo, pou nou kinbé kòmandman-l yo ak désizion-l yo ak jijman-l yo, tou sa li té kòmandé papa nou yo.

Paròl mouin sa yo, sa m-ap priyé avèk yo dévan Granmèt la, sé pou yo proché kot Granmèt Bondié nou-an lajounin ak lannuit, pou-l fè jistis pou sèvitè-l ak pèp li Israèl chak jou, pou tout pèp tè-a konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié épi pa gin dèt andéyò li.

Sé pou kè nou kòrèk nèt tou avèk Granmèt Bondié nou-an, pou nou maché nan désizion-l yo, épi pou nou kinbé kòmandman-l yo tankou jodi-a.

Paròl Granmèt la.

2

Bondié fè gran bagay sou tout tè-a.

Léktu liv Sirasid

50, 24-26

Fè konpliman pou Bondié tout bagay yo, ki fè gran bagay sou tout tè-a, ki lévé jou nou yo anlè dépi nan vant manman nou, épi ki aji avèk nou dapré mizérikòd li.

Sé pou-l ba nou réjouisans kè-a, sé pou-l mété lapè nan jou nou yo nan Israël pou tout tan ; sé pou Israël kouè mizérikòd Bondié-a avèk nou, pou-l libéré nou nan jou nou yo.

Paròl Granmèt la.

3

M-ap fè sonjé louanj Granmèt la poutèt tout pakèt byin kay Israël la.

Léktu liv profèt Izayi

63, 7-9

M-ap fè sonjé pitié Granmèt la, louanj Granmèt la anlè tout bagay Granmèt la rinnèt nou yo, épi anlè pakèt byin kay Israël la, sa-l ba yo dapré mizérikòd li yo épi dapré kantité pitié-l yo.

Li di : « Réyéلمان sé pèp mouin li yé, pitit ki pa bay désépsion » ; li vi-n tounin sovè pou yo. Nan tout tribilasyon yo, sé pa yon délégé ni yon anj, min sé li minm ki té sovè yo. Nan amou li épi nan padon li, li minm minm li té rachté yo, li té lévé yo, li té poté yo, chak jou sièk tan-an.

Paròl Granmèt la.

4

Roua Israël la Granmèt la nan mitan-ou.

Léktu liv profèt Sofoni

3, 14-15

Fè louanj, pitit fi Siyon ; pousé rèl, Israël ; réjoui, fété ak tout kè, pitit fi Jérusalem : Granmèt la lévé kondanasion-ou nan, li répousé ènmi-ou yo ; roua Israël la Granmèt la nan mitan-ou, ou pa bézouin pè malè ankò.

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

*M-ap di Bondié-m nan mèsì tout tan pou nou.***Léktu premié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo** 1, 3-9

Frè-m yo :

Gras pou nou ak lapè sot nan Bondié Papa nou ak Granmèt Jézu-Kri.

M-ap di Bondié-m nan mèsì tout tan pou nou nan gras Bondié-a, sa yo ba nou nan Kris Jézu-a, paské nan tout kalité bagay nou vi-n rich nan li, nan tout kalité paròl ak nan tout kalité sians, jan témouagnaj Kris la asiré nan nou-an.

Pou anyin pa manké nou nan okinn kado, nou minm k-ap tann révélation Granmèt nou Jézu-Kri-a, li minm k-ap asiré nou jouskalafin san répròch, nan jou Granmèt nou Jézu-Kri-a.

Bondié fidèl, li minm pa lintèmédiè-l yo rélé nou nan kominion Pitit li Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

2

*Pou louanj bèlté favè-l.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo** 1, 3-14

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki béni nou nan tout kalité bénédiksion spirituèl nan sièl yo nan Kris la ; jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin, san tach dévan-l nan rinmin-an ; li minm ki té destiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif gras a Jézu-Kri, nan li minm, dapré bon plézi volonté-l, pou louanj gloua gras li-a, sa-l fè nou gras nan li-a, nan Pitit li rinmin-an.

Nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, padon péché yo dapré richès gras li, sa-l fè ap débodé nan nou-an nan tout kalité sajès ak ladrès ; pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l, dapré bon plézi-l, sa-l té ranjé davans nan li pou fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo : réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a, nan li.

Sé nan li minm tou yo chouazi nou, yo rélé nou, yo destiné nou davans dapré plan sa-a ki fè tout bagay gras a désizion volonté-l la, pou nou vi-n nan louanj gloua li, nou minm ki davans té espéré nan Kris la. Nan li minm nou minm tou, lè nou té tandé paròl vérité-a, Bòn Nouvèl sovè nou sovè-a, nou té kouè antan nou té maké ak mak Éspri-Sin-an yo

té promèt nou-an, li minm ki garanti éritaj nou-an, nan rédanmsion n-ap jouinn nan, nan louanj gloua li-a.

Paròl Granmèt la.

3

Antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi pa lintèmediè Kris la.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo

3, 12-17

Frè-m yo :

Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, épi li rinmin, ak zantray mizèrikòd, ak bon kè, ak umilité, ak dousè, ak pasians, antan nou youn sipòté lòt, épi antan youn padonnin lòt, si youn gin kont ak lòt : jan Granmèt la padonnin nou, konsa nou minm tou.

Anlè tout bagay sa yo minm : rinmin-an, sé li minm ki chinn nan ki fè tout bagay fi-n bon nèt la ; sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou, sé nan li yo rélé nou pou nou fè yon sèl kò ; sé pou nou rann gras.

Paròl Kris la, sé pou-l abité nan nou jous l-ap débodé, antan nan tout kalité sajès youn ap bay lòt ansègnman épi antan youn ap réprann lòt, avèk psòm, imn, kantik spirituèl, antan nan gras la n-ap chanté pou Bondié nan kè nou.

Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi pa lintèmediè-l.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

1 Kronik 29, 10 bc. 11. 12 (R: 13 b)

R: N-ap fè louanj pou non-ou ki ékstraòdinè-a, Granmèt.

¹⁰ Konpliman pou ou, Granmèt Bondié Israèl, papa nou, sot nan sièk tan al nan sièk tan. **R:**

¹¹ Sé pou ou Granmèt, grandè ak pouvoua, ak gloua, ékla, majésté ;
tout bagay réyèlman ki nan sièl la ak sou tè-a, sé pou ou yo yé.
Pou ou, Granmèt, péyi-roua-a,
épi ou minm ou lévé anlè kòm chèf sou tout bagay. **R:**

- 12 Sé nan ou richès ak gloua soti ;
 Ou-ap kòmandé tout bagay,
 nan min-ou sé fòs ak pouvoua,
 nan min-ou sé fè tout bagay vi-n gran épi vi-n solid. **R:**

2

PSÒM RÉPONS

Ps 112, 1-2. 3-4. 5-6. 7-8 (**R:** : 2)

R: Sé pou non Granmèt la béni pou tout tan.

oubyin : Alélouya.

- 1 Fè louanj, ti moun Granmèt la,
 fè louanj non Granmèt la.
 2 Sé pou non Granmèt la béni
 dépi koulié-a ak pou tout tan. **R:**
- 3 Dépi sot olévan jous rivé okouchan,
 non Granmèt la mérité louanj.
 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo,
 anlè sièl yo gloua li yé. **R:**
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
 ki abité nan rotè yo,
 6 ki panché pou-l voyé jé
 nan sièl la ak sou tè-a ? **R:**
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a,
 antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo,
 avèk chèf pèp li-a. **R:**

3

PSÒM RÉPONS

Ps 137, 1-2 a. 2 bc-3. 4-5 (**R:** : 2 bc)

R: M-ap fè louanj pou non-ou
 poutèt mizérikòd ou ak vérité-ou.

- 1 M-ap fè louanj ou, Granmèt, ak tout kè-m,
 paské ou tandé paròl bouch mouin.
 Dévan fas anj yo m-ap chanté pou ou,
 2 m-ap adoré nan tanp ou-a ki sin-an. **R:**
- M-ap fè louanj pou non-ou
 poutèt mizérikòd ou ak vérité-ou,
 paské ou fè promès ou-a dépasé tou sa yo konnin sou ou.
 3 Ninpòt ki jou mouin rélé-ou ou réponn mouin ;
 ou-ap multiplié fòs nan nanm mouin. **R:**

- 4 Y-ap fè louanj ou, Granmèt, tout roua sou tè-a,
paské yo tandé promès bouch ou.
5 Y-ap chanté chémin Granmèt la,
paské gloua Granmèt la gran. **R:**

4

PSÒM RÉPONS

Ps 144, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (**R:** : 1 b)

- R:** M-ap fè konpliman pou non-ou, Granmèt, pou tout tan.
2 Chak jou m-ap fè konpliman pou ou,
m-ap fè louanj pou non-ou,
pou tout tan ak tout tan gin tan.
3 Granmèt la gran, li mérité anpil louanj,
yo pa kapab sondé grandè-l. **R:**
4 Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li, bay yon lòt jénérasyon,
y-ap rakonté pouvoua-ou.
5 Grandè gloua majesté-ou, y-ap déklaré-l,
mèvyè ou yo, y-ap rakonté yo. **R:**
6 Y-ap di puisans ou ki térib,
épi y-ap rakonté grandè-ou.
7 Y-ap déklaré souvni dousè-ou k-ap débòdé,
y-ap fété poutèt jistis ou. **R:**
8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd,
li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
9 Granmèt la bon pou tout moun,
pitié-l yo sou tou sa-l fè. **R:**
10 Sé pou yo fè louanj ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ;
sé pou sin-ou yo fè konpliman pou ou.
11 Gloua péyi-roua-ou la, sé pou yo déklaré-l,
pouvoua-ou, sé pou yo anonsé-l. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Ps 65, 16

- (**R:** Alélouya). Vini, kouté, m-ap rakonté,
tou sa Granmèt la fè pou nanm mouin. (**R:** Alélouya).

2

Ps 137, 1bc

(R: Alélouya). M-ap fè louanj ou, Granmèt, ak tout kè-m,
paské ou kouté paròl bouch mouin. (R: Alélouya).

3

Cf. Mt 11, 25

(R: Alélouya). Konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl ak tè-a,
paské ou révéle mistè péyi-roua-a bay sa-k tou piti yo. (R: Alélouya).

4

Lk 1, 49

(R: Alélouya). Paské li fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki gin pouvoua-a,
non-l sin. (R: Alélouya).

5

Jan 15, 11

(R: Alélouya). Mouin di nou bagay sa yo,
pou kè kontan-m nan kapab nan nou,
pou kè kontan nou-an réalize nèt. (R: Alélouya).

6

Éf 1, 3

(R: Alélouya). Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
li minm ki béni nou ak tout kalité bénédiksion spirituèl
nan sièl la nan Kris la. (R: Alélouya).

7

1 Tés 5, 18

(R: Alélouya). Nan tout sikonstans sé pou nou di Bondié mèsi :
sa sé volonte Bondié nan Kris Jézu pou nou tout. (R: Alélouya).

8

(R: Alélouya). N-ap fè louanj ou Bondié, n-ap déklaré grandè-ou Granmèt
sou tout fas tè-a sint Égliz la ap déklaré grandè-ou. (R: Alélouya).

ÉVANJIL

1

Tout moun ki mandé, l-ap jouinn.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

7, 7-11

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Mandé, y-ap ba nou ; chèché, n-ap jouinn ; frapé, y-ap louvri ba nou. Tout moun réyèlman ki mandé, l-ap résévoua ; sa-k chèché, l-ap jouinn ; sa-k frapé, y-ap louvri ba li.

Oubyin kilès moun nan pami nou, si pitit li mandé-l yon pin, èské l-ap lonjé yon ròch ba li ? Oubyin si-l mandé yon pouason, èské sé yon sèpan l-ap lonjé ba li ? Si donk nou minm, malgré nou mové-a, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, pi plis toujou Papa nou ki nan sièl yo ap bay moun k-ap mandé-l yo sa ki bon yo ».

Paròl Granmèt la.

2

Ou té kaché bagay sa yo pou saj yo épi ou té révéle yo bay ti moun piti yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

11, 25-30

Lè sa-a antan Jézu pran laparòl, li té di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou saj yo ak sa-k gin ladrès yo, épi ou té révéle yo bay ti moun piti yo.

Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi. Papa-m té rinnèt mouin tout bagay, pèsonn pa konnin Pitit la, sof Papa-a ; ni pèsonn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révéle sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou.

Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin piti nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjé ».

Paròl Granmèt la.

3

Anonsé yo tou sa Granmèt la fè pou ou.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

5, 18-20

Lè sa-a :

Pandan Jézu ap monté nan batiman-an, mésié-a démon-an té konn ap maltrété-a priyé-l, pou-l akonpagné-l.

Li pa aksépté-l, min li di-l : « Al lakay ou kot moun ou yo, anonsé yo tout sa Grammèt la fè pou ou, kijan-l gin pitié pou ou ».

Li pati, li kòmansé préché nan Dékapòl la tou sa Jézu té fè ; tout moun té sézi.

Paròl Grammèt la.

4

Nanm mouin ap fè louanj Grammèt la.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

1, 39-55

Jou sa yo, antan Mari lévé, li pati al nan mòn yo byin vit, nan yon vil Juda. Li antré nan kay Zakari, li salué Élizabèt.

Rivé, lè Élizabèt tandé salutasion Mari-a, ti pitit la dansé nan vant li, Élizabèt vi-n plin ak Éspri Sin-an, li rélé byin fò, li di :

« Ou béni pasé tout fi ; li béni tou, frui vant ou-a. Koté sa soti pou mouin, pou manman Grammèt mouin-an vi-n vizité-m ? Gadé, réyéman lè voua salutasion-ou nan rivé nan zòrèy mouin yo, ti pitit la dansé nan vant mouin ak kè kontan. Ala kontantman pou ou, poutèt ou té kouè sa Grammèt la voyé di-ou yo, y-ap rivé vré ».

Mari di :

« Nanm mouin ap fè louanj Grammèt la, éspri-m ap fété nan Bondié sovè mouin-an, paské li voyé jé sou pòv sèvant li-a.

Gadé vré dépi koulié-a tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin : paské li fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki gin pouvoua-a, non-l sin, mizérikòd li sot nan ras al nan ras pou moun ki krinn li yo.

Li mété fòs nan bra-l, li gayé sa-k té gin ògèy nan léspri kè yo-a ; li dépozé sa-k gin pouvoua yo sot sou tro-n nan, li lévé piti yo ; sa-k grangou yo, li plin yo ak byin, rich yo li ranvouayé yo grangou.

Li soutni Israèl, sèvitè-l, antan-l sonjé mizérikòd li-a, jan-l té palé ak papa nou yo, Abraam ak ras li-a pou tout tan ».

Paròl Grammèt la.

5

Fè kè nou kontan paské non nou ékri nan sièl yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

10, 17-24

Lè sa-a :

Souasanndouz yo tounin avèk kè kontan, antan y-ap di : « Grammèt, minm démon yo, yo obéyi nou o non-ou ».

Li di yo : « Mouin té ouè Satan tankou zèklè ki t-ap tonbé sot nan sièl la. Min mouin ba nou pouvoua pou nou maché sou sèpan ak skòpion ak sou tout puisans ènmi-an, épi anyin pap fè nou sa-k mal. Sèlman sé pa poussa pou nou fè kè nou kontan, poutèt éspri yo obéyi nou-an ; sé pou nou fè kè nou kontan pito paské non nou ékri nan sièl la ».

Nan minm lè sa-a li trésayi nan Éspri-Sin-an, li di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou saj yo ak sa-k gin ladrès yo, épi ou té révélé yo bay sa ki tou piti yo. Oui, Papa, sé konsa sa té fè-ou plézi. Papa-m rinnèt mouin tout bagay. Pèsonn pa konnin sa Pitit la yé, sof Papa-a, épi sa Papa-a yé, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révélé sa ».

Antan-l viré kot disip li yo, li di : « Ala kontantman pou jé yo ki ouè sa n-ap ouè yo ; paské mouin di nou anpil profèt ak roua té vlé ouè sa n-ap ouè yo, min yo pa-t ouè-l, épi tandé sa n-ap tandé yo, min yo pa-t tandé-l ».

Paròl Granmèt la.

6

Li tonbé sou fas li dévan pié Jézu, antan l-ap di-l mèsi.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

17, 11-19

Lè sa-a :

Rivé, pandan Jézu t-apral Jérusalèm, li t-ap travèsé nan mitan Samari ak Galilé.

Pandan l-ap antré nan yon bouk, gin dis lépré ki vi-n dévan-l, yo kanpé byin louin, yo lévé voua yo, antan yo di : « Jézu, Mèt, pitié pou nou ».

Lè-l ouè yo, li di : « Alé, fè prêt yo ouè nou ». Rivé, pandan y-apralé, yo purifié.

Youn nan yo, lè-l ouè li géri, li tounin antan l-ap rélé byin fò, l-ap fè konpliman pou Bondié ; li tonbé sou fas li dévan pié Jézu, antan l-ap di-l mèsi : épi sa-a sé té yon Samaritin.

Antan Jézu pran laparòl, li di : « Èské dis yo pa-t purifié ? É nèf yo koté yo ? Yo pa jouinn ki tounin pou bay Bondié gloua, sof étranjé sa-a ? »

Li di-l : « Lévé, alé, paské lafoua-ou sovè-ou ».

Paròl Granmèt la.

7

*Sa mouin kòmandé nou, sé pou nou youn rinmin lòt.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

15, 9-17

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Minm jan Papa-a rinmin-m nan, mouin minm tou mouin rinmin nou. Rété nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan, minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan.

Bagay sa yo, mouin di nou yo, pou kè kontan-m nan nan nou, épi pou kè kontan nou-an akonpli.

Sa-a sé kòmandman-m nan : pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pèsonn pa rinmin pi plis pasé moun ki bay lavi-l pou zanmi-l nan.

Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou yo. Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, paské sèvitè-a pa konnin sa mèl li ap fè ; min mouin rélé nou zanmi, paské tou sa-m tandé kot Papa-m, mouin fè nou konnin yo.

Sé pa nou minm ki chouazi-m ; min sé mouin minm ki chouazi nou, mouin mété nou, pou nou alé, pou nou donnin frui, pou frui nou-an duré ; pou ninpòt ki sa nou mandé Papa-a o non-m li ba nou-l.

Sa mouin kòmandé nou, sé pou nou youn rinmin lòt ».

Paròl Granmèt la.

8

*Kè kontan nou-an, pèsonn pap ouété-l sot nan nou.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

16, 20-22

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Amèn, amèn, mouin di nou, n-ap plinn, n-ap kriyé, tè-a minm ap nan kè kontan. N-ap gin lapinn, min lapinn nou-an ap vi-n tounin kè kontan.

Yon madanm k-ap anfanté, li nan lapinn, paské lè-l rivé ; min lè-l fi-n fè pitit la, li pa sonjé soufrans la ankò akòz kè kontan-an, paské yon moun fèt sou tè-a.

Konsa nou minm tou koulié-a nou gin lapinn ; min m-ap oué nou ankò, kè nou ap kontan, kè kontan nou-an, pèsonn pap ouété-l sot nan nou ».

Paròl Granmèt la.

* * *

GID LÉKTU YO
dapré lòd Liv ki sin yo
 Rituèl pou sélébré Mariaj la

<i>Référans</i>	<i>Paj</i>
Jénèz 1, 26-28. 31 a	21, 97
Jénèz 2, 18-24	97
Jénèz 24, 48-51. 58-67	98
1 Roua 8, 55-61	121
Tobi 7, 6-14	99
Tobi 8, 4 b-8	100
Provèb 31, 10-13. 19-20. 30-31	100
Kantik 2, 8-10. 14. 16 a ; 8, 6-7 a	101
Sirasid 26, 1-4. 16-21	101
Sirasid 50, 24-26	122
Izayi 63, 7-9	122
Jérémi 31, 31-32 a. 33-34 a	102
Ozé 2, 21-26	87
Sofoni 3, 14-15	122
Matié 5, 1-12 a	115
Matié 5, 13-16	116
Matié 7, 7-11	128
Matié 7, 21. 24-25	117
Matié 7, 21. 24-29	116
Matié 11, 25-30	128
Matié 19, 3-6	23, 117
Matié 22, 35-40	118
Mark 5, 18-20	128
Mark 10, 6-9	118
Luk 1, 39-55	129
Luk 10, 17-24	129
Luk 17, 11-19	130
Jan 2, 1-11	118
Jan 15, 9-12	86, 119
Jan 15, 9-17	131
Jan 15, 12-16	119
Jan 16, 20-22	131
Jan 17, 20-23	120
Jan 17, 20-26	120
Romin 8, 31 b-35. 37-39	102
Romin 12, 1-2. 9-13	103
Romin 12, 1-2. 9-18	103

Romin 15, 1b-3a. 5-7. 13	104
1 Korintyin 1, 3-9	123
1 Korintyin 6,13 c-15 a. 17-20	104
1 Korintyin 12, 31-13, 8 a	105
1 Korintyin 13, 4-13	86
Éfézyin 1, 3-14	123
Éfézyin 4, 1-6	105
Éfézyin 5, 2 a. 21-33	106
Éfézyin 5, 2 a. 25-32	22
Filipyin 2, 1-5	87
Filipyin 4, 4-9	107
Kolosyin 3, 12-17	107, 124
Ébré 13, 1-4 a. 5-6 b	108
1 Jan 3, 18-24	109
1 Jan 4, 7-12	109
1 Piè 3, 1-9	108
Apokalips 19, 1. 5-9 a	110

GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Ps 32, 12 é 18. 20-21. 22 (R/ : 5 b)	111
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9 (R/ : 2 a oubyin 9 a)	111
Ps 102, 1-2. 8 é 13. 17-18 a (R/ : 8 a oubyin 17)	112
Ps 111, 1-2. 3-4. 5-7 a. 7 bc-8. 9 (R/ : cf. 1)	112
Ps 112, 1-2. 3-4. 5-6. 7-8 (R/ : 2)	125
Ps 127, 1-2. 3. 4-5 (R/ : cf. 1 oubyin 4)	113
Ps 127(128), 1-2. 3. 4-5ac é 6a (R/ : 4)	21
Ps 137, 1-2 a. 2 bc-3. 4-5 (R/ : 2 bc)	125
Ps 144, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (R/ : 1 b)	126
Ps 144, 8-9. 10 é 15. 17-18 (R/ : 9 a)	87, 113
Ps 148, 1-2. 3-4. 9-10. 11-13. 13 c-14 a (R/ : cf. 13 a)	114
1 Kronik 29, 10 bc. 11. 12 (R/ : 13 b)	124

GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Ps 65, 16	126
cf. Ps 133(134), 3	22
Ps 137, 1 bc	127
Cf. Mt 11, 25	127
Lk 1, 49	127
Jan 15, 11	127
Éf 1, 3	127
1 Tés 5, 18	127
1 Jn 4, 7 b	115
1 Jn 4, 12	115
1 Jn 4, 16	115
cf. 1 Jn 4, 16 b. 12. 11	23
N-ap fè louanj ou Bondié, n-ap déklaré grandè-ou Granmèt	127

GID

Dèkrè Kongrégasyon pou Kult Bondié-a ak Disipli-n Sakrèman yo	7
Dèkrè Sakré Kongrégasyon Rit yo	8
Sa pou yo noté anvan	9
CHAPIT I Òrdo pou sélébré Mariaj la anndan Mès la	19
CHAPIT II Òrdo pou sélébré Mariaj la san Mès	31
CHAPIT III Òrdo pou sélébré Mariaj la dévan yon asistan layik	43
CHAPIT IV Òrdo pou sélébré Mariaj la ant yon pati katolik avèk yon pati ki katékumèn oubyin ki pa krétyin	54
CHAPIT V Divès tèks yo kapab anplouayé nan rit Mariaj la avèk nan Mès « pou moun k-ap marié yo »	63
APINDIS	
I. Modèl priyè univèsèl	81
II. Òrdo bénédiksyon fiancé yo	84
III. Òrdo bénédiksyon épou yo pou anplouayé anndan Mès la alokasyon anivèsè Mariaj yo	91
<hr/>	
DÉGI Léktu Biblik yo	97
Gid jénéral léktu yo	133
<hr/>	
GID	137

Printed in Italy
by
SIT Società Industrie Tipolitografiche
Dosson di Casier - Treviso (Italy)
www.tipsit.it

